dinuta sri naranata,
nimbali jengandika,

ki Jalena malih muwus,
wit kula angungu warta.

41. Kawontenaning nagari,
myang kaluhuraning nata,
kula atatanya mangke,
karsanira sri narendra,
mring kawula sadaya,
tuwin kawontenanipun,
jro pura kularsa wikan.
42. Samana gandhek mangsuli,
kawontenanira nata,
myang jro pura sakabehe,
datan ana kaliwatan,
purwa madya wusana,
ki Jalena dhamang sampun,
kawarnaa lampahira.
43. Wus prapta jroning nagari,
risaksana manjing pura,
sowan sri nata ngarsane,
ki Jalena ngestu pada,
sang nata ngandika,
bageya kaki tekamu,
ki Jalena matur nembah.
44. Pangestu dalam sang aji,
kapundhi kalinggamurda,
lampah ulun ing margane,
wit pangestu dalam nata,
datan wonten rubeda,
miwah kasangsayeng enu,
sri naranata ngandika.
45. Marma kaki sun timbali,
prapta neng ngarsa manira,
sun arsa tatanya mangke,

kaki ywa sandeyeng driya,
myang amandaka sira,
kudu balaka sadarum
kang becik lawan kang ala.

46. Kaangningsun puniki,
gyaningsun jumeneng nata,
apa ta tulus ing tembe,
miwah kasugiyaningwang,
tan ana rubedanya,
kang kamot jroning primbonmu,
miwah falakiyahira.
47. Lawan ingsun tanya malih,
kasugiyon lan kawignyan,
nalar ngelmu sakabehe,
iku sing tibanganira,
dwi prakara punika,
apa kasugiyonipun,
kang kasor dening kawignyan.
48. Apa ta kawignyaneki,
kasor dening kasugiyon,
kaki gya batangen age,
kyai Jalena tur sembah,
sumangga sri narendra,
mundhuta sarananipun,
puja-puji pujamantra.
49. Supadyenggal antuk wangsit,
sasmitanira Jawata,
yen amba matek pujine,
datan supa yekti srana,
menyan kang warni seta,
myang manah ayam kang mulus,
seta atanapi kresna.
50. Saha nyelap ingkang sisik,

yen srana sampun mirantya,
nunten keksi saesthine,
yekti katingal pramana,
cetha awela-wela,
awon lan sae puniku,
sri narendra ngutus sigra.

51. Pra wadya kang sami kemit,
angupaya lir kang dadya,
kyai Jalena ature,
tan dangu samakteng ngarsa,
saguning kang sarana,
sesaji-saji sadarum,
wus banjeng neng papajangan.
52. Nujum ki Jalena nuli,
angranggep kang menyan seta,
binasmi ing padupane,
urubira kantar-kantar,
miwah angalad-dalad,
nulya tyasing ayam mulus,
linawed wus paripurna.
53. Gya tinunu jroning geni,
kumelun muleg kang pega,
enggal anyandhak primbone,
linurupan wastra pethak,
saksana kenutugan,
aneng saruhuring kukus,
dupa miwah manah ayam
54. Binuka winaca ririh,
clumik-clumik ki Jalena,
sakedhap den tangkebake,
sru matur mring sri narendra,
kamot neng primbon amba,
yekti wangsiting Dewa-gung,
makaten ingkang sasmita.

55. Pukulun sri narapati,
tulus umadeg narendra,
datan wonten rubedane,
tumerah mring putra wayah,
tan kacupetan karsa,
kadunungan ing brana gung,
tinenggan gunging kabegjan.
56. Dene kasugiyen yekti,
tan kasor dening kawignyan,
nalar-nalar sadayane,
ngelmu tuwin rekadaya.
tanapi ing kagunan,
wus kathah kupiyanipun,
janma ingkang sugih bandha.
57. Sakarsa-karsa amasthi,
kalampahan sedyanira,
wit sampun darbe picise,
nging janma tan kadunungan,
bandha myang rajabrana,
nadyan pinter nalar putus,
sayekti datanpa daya.
58. Sang prabu sareng miarsi,
aturira ki Jalena,
dahat suka wardayane,
myang kapanujon ing karsa,
condhong ingkang sasmita,
lan panglocitaning kalbu,
dadya tan mamang sri nata.

III. SINOM

1. Samana sri naranata,
anyipta yen wus patitis,
pambatange ki Jalena,
tuhu nujum ingkang sidik,

tan ana kang nalisir,
pamanggihira sang prabu,
nulya aris ngandika,
kaki nujum karsa mami,
sira aywa mulih maring ngasramanta.

2. Wismaa jroning nagara,
caketa kalawan mami,
dadya ing samangsa-mangsa,
kalamun ingsun timbali,
sireku datan tebih,
lumaku sowan ngarsengsun,
kaki sira wus tuwa,
yen tebih denta lumaris,
yekti kathah sangsayanira neng marga.
3. Ki Jalena matur nembah,
parimarma dalem gusti,
kapundhi kalingga murda,
cinancang pucuking weni,
wah sembah nuwun gusti,
amba andherek sadhawuh,
nging masamba samangkya,
nyuwun lilah sri bupati,
kalilana mantuk mring pratapan amba.
4. Dwi candra kewala cekap,
yun masrahken ingkang panti,
asrama mring cantrik amba,
kang kenging den pitayani,
nulyamba wangsul malih,
sowan mring ngarsa sang prabu,
sang naranata ngandika,
becik karepira kaki,
tanlyan amung ingsun nyangoni raharja.
5. Sang nata maringi sigra,
de mangka srana neng margi,

barana tapi arta,
sri narendra andhawuhi,
juga wadya kang kemit,
kinen angeterken gupuh,
lampahe ki Jalena,
mantuk mring asramaneki,
ki Jalena amit nembah nulya mentar.

6. Saundure ki Jalena,
sri narendra animbali,
mring abdidalem kemasn,
Yasaguna wastaneki,
sang nata ngandika ris,
ing endi prayoganipun,
sun arsa yasa wisma,
bakal sun paringken maring,
kaki nujum sing tirahing ardi Murya.
7. Yasaguna matur nembah,
Pukulun jeng sri bupati,
kajawi karsa sang nata,
prayogi ngupaya siti,
kang dereng den enggeni,
wisma janma sanesipun,
sang nata ngandika,
becik karepira iki,
nanging mangkya ngendi ana lemah sela.
8. Kabeh wus den degi wisma,
janma sajroning nagari,
nging mangkya karsa manira,
ki nujum dimen papanti,
aneng jroning nagari,
caketa lan jenengingsun,
dadya samangsa-mangsa,
sun timbali aglis rapti,
lawan malih ki nujum iku wus tuwa.

9. Dadya tan kuwat lampahnya,
yen tebih dennya lumaris,
Yasaguna matur sembah,
kasinggihan jeng dewaji,
ing sakethenging nagri,
kilen wonten sitinipun,
tan wonten wismanira,
kalebet jroning nagari,
sing pamanggih amba punika prayoga.
10. Sang nata aris ngandika,
lamun mangkono prayogi,
rembugen sakancanira,
wah abdinipun undhagi,
nulya karya aaglis,
wisma saprayoganipun,
samana yasaguna,
anulya parentah aglis,
timbanganya sang prabu akarsa wisma.
11. Catur welas ari dadya,
dennira akarya panti,
sadaya pan wus mirantya,
miwah sarerengganeki,
kacarita watawis,
dwi candra ki Jalena wus,
prapteng ngarsa sang nata,
sri narendra dhawuh aglis,
maring abdi kapedhak kinen ngirida.
12. Nujum mring wisma punika,
Yasaguna tumulya glis,
angirid kyai Jalena,
tanna dangi sampun prapti,
lajeng den acarani,
kyai Jalen lumebu,
sawusira mangkana,

Yasaguna nulya amit,
lajeng wangsul sowan malbeng dalem pura.

13. Ki Jalena dahat suka,
antuk sihira narpati,
saha kerep tinimbalan,
sowan malbeng dalem puri,
dadya ing lami-lami,
wit sing ature ki nujum,
denira amrayoga,
mring karsanya sri bupati,
salin slaga panggalihira sang nata.
14. Gantya ingkang winursita,
lampahe rekyanapatih,
wus prapta ing kapatiyan,
jujug madyaning pandhapi,
lenggah kursi pribadi,
datan ana rewangipun,
mangkana kya patya,
ngunandika jroning galih,
kadiparan karsanira sri narendra.
15. Apa kang dadya karana,
sun sowan ngarsa sang aji,
datan kadya sabanira,
kalamun sun den timbali,
sawusnya sowan nuli,
ngandikan kang prelu-prelu,
barang rehing nagara,
aparing kang pamrayogi,
sawusira gya ngandika kathah-kathah.
16. Nging mengko jeng sri narendra,
datan kadya nguni-uni,
sun sowan ing ngabyantara,
wusing rampung kang prakawis,
timbangan sri bupati,

nulya ingsun kinen wangsul,
tan karsa angandikan,
kadya saban duking nguni,
kyana patya dahat emeng king wardaya.

17. Kyana patih sigra-sigra,
angutus abdi nimbali,
Kartimaya kadangira,
wusing prapta ngarsa patih,
kya patya nabda aris,
pun kakang sami rahayu,
wus lami tan pinanggya,
kula sanget ngarsi-arsi,
ngantya lama wonten daruna punapa.
18. Kartimaya nulya nabda,
saking pangestunta yayi,
sadaya sami raharja,
datan wonten kawis-kawis,
de kula ngantos lami,
lan paduka datan pangguh,
tan wonten daraunanya,
mung kedhik pakewed mami,
lamun kula sowan mring ngarsa paduka.
19. Wit kula tiyang mardika,
sasat datan darbe kardi,
ugi anggarap pakaryan,
sing kajeng kula pribadi,
nging paduka papatih,
warangka jeng sang sri mulku,
yen tan wonten prakara,
sadayanya kang wigati,
lawan malih yen paduka tan utusan.
20. Ajrih sowan mring paduka,
bok lagya anggarap kardi,
ayahan dalem sang nata,

tuwin mranata nagari,
ki patih nabda aris,
datan makaten puniku,
rehing sanak priyanga,
ywa ngantya na ika-iki,
mangkya sanes kang kula rembag punika.

21. Kya patih gya asung warta,
duk nalika den timbali,
sowan ngabyantara nata,
purwa madya myang mekasi,
dadya emenging galih,
tan wikan karananipun,
amrih yen manggih duka,
Kartimaya matur aris,
ywe- menging tyas prakawis kenging den natat.

22. Nguni punapa paduka,
sampun andarbeni sisip,
tumrap jeng sri naradipa,
mangke dhumawah kang runtik,
ki patih amangsuli,
de saking rumaos inggun,
wus lama angawula,
lagya sapisan puniki,
nanging datan wikan kang dadya katurat.

23. Kartimaya nulya nabda,
lamun makaten puniki,
saking timbangan kawula,
bokmanawi sri bupati,
wonten ingkang den galih,
utawi sekel ing kalbu,
kalamun makatena,
ywa paduka sanget kingkin,
yekti mangkya datan wonten gulasawa.

24. Kyana patih alon nabda,

kakang den rewang-rewangi,
anunuwun mring Jawata,
ywa ngantya na ingkang runtik,
tanapi urun kardi,
rembag myang nalar sawegung,
prakara kang wigatya,
miwah ingkang sungil-sungil,
datan amung kula pasrah mring pun kakang.

25. Kartimaya aris turnya,
ywa paduka walanggalih,
yekti kula urun puja,
nunuwun mring Dewa luwih,
mrih karaharjan sami,
pirembag nalar sadarum,
tinempuhna pun kakang,
prakara kang sungil-sungil,
yekti kasor dening ahli ngrekadaya.
26. Lega tyasira ki patya,
antuk panglipuran yakti,
ayem tentrem kang wardaya,
asrep lir siniram warih,
tandya nglociteng galih,
kakang Kartimaya iku,
sujana myang sarjana,
pintere ngedap-ngedapi,
Kartimaya gya rinangkul jangganira.
27. Nulya akakanthen asta,
tindak-tindak jro cepuri,
ngandikan saurut marga,
ngantya baskara wus lingsir,
akembul dhahar nuli,
Kartimaya datan kantun,
lenggahira ajar,
ki patya sanget denya sih,
sawusira linilan mantuk mring wisma.

28. Ya ta ingkang winursita,
anujwa ari Respati,
karsanira sri narendra,
miyos siniweng sitinggil,
kadya ing sabaneki,
ngrasuk busana sang prabu,
ngagem ponang makutha,
runukmi myang ngagem sumping,
praba ngayun winangun paksi garuda.
29. Jamang kalung sungsun tiga,
calana cindhe mantesi,
dodotira parang rusak,
piningset renda rinikmi,
ngagem wangkingan adi,
wanci tabuh sadasa wus,
sang nata siniwaka,
lenggah dhampar kancana-di,
ginarebeg manggung cethi myang keparak.
30. Ngampil-ampil upacara,
banyak dhalang sawunggaling,
ardawalika kancana,
pra wadya bala sumiwi,
pepak ngarsa sang aji,
kyana patih munggeng ayun,
wingkingken pra bupati,
miwah kang punggawa mantri,
ambalabar sowan aneng pagelaran.
31. Sang prabu angandika,
mring daya yuda kya patih,
paman patih kadiparan,
tata tentreming nagari,
myang pra kawula mami,
apa ta na kurangipun,
kya patih matur nembah,

pukuhin sri narapati,
barikah dalam tan wonten ingkang kuciwa.

32. Sang nata malih ngendika,
seje kang sun rembug patih,
mungguh gyan sun madog nata,
neng Karanewilara nagri,
pamewasira patih
apa kukuren garipus,
myang apa kang kuciwa,
glis matawa parwa patih,
ngendi praja mubangi klukuraningwang.

33. Lan malih mungguhing bandha,
kasugiyening sun iki,
kabeh ratu liyan praja,
apa ana kang padhami,
ki puya mawar ing,
pukuhin jeng sri mulku,
tan wonten kuciwa nya,
gyan pokuhin wadigaji,
banathara nyekrowatya baudhendha.

34. Ratu liyan praja samowa,
sunungken jeng sri bupati,
li winangsit ing lawata,
nungkule sawiji wiji,
tan pinanggih ing jati,
kaprabaweng jeng sri mulku,
tan wonten nyamunana,
kaluhuman dalam gusti,
liyan praja ing tawak ngriki sadaya.

35. Menggah kasugiyen tuwan,
rajabarana mas picis,
yekti englangkungi kathah,
tan kenging laruan winilis,
makaten ugi gusti,

salami ngagesang ulun,
sayekti dereng wikan,
dhateng rajabarana-di,
kathahira kalangkung-langkung punika.

36. Tan wonten kalih sri nata,
kadya jeng sri narapati,
ratu agung binathara,
sugih bandha emas picis,
tan wonten animbangi,
gusti kawula sang prabu,
samana sri narendra,
miyarsa aturing patih,
dahat suka ing driya marwata suta.
37. Sang nata mesem ngandika,
ingsun karsa tanya malih,
mung dwi prakara kewala,
batangen ingkang patitis,
aywa ngantya nalisir,
kaprahe janma sawegung,
myang kathahnya kupiya,
kang wus kalampahan nguni,
iya iku kasugiyana lan kawignyan.
38. Nalar tuwin rekadaya,
kagunan tanapi ngelmi,
paman patih kadiparan,
sing ciptanira pribadi,
ywa dora paman patih,
matura sabeneripun,
myang pakewuhing driya,
aturira marang mami,
salah siji paman endi kang kasoran.
39. Lawan ingkang luwih guna,
migunani mring pra janmi,
mangkana rekyana patya,

legeg tyasira tan sipi,
dangu tan bisa angling,
kaweken denya umatur,
ruwet jroning wardaya,
myang sandeyeng tyas kya patih,
pan mangkana panyiptanira ing driya.

40. Lamun manira matura,
kasugiyen kasor dening,
kawignyan myang rekadaya,
nalar atanapi ngelmi,
sayekti antuk runtik,
awit gusti jeng sri mulku,
narendra sugih bandha,
lamun kawignyan myang ngelmi,
myang kagunan kasor dening kasugiyen.
41. Temene datan kasoran,
dadya umatur ki patih,
pukulun sri naranata,
amba nyuwun gung aksami,
nyuwun inah tri ari,
ngunjuki atur sang prabu,
wit prakawis punika,
sayekti kalamun sungil,
lamun datan ginilut jroning wardaya.
42. Yen den piyagah kewala,
manut embyaking prajanmi,
makaten upaminira,
dereng mesthi bener becik,
awit wonten prakawis,
wus kaprah janma sawegung,
linampahan sadaya,
tumurun sing kaki nini,
sayektinya manawi den rasa-rasa.
43. Sadaya datan prayoga,

mung nurutken nguni-uni,
 tan saged angrekadaya,
 ngupaya ingkang prayogi
 makaten sri bupati,
 wasitanira janma gung,
 sang nata angandika,
 kalamun mangkono patih,
 benjang ari Soma kewala matura.

44. Wus madya ari samana,
 anulya sri narapati,
 tedhak saking siniwaka,
 kondur maring dalem puri,
 ginrebeg para cethi,
 keparak myang para manggung,
 kang ngampil upacara,
 dherek malbeng dalem puri,
 kyana patih mijil sabangsal witana.

IV. MIJIL

1. Wadya bala kang samya anangkil,
 ngarsanya sang katong,
 mulih marang wisma dhewe-dhewe,
 cinarita lampah kyapatih,
 datan dangu prapti,
 kapatiyan sampun.
2. Kyana patya tumuli alinggi,
 kursi jroning gedhong,
 dheleg-dheleg kraos jro galihe,
 anggagas mring dhawuhnya sang aji,
 jrih tumibeng sisip,
 amanggih bebendu.
3. Dahat emeng tyasira ngrahni,
 kang riwe gumrobyos,
 dereng ngantya santun busanane,

ing kang garwa kagyat jroning galih,
mulat mring kya patih,
nyana antuk bendu.

4. Dinukanan jeng sri narapati,
nulya matur alon:
kadiparan dadya darunane,
datan kadya saban-sabeneki,
kawula tingali,
emeng jroning kalbu.
5. Punapaa dinukan sang aji.
Kya patih nabdalon:
ora yayi apan mung mangkene,
ingsun mau sowan neng sitinggil,
sri nata tinangkil,
nulyeng sun tuk dhawuh.
6. Kinen batang dhawuhnya sang aji,
ywa ngantya tan condhong,
ing kang lumrah janma sakabehe,
myang kupiyanira ducing uni,
amung dwi prakawis,
kasugiyen iku.
7. Apa kasor kawignyan myang ngelmi,
nalar-nalaring wong,
tuwin reka daya sakabehe,
apa nalar kawignyan myang ngelmi,
ing kang kasor dening,
kasugiyen mau.
8. Kang mangkono pakewuh tyas mami,
mungguh aturingong,
kasugiyen kang den kalahake,
dening nalar kawignyan myang ngelmi,
jrih yen manggih runtik,
awit sang aprabu.

9. Sugih bandha emas lawan picis,
de lamun tur ingngong,
ngelmu nalar myang kawignyan kuwe,
kasor dening bandha lawan picis,
yektyeku nalisir,
mungguhing janma gung.
10. Dadya ingsun tan bangkit ngaturi,
pambatang sang katong,
nyuwun inah tri ari lamine,
yun sun rasa-rasa jroning ati,
endi kang prayogi,
ywa ngantyantuk bendu;
11. Benjang ari Soma ngarep iki,
den timbali ingngong,
sowan marang sri nata ngarsane,
kinen matur prakara puniki,
milih salah siji,
dwi prakara mau.
12. Ingkang garwa nulya matur malih:
kalamun mangkono,
sampun dados ruditeng galihe,
pan punika langkung dening gampil,
rembugen prayogi,
lan sadherek sepuh.
13. Kakang Kartimaya iku wasis,
ngluwihi gunging wong,
yekti cakut cakep sadayane,
datan wonten prakawis nalisir,
Mangkana kya patih mireng aturipun.
14. Ingkang garwa ayem ing panggali,
nulya nabda alon:
Sesuk bae ingsun timbalane.
Nulya patih malbeng dalem wingking,

kang garwa umiring,
kanthen asta sampun.

V. KINANTHI

1. Datan kawarna ing dalu,
tantara pan sampun enjing,
kyana patya wungu sigra,
angutus sajuga abdi,
animbali Kartimaya,
datan dangu sampun prapti.
2. Kyanapatih nabda arum :
Pun kakang sami basuki,
lamine datan pinanggya.
Kartimaya matur aris:
Saking pangestu paduka,
sadaya sami basuki.
3. Nanging kala winginipun,
anak kula kang wuragil,
pun Sumarya wistanira,
kataman roga benter tis,
pari marmaning Jawata,
kula antuk mausadi.
4. Sareng usada puniku,
kula tamaken kang sakit,
anak kula pun Sumarya,
datan ngaping kalih malih,
enjingira wus waluya,
sampun saged nambutkardi.
5. Kya patih malih nabda rum:
Sokur Sutanta wuragil,
wus waluya paripurna,
pulihan kadya wingiuni,
sampun bangkit nambutkarya,
dahat suka ing tyas mami.

6. Ing mangkya sanes rinembug,
kula tansah ngriribedi,
dados dumaske pun kakang,
marmantira kakang mugé,
angegungaken aksama,
aywa wonten ingkang runtik.
7. Kartimaya putya matur:
Boten dados kawis-kawis,
malah sanget suka bingah,
lamun paduka timbali,
sowan ing ngarsa paduka,
myang kula samanten ugi.
8. Nyuwun aksama kang agung,
sadaya ingkang nalisir,
tindak tanduking lukita,
kiranging kang tatakrami,
sampun ngantya dados duka,
myang andadosken panggalih.
9. Aywa pakuwed ing kalbu,
tuwin aywa walanggalih,
animbali mring pun kakang,
nadyan pun wonten prakawis,
ingkang kalangkung wigatya,
kya patih tandya wawarti.
10. Antuk dhawuhnya sang prabu,
kinen batang dwi prakawis,
kyanapatya paring pirsu,
miwiti malah mekasi,
myang kawekening tyasira,
aturnya mring sri bupati.
11. Kyanapatih malih muwus:
Kadipatun kakang iki,
sanget pakewed ing manah,
jrih kaluhun manggih sisip,

dadya dukanira nata,
asru turideng tyas mami.

12. Kartimaya mesem muwus:
Lidok atur kula nguni,
karsanira sri narendra,
samangke sampun kaeksi,
aywa rudahing wardaya,
anarbuka bab puniki.
13. Ing ngatasira janam gung,
nadyan sungil namung gampil,
kawekening tyas paduka,
amung jrih yen manggih sisip,
dhateng jeng sri narapatya,
wit sang nata iku sugih.
14. Panyipta paduka wau,
yen kasugiyen puniki,
kasor dening rekadaya,
kawignyan nalar myang ngelmi,
jrih kalamun manggih duka,
nging sayekti ta nalisir.
15. Kawignyan myang ngelmu-ngelmu,
rekadaya ingkang becik,
iku angel antukira,
kalamun datan nastiti,
tinetah sing timur mila,
sregep taberi patitis.
16. Puruita mring janma gung,
kang putus saliring ngelmi,
kawignyan myang nalar-nalar,
rekadaya ingkang becik,
amarsudi sabandina,
tansah ngulir ingkang budi.
17. Yen mengeng dennyu guguru,

yekti bakal tanpa kardi,
yeku mogol wastanira,
janma makaten puniki,
mring pakaryan datan arsa,
kesede ngedap-edapi.

18. Sumangkeyan lan kumenthus,
suthik kawon mring sasami,
nadyan rembugira nasar,
kasasar-sasar nalisir,
tan kanyana lamun salah,
seleh sungsatira tebih.
19. Pangakenira wus baud,
mumpuni saliring ngelmi,
ngungkuli gunging pra janma,
datan ana kang nyameni,
boten sanes lamun nabda,
ngatingalaken yen wasis,
20. Wonten paribasanipun,
kalenthing kang isi warih,
satengah utawi lokak,
masthi lamun dipun indhit,
kocrat-kacrit toyanira,
makaten ingkang upami.
21. Beda lan janma kang sampun,
mumpuni saliring ngelmi,
kawignyan myang nalar-nalar,
putus bontos tatas titis,
wasis saliring kagunan,
yekti iku tanpa sami.
22. De kasugiyen puniku,
tuhu lamun kasor dening,
kawignyan myang rekadaya,
nalar atanapi ngelmi,

sampun kathah kupiyanya,
sing wasitaning sujanmi.

23. Brana kang sugih brana gung,
emas atana pi picis,
nging tan darbe rekadaya,
nalar-nalar kan prayogi,
kawignyan sasaminira,
ngendelaken sugih picis.
24. Brana kinarya gulagul,
yekti sanget analisis,
samangsa bernartanira,
kenging rubedaning Gusti,
ical larut katerabas,
temah analangseng ati.
25. Kalara-lara ing kalbu,
saben ari mung amikir,
kengetan kala samana,
datan kober nambutkardi,
ngrudatin tanpa wasana,
tan bangkit ngupaya malih.
26. Enjing sonten ratri jetung,
wit tan darbe nalar tuwin,
ngrekadaya pulihira,
brana kang wus sirna nguni,
kagunan asepi sepa,
pakaryan datan udani.
27. Kajawi mung angen wedhus,
beberah mring liyan janmi,
ngarit miwah angupaya,
kajeng obong mring wanadri,
sinade jroning nagara,
punika kinarya bukti.
28. Kalamun makaten wau,

lingsem mring tangga tepalih,
awit ngudi sugih bandha,
datan kakirangan picis,
nulya pados pangengeran,
lyan janma kinarya abdi.

29. Beneh lawan sujanma gung,
wasis mring saliring ngelmi,
kawignyan myang rekadaya,
kagunan kang bener becik,
tan sumelang sirnanira,
rajabrana lawan picis.
30. Makaten ugi puniku,
datan ngebreh datan cethil,
kumed ugi datan arsa,
lebet wedaling kang picis,
sayekti lamun den nalar,
tumrap mring kang bener becik.
31. Wit bangkit ngupaya iku,
saking rekadaya tuwin,
kawignyan tanapi nalar,
sayekti datan nalisir,
kya patih sareng miyarsa,
ature sudara werdi.
32. Mesem nulya nabda arum:
Pun kakang yekti yen wasis,
datan ana kuciwanya,
prakara kang mungil sungil,
den nalar dadya tarwaca,
kula wau tan walanggalih.
33. Nging kula maksa pakewuh,
munjuk mring ngarsa sang aji,
wit namanipun kawula,
gampil dhumawah ing sisip,

- punapa datan prayoga,
sumanggeng karsa narpati.
34. Kartimaya gya umatur:
makaten inggih prayogi,
datan wonten lepatira,
anging paduka papatih,
warangka dalem sang nata,
pantes kalamun anjagi.
35. Kluhuranira sang prabu,
tata tentreming nagari,
sumawana amranata,
mring kawula ageng alit,
dimene samya satata,
raharja harjaning dhiri.
36. Wau kula sampun matur,
menggah karsaning narpati,
sampun cetha sela-wela,
tinitik sing sabdaneki,
dhumawuh paduka mangkya,
kinen narbuka puniki.
37. Den nalar yekti kapangguh,
kagungan dalem jeng gusti,
brana atanapi harta,
sareng tambah sap atindhih,
baludag kebak belabar,
kagiwang jroning panggalih.
38. Remen mring rajabrana gung,
kumed gemi medhit cethil,
sirna tyas mring kapandhitan,
tan ngrembag harjaning nagri,
tata tentreming kawula,
mung ngrembug wewahing picis.
39. Dadana wus datan ayun,

mring janma kang kawlas asih,
ngrembag srirane priyangga,
sayekti kirang premati,
mring janma kang kasangsaran,
ugi datan amarduli.

40. Ing atasira sang ratu,
punika pan datan yukti,
ngucemaken asma nata,
angusudaken nagari,
nyirnaken binatharanya,
suda kaluhuran aji.
41. Miwah kawula sadarum,
suda ing pangedhepeki,
marang panjenengan nata,
datan sande tibeng nisthip,
sabab makaten punika,
ingkang bade anjalari.
42. Anggempalaken karatun,
kupiya duk nguni-uni,
lamun wonten naranata,
makaten ingkang kinapti,
yekti tan tulus widada,
sirna risak kang nagari.
43. Tan pae janma sawegung,
mudha wredha ageng alit,
lamun datan kadunungan,
rekadaya nalar tuwin,
ngelmu utawi kawignyan,
ingkang leres myang prayogi.
44. Nadyan darbe brana agung,
tan lama nulya sirnanting,
tan dupara atur kula,
sumangga paduka galih,

punapa ta tan prayoga,
angunjuki pamrayogi.

45. Narbuka prakawis wau,
kadya tur kula puniki,
sampun ngantya wancakdriya,
wit wus masthi tan nalisir,
myang anjagi mring sang nata,
kaluhuraning narpati.
46. Wonten paribasanipun,
purwitanira sujanmi,
ajrih lamun dhateng lepat,
doracara myang nalisir,
purun kalamun prayoga,
nyata bener lawan becik.
47. Mubarang prakawisipun,
rekyana patih miyarsi,
aturira Kartimaya,
kathah-kathah tur patitis,
labda wileting lukita,
kedaling wicara manis.
48. Sanget suka jroning kalbu,
kyana patya nabda aris:
leres pun kakang sabdanta,
datan wonten kang nalisir,
de lamun makaten kakang,
rembag kula ingkang sisip.
49. Limut kalimput ing kalbu,
kaemenganing tyas mami,
wit amung jrih lamun manggya,
dudukanira sang aji,
tan ngrembag nisthaning praja,
sudaning kluhuran aji.
50. Nging samangkya kula sampun,

tumanggap pramana tuwin,
boten sumelang ing driya,
matur mring jeng sri bupati,
kadya pirembag punika,
anyaosi pamrayogi.

51. Nanging upami sang prabu,
mundhuti kang dadya saksi,
kula pasrah mring pun kakang,
munjuk jeng sri narapati,
ulah kridhaning kawignyan,
nalar-nalar tuwin ngelmi.
52. Myang rekadaya sawegung,
ing kang bener lawan becik,
mangsa boronga pun kakang,
denta ngaturi pasaksi,
amrih prayogining lampah,
aywa ngantya nguciwani.
53. Kartimaya malih matur:
prakawis puniku gampil,
aywa paduka wancakdriya,
pun kakang yekti ngladosi,
sakarsa-karsa paduka,
ing kang kenging den lampahi.
54. Mangkana kya patih sampun,
lega sajroning panggalih,
sing rembuge kadang tuwa,
Kartimaya gya kinanthi,
ngandikan kehing prakara,
amrih manising nagari.

VII. DHANDHANGGULA

1. Kyana patya wewah dennyasih,
sasat kadya sadherek priyanga,

atunggil rama ibune,
gya pinaringan sampun,
busanendah tanapi picis,
samana bagaskara,
wus lingsir kalalun,
Kartimaya wus linilan,
sibra mentar saking ngarsanya kya patih,
mantuk mring wismanira.

2. Wusing prapta nulya awawarti,
Kartimaya marang rabinira,
prakareku sakabehe,
rabinya sukeng kalbu,
de ki patya dahat denya sih,
sasat kadang priyanga,
ing panganggepipun,
kawarnaa kyana patya,
sampun lejar myang ciptanira wus ening,
lerem jenjeming driya.
3. Kawursita wusira tri ari,
kyana patya nulya asiyaga,
gya sowan nata ngarsane,
wonten ing siti luhur,
sri narendra miyos tinangkil,
lenggah dhampar kancana
kadya sabanipun,
ginrebek cethi keparak,
para manggung ingkang sami ngampil-ampil,
sadaya upacara.
4. Pepak wadyabala kang sumiwi,
ambelabar aneng pagelaran,
nayaka prabupatine,
kya patih mugweng ayun,
datan dangu sri narapati,
nulya aris ngandika:

paman patihingsun,
arsa wrin pambatangira,
dwi prakara timbalaningsun ing uni,
mara age wedharna.

5. Kyana patih matur angenjali:
dhuh pukulun pupundhen kawula,
abdi dalem ing samangke,
kalilana umatur,
ngarsa dalem jeng sri bupati,
amung panyuwun amba,
pukulun sri mulku,
ngluberena pangaksama,
lumuntura sih welas dalem jeng gusti,
yen wonten sisipira.
6. Sri narendra angandika aris:
nora paman wit karsa manira,
mung ngrembug saprayogane,
ywa pakewuh ing kalbu,
aturira paman mring mami,
sing ciptanta priyanga,
dwi prakara mau,
miliha salah sajuga,
kasugiyen lawan kawignyan myang ngelmi,
endi kang luwih guna.
7. Kyana patya nembah matur aris:
sing pamanggih ulun sri narendra,
nalar tuwin kawignyane,
punika langkung prelu,
sanget guna amigunani,
sayekti tanpa timbang,
tumraping janma gung,
de kasugiyen punika,
yekti kasor dening kawignyan myang ngelmi,
nalar myang rekadaya.

8. Sri narendra mesem ngandika ris,
paman patih yekti lamun beda,
sing panemuningsung dhewe,
de kawignyan puniku,
rekadaya nalar lan ngelmi,
tuhu lamun kasoran,
lawan brana agung,
myang iku kang luwih guna,
migunani maring sagunging pra janma,
mara rungokna paman.
9. Janma sugih brana lawan picis,
tan kacuwan ing sakarepira,
wus masthi kalakon kabeh,
sapari polahipun,
katurutan sedyaning ati,
benih lawan pra janma,
tan darbe brana gung,
yekti wus datanpa daya,
nadyan janma kang putus saliring ngelmi,
nalar kawignyan buntas.
10. Nanging datan kadunungan sugih,
pasthi uga kabeh kang sinedya,
kuwel jubel bundhel bae,
paman pikiren iku,
de panemunira puniki,
jenengingsun samangkya,
arsa wikan iku,
katranganira kang cetha,
paman patih umatura kang patitis,
paran darunanira.
11. Kyana patya nembah matur malih,
kasugiyen ugi lwih prayoga,
tuwin kathah pigunane,
mring pra janma sawegung,
mula kathah remen darbeni,

nanging pratikelira,
ngupaya puniku,
warni-warni beda-beda,
wonten ingkang madhukun mring liyan janmi,
kang wasis puja mantra.

12. Nedha sugih bandha lawan picis,
angupaya margi kang lwih gampang,
dhukun gya minta sranane,
saji-saji sadarum,
menyan seta wawrat saringgit,
sedhah gambir myang pisang,
sadaya kang ayu,
sekar boreh telung prapat,
tukon pasar suwang saprapat pangaji,
myang ayam ingkang kresna.

13. Sampunira pepak kang sasaji,
kaki dhukun ametangi sigra,
neptu dinten klairane,
menyan binasmi sampun,
kaki dhukun matek kang puji,
mandeng urubing dupa,
tan dangu gya muwus:
kajeng sampeyan punika,
masthi bakal jinurungan dados sugih,
nanging kedah den sabar.

14. Nulya sinung jimatlan lan puji,
raja-raja sinerat ing dlancang,
pating caloker sastrane,
pinurih nyimpen gupuh,
pendhak Sukra dipun kutugi,
wonten ingkang tirakat,
nendra wonten kubur,
tuwi mring hunggyan kang sangar,
singup-singup kayu watu den boreki,
minta kagunanira.

15. Ingkang baureksa pra dhedhemit,
wonten ingkang sisirih myang pasa,
saptari saban candrane,
amati raganipun,
warni-warni gunging pra janmi,
anging dhateng kagunan,
pakaryan tan ayun,
awit datan darbe nalar,
rekadaya ngupaya margining sugih,
pratikel kang prayoga.
16. Janma ingkang makaten jeng gusti,
nadyan ngantya bujading buwana,
yekti tan antuk seyane,
salaminya pan amung,
kasemsem mring sugih mas picis,
mider jroning padesan,
angupaya dhukun,
kang sampun kondhang lyan praja,
wonten malih janma darbe brana luwih,
myang arta langkung kathah.
17. Titilaran sing tyang sepuh nguni,
nanging datan kadunungan nalar,
rekadaya ingkang sae,
mring kagunan puniku,
myang pakaryan wus datan uning,
ngendelken kasugiyen,
sadaya kinayun,
yekti badhe boten cuwa,
tinurutan sadaya nedyaning ati,
wit sampun sugih bandha.
18. Datan lama yekti sirna gusis,
larut boros telas katerabas,
anunten sirna akale,
gegetun kapiduwung,
ngruruh malih sampun tan bangkit,

wit tan darbe kawignyan,
reke daya wau,
nalar kang langkung prayoga,
katemahan sing icalira brana-di,
mung anjetung kewala.

19. Pan makaten jeng sri narapati,
beda lawan janma kadunungan,
nalar myang rekadayane,
antukira brana gung,
saking nalar kawignyaneki,
sregep anggarap karya,
sing kawignyanipun,
kagunan myang ngelmunira,
lawan boten kuwatos sirnaning picis,
lamun manggih rubeda.
20. Kasugiyen bandha tuwin picis,
sanget gampang kenging ing rubeda,
myang tan lana salamine,
nadyan sujanma putus,
mring kawignyan nalar lan ngelmi,
myang darbe rajabrana,
kasugiyen agung,
lamun katempuh babaya,
kasugiyenira yekti sirna gusis,
uwal sing astanira.
21. Nging kawignyan nalar miwah ngelmi,
salaminya gesang aneng donya,
tan uwal sing jiwanggane,
yekti tumekeng lampus,
benjang datan linggar sing dhiri,
myang angel antukira,
ngupaya puniku,
mila wonten paribasan,
aran begja wong kang sugih emas picis,
barang karsa tan cuwa.

22. Nanging luwih mulya janma wasis,
pinter nalar kawignyan wus tatas,
bontos saliring kawruhe,
makaten jeng sri mulku,
tuwin wonten wasita malih,
sing pujangga duk kina,
ingkang sampun punjul;
lamun sira darbe bandha,
tuwin arta upayakna wewah malih,
yen uwis lirokena.
23. Mring kawigyan nalar tuwin ngelmi,
wit kawignyan iku luwih guna,
migunani sakabehe,
nadyan brananta agung,
kang wus ilang Marya ngupadi,
kawignyan nalarira,
yekti saged wangsul,
sing dayaning kawignyanta,
poma-poma pra mudha denta marsudi,
ywa kempa jro tyasira.
24. Wonten malih jeng sri narapati,
wursitanya sujanma kang pana,
sampurna mring sabarang reh,
makaten kang pitutur:
aywa gigrig denta marsudi,
angupaya kawignyan,
myang ngelmu sawegung,
nadyan neng sagara brama,
ambaludag angalad-dalad kang agni,
aywa wangsul neng marga.
25. Sri narendra angandika malih:
paman patih mara terusena,
aturira sakabehe,
kya patih nembah matur:
kasinggiyan dhawuh jeng gusti,

wontenira kawigyan,
datan kemptut-kemptut,
yekti saindenging jagad,
pan punika sadaya dipun parsudi,
den nalar-nalar samya.

26. Abdi dalem kerep mirang warti,
sing wursitanira pra sarjana,
mring pra janma sadayane,
nadyan tumekeng sepuh,
aywa kendhat denira ngudi,
angupaya kawignyan,
nalar tuwin ngelmu,
lamun datan makatena,
yekti dhawah ing nistha salami-lami,
temahan dadya sudra.
27. Taksih kathah jeng sri narapati,
paribasan saloka ing kina,
sadaya samya tujune,
kalih bageyanipun,
kang sapisan pinurih sami,
marsudi mring kawignyan,
nalar tuwin ngelmu,
ingkang kaping dwi punika,
amrih sregep taberi anambut kardi,
ywa ngantya tibeng nistha.
28. Sampun telas aturira patih,
sri narendra nulya angandika:
paman patih iku kabeh,
aturira maring sun,
luwih cetha sarta prayogi,
nanging maksa manira,
mring katrangan mau,
durung patiya pracaya,
malah-malah banget ora ngandel mami,
kasugiyen punika.

29. Kasor dening kawignyan myang ngelmi,
nalar-nalar sarta rekedaya,
wit wus akeh kupiyane,
janma sugih brana gung,
nadyan bodho tan darbe ngelmi,
nalar myang rekadaya,
kawignyan sawegung,
masthi tentrem jroning driya,
datan samar kakurangan emas picis,
mukti ing uripira.
30. Dene paman aturira iki,
ingsun durung wikan kang kupiya,
myang durung wruh pasaksene,
coba paman sireku,
ngupayaa kang dadya saksi,
kalamun wus tetela,
kawignyan puniku,
migunani mring pra janma,
luwih dening sugih emas lawan picis,
ingsun tan wancakdriya.
31. Yekti benjang pra kawula mami,
ingsun perdi ngupaya kawignyan,
nalar ngelmu-ngelmu kabeh,
aywa ana kang pengung,
nadyan sugih tuwa nom sami,
dimen apuruhita,
marang sarjana gung,
kyana patih matur nembah:
praja dalem ngriki wonten janma wasis,
sawarnining kawignyan.
32. Rekadaya nalar kang prayogi,
amumpuni sadaya kagunan,
pakaryan tuwin ngelmune,
pukulan jeng sri mulku,
lamun arsa wikan kang saksi,

punika timbalana,
sowan ngarsa prabu,
yekti badhe tan kuciwa,
liring kawruh-kawruh sadaya udani,
Kartimaya wastanya.

33. Sampun komuk mring sanes nagari,
kathah janma samya puruita,
mring Kartimaya kawruhe.
Sang nata ngandika rum:
becik paman karepmu iki,
sesuk bae prayoga,
timbalana gupuh,
sowan mring ngarsa manira,
bareng lawan lakunira paman patih,
patih matur sandika.
34. Sri narendra dhawuh marang patih,
kinen bibaraken kang sumewa,
nayaka prabu-patine,
wadya bala sawegung,
kyana patya dhawuhken nuli,
timbangan sri narendra,
kinen samya mundur,
sang nata tedhak sing dhampar,
tandya tindak kundur malbeng dalem puri,
ginrebeg pra keparak.
35. Para manggung miwah para cethi,
ingkang samya ngampil upacara,
dherek sang nata tindake,
kya patih lengser sampun,
medhak saking bangsal sitinggil,
pra wadya bala samya,
bibaran sadarum,
mulih mring wisma priyangga,
mung ki patya tanarsa mantuk mring panti,

tindak mring wismanira.

36. Kartimaya sudaranya werdi,
wusnya panggya andhawuhken sigra,
sri narendra timbalane:
ijengandika sesuk,
tinimbangan sowan sang aji,
kerida lampah kula,
Kartimaya matur:
sandika timbalan nata,
benjang-enjang sowan byantara sang aji,
dherek lampah paduka.
37. Kyana patya nulya mapan linggih,
asung warta marang Kartimaya,
prakareku sakabehe,
purwa wasana putus,
kyana patya manabda malih,
kula pasrah pun kakang,
munjuk jeng sang prabu,
angaturi saksinira,
saniskarah pirembage kakang nguni,
wus katur sri narendra.
38. Nanging maksa jeng sri narapati,
kekah dhateng kasugyanira,
kawignyan den kawonake,
gya mundhut saksinipun,
Kartimaya matur ki patih:
boten dados punapa,
kang makaten wau,
karsanira sri narendra,
mung paduka ywa sumelang jroning galih,
pasrahna mring pun kakang.
39. Kyana patih nulya sabda malih:
kakang benjang yen wonten karyanya,
wragad-wragad sasamine,

lampah-lampah sadarum,
denta asung ingkang pasaksi,
mring ngarsa sri narendra,
kula kang katempuh,
sapinten ingkang kinarsa,
kula ingkang asung brana lawan picis,
ywa turideng wardaya.

40. Sampunira gya ngandikan sami,
kehing ngelmu kang langkung wigatya,
myang kawignyan sasamine,
ngantya saari muput,
kyana patya neng wismaneki,
Kartimaya kadangnya,
nulya nabda arum,
pun kakang kantun raharja,
kula mangkya tumunten aminta amit,
mantuk mring kapatian.

41. Amung kakang kula sung weweling,
lamun wonten prakawis wigatya,
nadyan sawanci-wancine,
kula sinungana wruh,
kyana patya nulya lumaris,
kundur mring wismanira,
tan kawarneng enu,
wus prapta ing kapatian,
yata wau kawarna asri bupati,
wusnya kundur ngedhatyan.

42. Andhawuhi kapedhak tinuding,
animbali mring kyai Jalena,
kinen sowan ing ngarsane,
tan dangu prapta sampun,
sowan ngarsa jeng sri bupati,
sri nata angandika,
marmaneki nujum,
sun timbali ngarsaingwang,

ingsun mau siniwaka neng sitinggil,
anggunem kasugiyen.

43. Nanging patih matur marang mami,
kasugiyen puniku kasoran,
kalawan kawignyan kuwe,
akeh aturnya mring sun,
ing kang dadya katranganeki,
saloka paribasan,
duk ing kinanipun,
wursitanira sarjana,
anging ingsun banget datan anyondhongi,
ature mantri werda.
44. Nulya ingsun mundhut ing kang saksi,
rekadaya nalar myang kawignyan,
paran bangkit ngalahake,
mring kasugiyen mau,
paman patih asung udani,
prajeng sun kene ana,
sujanma pinunjul,
wus putus barang kawignyan,
nalar-nalar rekadaya tuwin ngelmi,
salir kagunan buntas.
45. Myang pakaryan kabeh amumpuni,
karepira kaki kadiparan,
gyaningsun mundhut saksine,
kawignyan nalar mau,
kyai nujum matur ngenjali,
pukulun sri narendra,
mundhut saksinipun,
kawignyan myang rekadaya,
lamun ngasoraken janma sugih picis,
yekti gampil kewala.
46. Wit kawignyan punika jeng gusti,
sampun kaprah sadaya sarjana,

den anggit saprayogine,
ingathik-athik sampun,
mung kinarya ngirup pra janmi,
kang bodho pengung samya,
dimen sami manut,
mring kawruhnya pra sarjana,
milanipun pamanggih ulun jeng gusti,
yen mundhut saksinira.

47. Ywa mundhuti kawignyan myang ngelmi,
yekti mangkya lamun tanpa karya,
awit anggitane dhewe,
mokal-mokal sadarum,
tan pinanggih nalar pamikir,
tumrap myang punggung mudha,
kajawi mung gumun,
ngungun salebeting driya,
pan makaten pukulun sri narapati,
prayogi amundhuta.
48. Kang pasaksi rekadaya tuwin,
nalar ingkang angel linampahan,
nadyan mumpuni kawruhe,
supadya srupakewuh,
datan bangkit ngunjukken saksi,
dadya sabda Sri Nata,
punika sadarum,
datan wonten sisipira,
mapan tetep anama sabda maharsi,
ratu tan kenging ewah.
49. Paribasan duking nguni-uni,
sabda Nata datan kenging ewah,
lir mangsi tibeng kartase,
makaten jeng Sri Mulku,
de pamanggih ulun puniki,
mundhuta saksinira,
ingkang sru pakewuh,

kinen ngambil kuda tuwan,
amung kedah jinageng wadya balaji,
ywa ngantya bangkit dhutha.

50. Lawan malih jeng Sri Narapati,
kinan ngambil singsim padukendra,
kang maksih neng racikane,
makaten cipta ulun,
nadyan janma kang sampun wasis,
bontos kehing kawignyan,
nalar tuwin ngelmu,
masthi sru pakewedira,
panyiptamba sayekti tan pisan bangkit,
mring prakawis punika.
51. Sri Narendra angandika aris,
yen mangkono iku lwih prayoga,
bener aturira kuwe,
kaki pamrayogamu,
kabeh uwis tumangap mami,
banget panrimaningwang,
nrima jenengingsun,
supadya tetep kang sabda,
den sinebut sabda pandhita narpati,
tan kena ingowahan.
52. Kyai nujum neng ngarsa sang aji,
ngantya seraping hyang bagaskara,
sri narendra dhawuh age,
ki nujum klilan mantuk,
tan kawarna dalu wus enjing,
Kartimaya siyaga,
yun sowan sang prabu,
anjujuk neng kapatiyan,
kyana patya sawusira dandos nuli,
linggih aneng pandhapa.
53. Datan dangu Kartimaya prapti,

wusing panggya lan rekyana patya,
nulya sarenging lampahe,
sowan ngarsa sang prabu,
malbeng dalem pura kya patih,
Kartimaya neng jaba,
anganti kang dhawuh,
kya patya tumameng ngarsa,
sri narendra jarumaya ngandika ris,
majua kene paman.

54. Wusing parek ngarsa sri bupati,
kyana patih nulya atur sembah,
amba ngirid pisowane,
kadya dhawuh sang prabu,
janma putus saliring ngelmi,
nalar tuwin kawignyan,
neng regol kadhatun,
anganti ingkang timbalan,
sri bupati dhawuh mring wadya kang kemit,
kinen nimbali sigra.
55. Kartimaya sareng sampun prapti,
ngabyantara sang nata ngandika,
marang kya patih sabdane,
paman sing karsaningsun,
datan mundhut ingkang pasaksi,
ngelmu sarta kawignyan,
awit kabeh iku,
anggitane pra sarjana,
mokal-mokal mung kinarya ngirup janmi,
kang bodho pengung samya.
56. Yekti lamun wus den athik-athik,
kabeh ngelmu utawa kawignyan,
iku anggitane dhewe,
tan ana nyatanipun,
panggorohan tan malbeng pikir,
kinarya sosongaran,

- janma kang andulu,
supadya kelu tyasira,
dadya kenging den irup mring kawruhneki,
Temah padha pruita,
57. Pan mangkono kiraning tyas mami,
para sarjana wasis mring kawignyan,
ngelmu-ngelmu sakabehe,
mung kinarya pus-apus,
ambubujuk maring sasami,
dimen samya pruita,
maring dhewekipun,
anulya asung branarta,
amung iku pamrihe wasis mring ngelmi,
apa tan aran nistha.
58. Lawan maneh paman kang utami,
sasuwene ngupaya kawignyan,
angur anambuta gawe,
yekti lamun wus antuk,
wewahira brana lan picis,
mangkono uga paman,
mungguh janma dhusun,
ngelmu tanapi kawignyan,
tanpa karya kajaba mung dadya winih,
laku kurang prayoga.
59. Lamun janma kang wasis mring ngelmi,
lan kawignyan iku yekti samya,
lumuh anambut karyane,
kalumrahaning dhusun,
macul garu maluku tuwin,
nandur pari neng sawah,
sarta nandur jagung,
kacang kenthang myang katela,
mawas amung dledar-dledar turut margi,
rumangsa tan namadha.

60. Lawan maneh den ereh tan keni,
mring wong tuwa kurang tatakrama,
mung nganggo karepe dhewe,
tan ambangun miturut,
paprentahan saking nagari,
iku panganggepira,
sapele sadarum,
kang den rembug saban dina,
mangan enak manganggo kang sarwa adi,
mring pakaryan tan arsa.
61. Datan liya kang den athik-athik,
saban ari ngirup-irup janma,
pinrih maguru ngelmune,
yen tan mangkono iku,
lamun ana janma darbeni,
prakara mring sasama,
wus katur mring kukum,
mangka antuk karampungan,
rehning uwas den galih dening nagari,
wong iku kang kluputan.
62. Den bujuk supaya darbeni,
atur gugat maneh mring nagara,
sinungan ing pratikele,
sanadyan janma iku,
wus tetela dhawah ing sisip,
sarta uwis narima,
rumangsa yen luput,
nanging saking wuwulangnya,
nulya thukul pikarep kang kurang becik,
dadya manut kewala.
63. Yekti datan dupara sun iki,
pan wus akeh kupiya ing kuna,
janma kathah kawignyane,
karyanya ambibidhung,
ambibingung kehing pra janmi,

de Kartimaya sira,
wong wasis mring ngelmu,
rekadaya lan kawignyan,
Kartimaya mara pikiren puniki,
mungguh sabda manira

64. Mapan yekti kawigyan myang ngelmi,
iku kasor dening kasugiyen,
wit wong sugih mas picise,
kabeh ingkang kinayun,
cipteng driya masthi yen dadi,
tan apa kang kakuwan,
beda lan janma gung,
nadyan putus mring kawignyan,
nanging datan kadunungan sugih picis,
yekti yen tanpa daya.
65. Rehning patih matur marang mami,
kasugiyen iku kasor lawan,
kawignyan myang nalar kabeh,
rekadaya lan ngelmu,
ingsun arsa mundhut kang saksi,
paran darunanira,
de mangkono iku,
mene ingsun arsa wikan,
rekadaya nalarira dadya saksi,
ywa sira salah tampa.
66. Kartimaya nembah matur aris,
duh pukulun gusti sri narendra,
binathara karatone,
asih mring dasih tuhu,
ratu agung anyakrawarti,
nadyan ing tri buwana,
tan wonten kang nyumdhul,
kaluhuran dalem nata,
kasinggihan pangandika dalem gusti,

sampun kathah kupiya.

67. Nanging mangkya ulun jeng dewaji,
tadhah duka ngarsa padukendra
kalamun kathah sisipe,
amba sru kamipurun,
matur ngarsa dalem jeng gusti,
tan lyan amung kawula,
nyadhang sih pukulun,
ngluberken guning aksama,
sri narendra mesem angandika aris;
mara age matura.
68. Kartimaya nembah matur malih,
rekadaya nalar kang prayoga,
saking kawignyan tuwuhe,
ngelmi-ngelmi sadarum,
janma ingkang arsa darbeni,
nalar myang rekadaya,
kedaha sinau,
ngelmi-ngelmi lan kawignyan,
de kalamun datan makaten jeng gusti,
yekti boten sampurna.
69. Saupami janma andarbeni,
rekadaya tuwin nalar-nalar,
tan sinangkan sing ngelmune,
wah kawignyan puniku,
pan punika jeng sri bupati,
kajawi tan sampurna,
kedhik nalaripun,
tuhu lamun tan prayoga,
de ing mangke amba umatur jeng gusti,
kasugiyen punika.
70. Sing pamanggih ulun sri bupati,
tan dupara sayekti kasoran,
mring ngelmu myang kawignyane,

rekadaya sawegung,
nalar-nalar ingkang prayogi,
makaten saksenira,
pukulan sang prabu,
anba ngaturken carita,
nguni wonten tri janma samya lumaris,
layar mring nagri Madras.

71. Wignyaguna juga wastaneki,
susurupanira kawruh kathah,
kawignyan myang kagunane,
nalar-nalar sadarum,
reka daya ingkang prayogi,
dene ingkang sajuga,
wau rowangipun,
Pancakarya wastanira,
wasis karya tanggok cethi lawan irig,
kepeng tuwin kukusan.
72. Juga malih janma sugih picis,
kartadrana punika wastanya,
nging tan bangkit nambutgawe,
ngendelken brananipun,
titilaran tyang sepuh nguni,
katri janma punika,
samya numpak prau,
kapal tumulya umangkat,
nging tan saged prapta kang sinedyeng kapti,
karana duk angambah.
73. Neng samudra tantara dumugi,
parek pulo Riyo kang winarna,
katempuh ing marutane,
pancawara wor lesus,
palwanira amobat-mabit,
kang warih mawalikan,
samanten tan dangu,
nulya kerem ingkang palwa,

isinira tanpa kukupan sirnanting,
saking parmaning Dewa.

74. Samanantuk pitulungan sami,
tri janmeku kapareng ing begja,
minggir sinempyok alune,
saged mentas sadarum,
maring gisik pinggir pasisir,
dadya ing luwarira,
sing babaya wau,
saksana samya lumampah,
katri janma sasarengan lampahneki,
turut tirah samodra.
75. Lampahira sami amarsudi,
ing wurdaya awit arsa wikan,
sajroning pulo isine,
punapa wau sampun,
den enggeni ing para janmi,
nulya sami tumingal,
janma pados kayu,
wonten wana tarataban,
Wignyaguna mojar mring dwi rowangneki,
den eca ing wardaya.
76. Ywa sumelang salebeting galih,
wonten pulo ing ngriki punika,
sing parmaning Dewa mangke,
kula katri satuhu,
sami manggyarja basuki,
prapteng tanah punika,
sayekti yen sampun,
kaenggenan ing manungsa,
mangga sami den enggal genya lumaris,
mring salebeting kitha.
77. Nulya samya lumampah janma tri,
Kartadrana ing samarga-marga,

asanget ing panggresae,
 kengetan bandhanipun,
 ingkang sampun sirna neng warih,
 ananging Wignyaguna,
 kawistareng semu,
 tan sumelang jroning driya,
 kawarnaa denira lumaksa prapti,
 salebeting nagara.

78. Nulya pisah denira lumaris,
 sowang-sowang pikajenganira,
 awit samya lega tyase,
 dahat suka ing kalbu,
 mulat dhateng ramening nagri,
 dadya ~~saparan-paran~~,
 nut sakarsanipun,
 angupaya buktinira,
 sampun datan panggih lawan rewangneki,
 makaten cinarita.

79. Tyang ing pulo Riyo aningali,
 samya resep sajroning wardaya,
 tuwin sae ing patrape,
 mring Wignyaguna wau,
 ing wekasan tiyang ing nagri,
 sami darbe paminta,
 dhateng pyambakipun,
 nulya kinen awismaa,
 wonten kitha pulo Riyo ngantos lami,
 pinurih amumulang.

80. Kawruh-kawruh ngelmu kang prayogi,
 myang kagunan tanapi pakaryan,
 amardiya mring pra rare,
 satunira tyang ngriku,
 Wignyaguna suka ing ing galih,
 kaparengan tyas ira,
 mring pamintanipun,

para janma jroning kitha,
kalampahan mumulang kawruh sakalir,
tantara lama-lama.

81. Sampun kathah pra mudha kang wasis,
Wignyaguna nalika samana,
antuk kauntungan akeh,
pamedalira agung,
sing taberi denya mamardi,
nununtun mring pra mudha,
cekap tedhanipun,
miwah ingkang dipun sandhang,
lami-lami saya kathah kang winardi,
wekasan Wignyaguna.
82. Dadya sugih brana lawan picis,
tanna dangu kasugyanira,
ngungkuli ing sasamine,
gantya ingkang winuwus,
Pancakarya langkung taberi,
denira dadamelan,
tanggok irigipun,
sinade wonten ing pasar,
tyang ing ngriku kathah remen andarbeni,
tanggok damelanira.
83. Nulya kathah kang samya memeling,
tanggok cething dhateng Pancakarya,
kondhang ing sawewengkone,
pulo Riyo puniku,
dadya kathah tampaning picis,
enggaling kang carita,
Pancakarya wau,
datan kirang sandhang tedha,
tanna lami Pancakarya dadya sugih,
kocapa Kartadrana.
84. Awit datan bangkit nambutkardi,

saban ari rudah ing wardaya,
 ngupaya kajeng karyane,
 manawi sampun antuk,
 gya sinade jroning nagari,
 punika kang kinarya,
 sarananing idhup,
 nujwa juga ri samana,
 Wignyaguna ngenggar-enggaring tyasneki,
 urut margining kitha.

85. Tanna dangu anulya pinanggih,
 lawan Kartadrana wonten marga,
 datan pangling gya ingawé,
 pun kartadrana gupuh,
 dhateng Wignyaguna marani,
 wignyaguna tatanya,
 kaslametanipun,
 tuwin tanya ingkang dadya,
 panggotannya kinarya srananing urip,
 neng pulo Riyo mangkya.
86. Kartadrana angling sarwi nangis,
 mrebes mili trocosan kang waspa,
 wonten ngajengan ajengkeng,
 wicaranya mlasayun,
 Wignyaguna anyamdhak aglis,
 kinanthi astanira,
 sarengan lumaku,
 Kartadrana sung uninga,
 purwa madya wasana sadaya titi,
 Wignyaguna lingira.
87. Yen makaten andika samangkin,
 tunggil dadya sawisma kewala,
 lawan kula langkung sae,
 lamun andika sarju,
 Kartadrana suka tan siri,
 alon wangsulanira,

sakalangkung nuwun,
de paduka paring welas,
lamun datan makaten kula sayekti,
susah tanpa wasana.

88. Kartadrana anulya umiring,
atut wuri dhateng Wignyaguna,
lumaksana mring wismane,
kawarnaa neng ngeni,
sing parengan nulya pinanggih,
kaliyan Pancakarya,
Wignyaguna nantun,
kajengira Wignyaguna,
janma katri wismaa dadya sawiji,
rehning sami tyang manca.
89. Pancakarya tan lengganeng kapti,
tri janmeku sareng lampahira,
tan kawarna ing margine,
prapta ing wismanipun,
Wignyaguna tansah mamardi,
mring dwi rowang punika,
winulang ing ngelmu,
tanapi kehing kawignyan,
lami-lami cinarita sampun wasis,
tan wonten kang kuciwa.
90. Nulya dipun patah-patah sami,
kinen mulang dhateng para mudha,
lamun neng wisma karyane,
sregepira kalangkung,
nambutkarya sasenengneki,
pramila datan lama,
tri janma puniku,
dadya tiyang sugih brana,
datan wonten sasami ingkang ngungkuli,
mring kasugyanira.

91. Pan makaten jeng sri narapati,
tutuladan carita ing kina,
sing pamanggih ulun mangke,
atur amba puniku,
sampun cekap kinarya saksi,
sanesipun punika,
gusti jeng sang prabu,
maksih kathah tutuladan,
lalampahan janma ingkang sampun wegig,
wasis dhateng kawignyan.
92. Sri narendra angandika aris,
wus tumanggap ingsun mring turira,
denta ngunjuki saksine,
ananging maksa ingsun,
durung marem jroning panggali,
saksi amung carita,
yekti durung tamtu,
ning manira ing samangkya,
mundut saksi sing nalarira
pribadi,
sarta rekadayanta.
93. Ingsun manut apa ingkang dadi,
aturira wong roro lan paman,
kasugiyen den sorake,
lan kawignyan puniku,
Kartimaya matur ngenjali:
sumanggeng karsa nata,
andherek sadhawuh,
sri narendra gya ngandika,
Kartimaya mara mengko ratri iki,
ambilen kudaningwang.
94. Aja ana kang kari sawiji,
nanging sira kudu den prayitna,
gonira ngambil kudane,
aywa ngantya kapikut,

dening wadya kang samya kemit,
dene kalamun sira,
cinekel wadyengsun,
yekti sira kapatrapan,
paukuman kadya anggering nagari
janma kang laku dhustha.

95. Dene lamun sira datan keni,
cinekel mring pra wadya kang jaga,
lan janma jageng margane,
ywa sumelang ing kalbu,
sira datan sun dakwa maling,
lan maneh sira datan,
tinrapan ing ukum,
kaya anggering nagara,
pramulane aywa sumeleng ing ati,
paran ing karepira.
96. Kartimaya nembah matur aris,
dhawuh dalem gusti sri narendra,
abdi dalem mung andherek,
karsa dalem sang prabu,
nging patikbra nyuwun aksami,
yenta pareng ing karsa,
abdi dalem nyuwun,
inah saari kewala,
yun ngupadya rekadaya aywa nganti,
mundur madyaning marga.

VIII. DURMA

1. Sri narendra alon denira ngandika,
becik karepmu iki,
nanging den prayitna,
iku sabda manira,
yen kapikut sira pasthi,
keneng ukuman,
kinunjara sayekti.

2. Wus kalilan sira wong roro lan paman,
mundur sing ngarsa mami,
kyana patih lawan,
Kartimaya manembah,
gya lengser sing ngarsa aji,
medal ing jaba,
tan kawarna ing margi.
3. Lampahira kya patih lan Kartimaya,
tan dangu sampun prapti,
dalem kapatiyan,
tumuli Kartimaya,
amit dhateng kyana patih,
mantuk mring wisma,
kya patih nabda aris.
4. Yen sambada sing panedha kula mangkya,
pun kakang aneng ngriki,
sakedhap kewala,
wawan rembag lan kula,
rinembag ingkang prayogi,
dhawuh sri nata,
sampun anguciwani.
5. Kartimaya sandika ing aturira,
ki patya nabda malih,
kadi paran kakang,
karsanya sri narendra,
angel limampahan yekti,
rinekadaya,
tuhu kalangkung sungil.
6. Sing pamanggih kula punika supadya,
pun kakang datan bangkit,
nalar ngrekadaya,
kadya sri naranata,
sabda kang sampun kawijil,
sing karsa nira,
aywa ngantya katitih.

7. Kadiparan kakang angupaya nalar,
ngrekadaya puniki,
sing ngantos pinanggya,
bangkit anglampahana,
dhawuhnya jeng sri bupati,
angambil kuda,
kagungan narapati.
8. Kathahira pinatawis kawandasa,
sadaya kinen ngambil,
mangka jinagenan,
ing wadya bala kathah,
mokal kakang saged ngambil,
kuda punika,
tan konangan kang jagi.
9. Kartimaya matur mring rekyana patya,
dhawuhnya sri bupati,
tan sisip sabdanta,
yekti kalangkung awrat,
myang kalangkung dening sungil,
yen linampahan,
angelira tan sipi.
10. Nanging mangkya ngupadya prayoginira,
ing kang gantos pinanggih,
dhawuhnya sang nata,
sarana rekadaya,
bokmanawi kula bangkit,
anglampahana,
kadya dhawuh sang aji.
11. Rehning sampun dumugi denya ngandika,
kula anyuwun pamit,
mantuk dhateng wisma,
yun ngupaya kang dadya,
dhawuhnya sri narapati,
kang rekadaya,
benjang ywa nguciwani

12. Wus linilan kya patih maringi sigra,
brana tanapi picis,
kinarya sarana,
pangrekadayanira,
prabeya ing lampahneki,
gya Kartimaya,
mentar sing ngarsa patih.
13. Tan kawarna lampahira aneng marga,
Kartimaya wus prapti,
dhateng wismanira,
semu tan kawistara,
lamun tyasira prihatin,
mung kadya saban,
miwah datan wawarti.
14. Mring rabinya dadya eca ing wardaya,
kawarna sampun ratri,
Kartimaya dahat,
ngulir budayanira,
denya arsa nglaksanani,
dhawuh sri nata,
den nalar kang prayogi.
15. Nging saratri denira ngupaya nalar,
dereng saged pinanggih,
rekadayanira,
sru kawekening driya,
wimbuh ruditeng tyasneki,
nglociteng nala,
kadiparan sun bangkit.
16. Angambila kuda kagungan sri nata,
jinaga ing prajurit,
asikep gagaman,
sarta padha prawira,
saurutireng capuri,
tana kang sela,

kabeh masthi jinagi.

17. Yen rinoda paripaksa datan kena,
iku nora prayogi,
wit janma sajuga,
kinrubut wadya kathah,
nadyan kanthi rowang pasthi,
padha sakala,
yekti kapikut nuli.
18. Warni-warni denira nglociteng driya,
nging maksa tan prayogi,
putek jro tyasira,
saratri datan nendra,
angantya tumekeng enjing,
sigra siyaga,
nulya medal sing panti.
19. Lumaksana urut marganing nagara,
anganthi juga janmi,
siswanira werda,
kang wus putus niskara,
kawignyan agal myang rempit,
Nitulukita,
punika wastaneki.
20. Urut marga tan pegat denya rarasana,
angupaya pambudi,
daya kang prayoga,
ywa wonten kara-kara,
denira yun anglampahi,
dhawuh sang nata,
manggya arja basuki.
21. Kartimaya angling mring Nitulukita,
kari sadina iki,
pundhating semaya,
durung antuk pambudya,

kadiparan polah mami,
ing ratri mangkya,
kalamun datan bangkit.

22. Ngambil kuda kagunganira sang nata,
sarana ing pambudi,
nalar nekadaya,
ngantya tan kawistara,
mring pra wadya ingkang jagi,
lamun angemba,
pratikelireng juti.
23. Datan lama nulya kapikut sadaya,
paran karepmu iki,
ing pratikelira,
gone ambudidaya,
amrih kalaksanaan becik,
Nitolukita,
sakedhap datan angling.
24. Wit rinasa rasa sajroning wardaya,
kalangkung dening sungil,
nging Nitolukita,
sasaged-sagedira,
kathah-kathah rembagneki,
ananging maksa,
kabeh tan migunani.
25. Saya rudah Kartimaya jroning driya,
puteking tyas tan sitri,
kawarna samana,
denira awisata,
prapteng jawining nagari,
wanci wus siyang,
prabeng Hyang Bagaspati.
26. Dahat benter tumama dhateng sarira,
janma samya lumaris,

sampun meh tan tahan,
wong roro samya raywan,
sangisoring wit waringin,
tepining marga,
anulya genti-genti.

27. Nglairaken pinanggihing rekadaya,
tan dangu denya sami,
neng soríng mandira,
Kartimaya manabda,
Nitolukita samangkin,
de wus antara,
mulih kewala becik.
28. Sun wus antuk ing pambudidayanira,
mengko sira ngong wangsit,
ing panjalukingwang,
sira ngrerewangana,
lakuningsun mengko ratri,
angambil kuda,
sarowangira murid.
29. Kang wus wasis ùlah kridhaning kawignyan,
sapta bae nyekapi,
dadya kanthining wang,
Nitolukita mojar,
sampun kuwatos ing galih,
sayekti kula,
nadyan tumekeng pati.
30. Nedya dherek ing reh paduka sadaya,
tan nedya angendhani,
Kartimaya nulya,
kalawan rowangira,
menyat saking denya linggih,
gya lumaksana,
mlebet jroning nagari.

31. Kartimaya mangsit mring Nitilukita,
tinemuning pambudi,
purwa myang wusana,
tinuturken sadaya,
nitilukita wus tampi,
ing wangsitira,
dahat denya ngrujuki.
32. Kawarnaa wus prapta ing wismanira,
Kartimaya ngulungi,
mring Nitilukita,
arta kalangkung kathah,
Nitilukita nulya glis,
ngupaya rowang,
pra janma ingkang sami.
33. Puruita ing kawruh mring Kartimaya,
kang wus widagdeng ngelmi,
angsal sapta janma,
kabeh pan wus winarah,
ing rembage guruneki,
padha sakala,
nulya umangkat aglis.
34. Samya tumbas sarupanira inuman,
konyak sarta branduwin,
ciu lawan arak,
kalangkung dening kathah,
wonten ingkang angupadi,
pasewan grobag,
tiga pangirid sami.
35. Sarupaning inuman winot ing grobag,
titiga kebak sami,
wusira mangkana,
grobag titiga nulya,
samya den iringken mulih,

mring wismanira,
Kartimaya glis prapti.

36. Sarowangnya Nitilukita sadaya,
sami satata linggih,
madyaning pandhapa,
Kartimaya neng tengah,
wawarah pratikelneki,
kabeh tumanggap,
myang sumaguh ing kapti.
37. Kartimaya lega sajroning wardaya,
mesem lingira aris,
kabeh kancaningwang,
mengko yen prapteng kana,
den samya prayitneng westhi,
de ingkang dadya,
pangarsa ngong pribadi.
38. Kartimaya dangu denira sung warah,
gantya sri narapati,
enjang dhawuh marang,
Yasaguna kapedhak,
kinen animbali aglis,
mring Wirayuda,
pangagenging prajurit.
39. Nembah mentar Yasaguna sing byantara,
tan kawarna ing margi,
wus prapteng wismanya,
panggya lan Wirayuda,
Yasaguna dhawuh aglis,
timbangan nata,
Wirayuda tumuli.
40. Yasa agagya sareng ing lampahira,
tan dangu sampun prapti,
ngarsa sri narendra,

sang nata angandika,
marma sira sun timbali,
karsa manira,
mengko saratri iki.

41. Wuwuhana wadyaningsun ingkang jaga,
ing kandhang kuda mami,
tikel dwi kewala,
wit bakal ana karya,
den samya angati-ati.
pangreksanira,
nuli dhawuhna aglis.
42. Nembah lengser Wirayuda saking ngarsa,
sigra dhadhawuh aglis,
timbangan sang nata,
maring pra wadyabala,
ingkang rumeksa king wengi,
neng kandhang kuda,
kawarna sampun ratri.
43. Wadyabala kang kemit neng kandhang kuda,
pan sampun amiranti,
sagagamanira,
tuwin samya prawira,
atap uruting capuri,
tanna kang sela,
kebak wadya kang jagi.
44. Dukung tabuh kalih welas Kartimaya,
dandos sarowangneki,
cacahira janma,
sanga lan Kartimaya,
wusnya gya budhal tumuli,
angiring grobak,
titiga kebak sami.
45. Sarupaning inuman denya tutumbas,

wau duk siyangneki,
de busananira,
Nitilukita memba,
pangagengireng prajurit,
wadya sri nata,
lumaksa mungging ngarsi.

46. Dupi prapta neng samadyaning bacira,
tebihira watawis,
sing capuri kandhang,
kuda triatus jangkah,
Kartimaya abibisik,
mring rowangira,
kinen singidan sami.
47. Andhadhampeng dhumepel witing mandira,
supadya tan katawis,
mring wadya kang jaga,
aneng regoling kandhang,
gya Kartimaya prabadi,
ngiringken grobag,
lumaksana ing ngarsi,
48. Dupi lampahira Kartimaya prapta,
ngajeng regol capuri,
pra wadya kang jaga,
asru denira nabda,
heh abrag apa puniki,
winot ing grobag,
lumaku bengi-bengi.
49. Datan liya iku olehe andhustha,
heh kanca-kanca mami,
pikuten kewala,
iku wong laku samar,
murang anggering nagari,
prayoganira,
tinahan bae becik.

50. Kartimaya anulya cinepeng sigra,
mring pra wadya kang kemit,
Kartimaya mojar,
angasih-asih dahat,
dhuh-dhuh andika puniki,
paran ing karsa,
tan darbe welas sami.
51. Kang sajuga wadya sugal saurira:
Heh gentho kowe maling,
apa ujarira,
panyananira ing wang,
darbe welas mring sireki,
sewu nglengkara,
yen sira dudu maling.
52. Yekti sira sun talikung sanalika,
ywa kakeyan cariwis,
sesuk rasakena,
ingukum neng kunjara,
heh kanca ngambila tali,
kinarya besta,
gentho iki den aglis.
53. Kartimaya mangsuli akathah-kathah,
sarwi angasih-asih,
dhuh ki sanakingwang,
ambok sareh kewala,
sampun laju sanget runtik.
mring kula mangkya,
badhe asung udani.
54. Mring kisanak ing lampah kula punika,
mila lumampah wengi,
kinengken sudarma,
purih tumbas inuman,
wit sudarma kula mangkin,
karya samuwan,

kleres wedalaneki.

55. Rehning kathah para tamu susuruhan,
kang samya andhatengi,
pasugatanira,
inuman nulya telas,
kula gya kinen lumaris,
tumbas inuman,
pinurih ge ya prapti.
56. Yekti kula sanget dipun arsa-arsa,
maring sudarma mami,
dene ngantya lama,
tan katingalan prapta,
sing paminta kula mangkin,
lamun sambada,
ywa ngarubiru sami.
57. Lampah kula kinengken dening sudarma,
lamun d kisanak sami,
karsa angunjuka,
mring inuman punika,
sakarsa-karsa suwawi,
lega tyas kula,
tan dadya kawis-kawis.
58. Para wadyabala kang jaga sadaya,
sareng mireng denya ngling,
sareh wuwusira,
apa yekti lingira,
sira iku dudu maling,
alaku samar,
mara nabdaa aglis.
59. Kartimaya alon denira manabda,
den pitaya lingmami,
yekti datan dora,
lamun kula durjana,

masthi tan purun lumaris,
celak tyang jaga,
sumangga dipun galih.

60. Para wadya kang jaga arsayeng driya,
sigra samya angambil,
inuman sing grobag,
kathah pamendhetira,
sadaya gya nginum sami,
asuka-suka,
tan enget denya kemit.
61. Dangu-dangu pra wadya wuru sadaya,
tanna enget sawiji,
nulya samya nendra,
sadhawah-dhawahira,
Kartamaya ngaded aglis,
asung pratandha,
mring para rowangneki.
62. Kang andhampeng tumempel witing mandira,
sareng pra worang sami,
mireng kang pratandha,
enggal samya lumaksa,
mring Kartimaya marani,
sampun pinanggya,
Kartimaya bibisik.
63. Heh pra rowang-rowang manira den enggal.
busananya prajurit,
ingambil kinarya,
anyalamur ing lampah,
supadya janma kang jagi,
tirah ing marga,
ywa manusika sami.
64. Dan tumandang Kartimaya sarowangnya,
mendhet busananeki,

- wadya ingkang jaga,
nulya rinasuk samya,
wusira sigra angambil,
kuda sing kandhang,
ginandheng-gandheng tali.
65. Juga janma angiringken kuda gangsal,
kang ngajeng den tumpaki,
gumrudug lampahnya,
saurutireng marga,
Nitilukita angiring,
grobag titiga,
aneng wuri pribadi.
66. Janma jaga saurut tirahing magra,
mulat denya lumaris,
kagyat jroning driya,
anyipta lamun ana,
pakewuh bakal nekani,
agurawalan,
nyandhak sanjata aglis.
67. Menyat ngadeg sing gone pajaganira,
miyat nganan myang ngering,
apa sang wiweka,
lamun ana babaya,
mengsah sing liyan nagari,
de wadya nata,
lumaksana angiring.
68. Kuda kathah kanyana yun asiyaga,
mapagaken ing jurit,
dadya denya jaga,
sanityasa prayitna,
kabeh datan nanaguling,
sanjatanira,
wola-wali pinandhi

69. Kawarnaa lampahira Kartimaya,
sarowangira sami,
tanna munasika,
kabeh wong jageng marga,
ngantya prapteng wismaneki,
gya kudanira,
cinancang ngisoring wit.
70. Kebak andher aneng kanan kering wisma,
sigra malbeng pandhapi,
rinacutan samya,
busananireng wadya,
anulya satata linggih,
tansah rarasan,
saratri tan na guling.
71. Enengena ingkang samya ararasan,
pan sampun wanci enjing,
kawarna pra wadya,
ingkang angkreksa kuda,
garegah tangi sawiji,
agurawalan,
mulat kuda wus gusis.
72. Kredyating tyas nyana kalamun dhinustha,
wel-welan denira ngling,
anggugah rowangnya,
heh kanca-kancing wang,
padha atangia aglis,
rereksanira,
telas tanana siji.
73. Guragapan sadaya wadya kang jaga,
garegah samya tangi,
geder mawurahan,
bingung abilulungan,
ngaler ngidul nganan ngeri,
miyat jro kandhang,
suwong kuda

suweng kuda sirnanging.

74. Cuh cinucuh maring pra rowang priyangga,
juga wadya sru angling,
kanca kadiparan,
telasing kuda nata,
sapa kang amamarahi,
ngombe inuman,
dadya wuru wak mami.
75. Lah ing mangke lamun makaten punika,
paran polah sun sami,
kuda wus tan ana,
telas winaweng dhustha,
mendah dukane sang aji,
rowangnya mojar,
paran sabdanta iki.
76. Mapan kabeh padha ing pikarepira,
aywa nuluh mring mami,
lan mring para rowang,
ngalem badan priyangga,
tan becik ujarmu iki,
luwung rinembag,
mring pra worang prayogi.
77. Wadya ingkang ingambil busananira,
dheleg-dheleg tan angling,
sidhakep astanya,
aneng tepining kandhang,
kalangkung ngungun tyasneki,
anulya ana,
wadya werda sawiji.
78. Sru wuwusnya marang rowang-rowangira,
heh kabeh kanca mami,
mara rungokena,
sun darbe pamrayoga,

aywa cuh cinucuh sami,
yekti tan ana,
ing kang bener sawiji.

79. Lwih prayoga rinembag kabeh sakanca,
dene lamun ngrujuki,
sing rembug manira,
matah kanca dwi janma,
kinongkon ngaturi uning,
ilanging kuda,
mring pangageng prajurit.
80. Wus sarembug kabeh pra wadya kang jaga,
nulya matah dwi janmi,
pinurih lumaksa,
asung wrin pangagengnya,
janma dwi sigra lumaris,
tan dangu prapta,
wismeng pangagengneki.
81. Wusing panggya nulya ngaturi uninga,
icaling kudaneke,
ngaturken sadaya,
purwa madya wasana,
Wirayuda langkung runtik,
mawinga-winga,
ngatirah netra andik.
82. Datan nabda nulya lumaksana sigra,
kadwi wadya umiring,
ginelak lampahnya,
wus prapteng kandhang kuda,
Wirayuda sru denya ngling,
heh heh pri kanca,
paran denira jagi.
83. Dene ngantya tan ana kari sajuga,
kabeh ilang aguis,

mengko rasakena,
bebenduning sang nata,
ywa kapienak sireki,
sewu nglengkara,
maling bisa angambil.

84. Jinagenan mring wadyabala akathah,
tikel dwi sabaneki,
pra wadya turira,
tan liya amung kula,
asrahing kang pati urip,
mring ngarsa nata,
wit sampun tibeng sisip.
85. Nging panyuwun kula pra wadya sadaya,
yen paduka nglilani
arsa asiyaga,
sikep gamaning yuda,
ngulati janma kang maling,
kuda sri nata,
Wirayuda nulya ngling.
86. Bab icaling kuda sakandhang sadaya,
iku tan liya saking.
sru sembranania,
sarta kurang wiweka,
wah kurang sungkemireki,
mring sri bupati,
dudu watak prajurit.
87. Kadya iku wawalesmu mring sang nata,
becik banget sireki,
mendah dukanira,
jeng sri pamasa mangkya,
yekti sira den patrapi,
ing paukuman,
abot sanggane sami.

88. Mangkya sira datan kena lunga-lunga,
neng kene bae dhisik,
sun arsa lumaksa,
sowan ngarsa sri nata,
arsa angaturi uning,
ilanging kuda,
sakandhang sirna gusis.
89. Lamun sira mangkya arsa asiyaga,
sikep gamaning jurit,
ngulati kang dhustha,
iku nora prayoga,
kalamun durung nampani,
timbangan nata,
Wirayuda nulya glis.
90. Lumaksana yun sowan ngarsa sang nata,
tan dangu sampun prapti,
byantareng narendra,
Wirayuda manembah,
muka lir konjeming siti,
tandya sri nata,
pangandikanya aris.
91. Wirayuda sira sumewa ngarseng wang,
tang nganggo sun timbali,
paran darunanya,
apa ta ana karya,
kang luwih dening wigati,
age matura,
manira arsa uning.
92. Wirayuda nembah ngrarepa turira,
gusti kula sang aji,
amung padukendra,
tuhu ratuning jagad,
dahat paramarteng dasih,
kang kawlasarsa,

patikbra tadhah runtik.

93. Pejah gesang ulun pra dasih sadaya,
neng asta jeng dewaji,
patikbra sumewa,
dumrejel ngabyantara,
pukulun jeng sri bupati,
atur uninga,
abdi dalem prajurit.
94. Ingkang samya dhinawuhan jagi kuda,
wau ratri puniki,
mangkya kuda tuwan,
telas tan kantong juga,
dinustha tiyang duskarti,
pra wadyabala,
sumanggeng karsa aji.
95. Pejah gesang mung asrah ngarsa paduka,
pukulun sri bupati,
de para wadya tuwan,
sampun rumaos lepat,
boten amung nyanyandhang sih,
nyuwun aksama,
ngarsa dalem jeng gusti.
96. Sri narendra aris denira ngandika,
ingsun arsa udani,
paran purwanira,
dene ngantya mangkana,
heh Wirayuda sireki,
aglis matura,
kabeh ing ngarsa mami.
97. Wirayuda umatur akathah-kathah,
purwa wasana titi,
samana sri nata,
tri pandura tan nabda,

dahat ngungun jroning galih,
icaling kuda,
kabeh sakandhang gusis.

98. Sri narendra alon denira ngandika,
sapisan bae iki,
pra wadyabalongwang,
sun paringi ngapura,
benjang yen mangkono maning,
ywa takon dosa,
tinanjir murdaneki.
99. Wus kalian heh Wirayuda muliya,
lan dhawuhna tumuli,
mring pra wadyabala,
kang ngrekse kudaningwang,
kinen mulih bae becik,
ywa ngulatana,
mring janma kang anjuti.
100. Nembah lengser Wirayuda saking ngarsa,
enggal denya lumaris,
nulya sampun prapta,
mring gening kandhang kuda,
manggya lan para prajurit,
dhawuhken sigra,
timbangan sri bupati.
101. Para wadya sukeng tyas marwata suta,
anulya samya mulih,
maring wismanira,
nging wadya kang kecalan,
busana tan bisa mulih,
kantun neng kandhang,
Wirayuda lingnya ris.
102. Mring pra wadya ingkang kecalan busana,
heh kanca wolu iki,

sira. entenana,
aneng kene kewala,
mengko bakal ngong paringi,
lilirunira,
busananta kang uwis.

103. Ginawa mring durjana kang ngambil kuda,
wusnya mangkana nuli,
Wirayuda sigra,
mantuk mring wismanira,
prapta gya utusan abdi,
kinen maringna,
busana mring prajurit.
104. Ingkang taksih kantun wonten kandhang kuda,
wusing panggya tumuli,
pinaringken sigra,
samyak suka ing driya,
asowang-sowangan mulih,
ganyak winarna,
ingkang gambuh ing kardi.

IX. GAMBUH

1. Enjang Kartimaya wus,
asiyaga lan pra rowangipun,
arsa sowan mring ngarsanira kya patih,
denya anglakoni dhawuh,
timbangnira sang katong.
2. Nulya bidhal sadarum,
Kartimaya lumaksa ing ngayun,
rowangira ngiring kuda caturdesi,
ing samarga gumarudug,
kagyat pra janma kang anon.
3. Datan kawarneng enu,
Kartimaya nulya prapta sampun,
kapatiyan panggya lan rekyana patih,

Kartimaya lon umatur,
sadaya dhawuh sang katong.

4. Kuda nata sadarum,
caturdasa kula irid sampun,
wonten jawi cinancang ngandhaping uwit,
kyana patih sukeng kalbu
anulya sabdanira lon.
5. Paran ing purwanipun,
kakang bangkit angambil sadarum,
kanang kuda kagungan sri narapati,
kathahe kalangkung-langkung,
wah rinekseng wadya katong.
6. Samya prawireng pupuh,
Kartimaya aturira arum
purwa madya wasana sadaya titi,
kyana patya dahat ngungun,
prakara kang wus kalakon.
7. Nyipta sajroning kalbu,
yen mangkono Kartimaya iku,
kajabanya wasis kawignyaan sakalir,
nalar sarta ngelmu-ngelmu,
pambudidayanya kaot.
8. Mulya siyaga sampun,
kyana patya sareng lampahipun
lawan Kartimaya kadangira werdi,
myang kuda nata sadarum,
den iring sowan sang katong.
9. Datan dangu prapta wus,
kyana patih tumameng kadhatun,
Kartimaya ngentosi wonten ing jawi,
kudandher neng ngalun-alun,
kathah pra janma kang nonton.

10. Patih lampahnya laju,
sowan mungging ngarsa sang sri mulku,
sri narendra nulya angandika aris,
paran paman pisowanmu,
aneng ngabyantaraningngong.
11. Kyapatih nembah matur,
dhuh pukulun gusti jeng sri mulku,
sowan amba ngarsa paduka jeng gusti,
angirid ing lampahipun,
Kartimaya janma kaot.
12. Yun sowan ngarsa prabu,
ing samangkya kandheg lampahipun,
wonten jawi nganti timbalan sang aji,
sang nata ngandika arum,
timbalana ngarsaningngong.
13. Kya patih nembah sampun,
lengser saking ngarsa sang aprabu,
prapteng jawi lan Kartimaya wus panggih,
dhawuhken timbalan prabu,
gya sareng malbeng karaton.
14. Wus prapteng ngarsa prabu,
Kartimaya gya nembah mabukuh,
sri narendra pangandikanira aris,
heh Kartimaya sireku,
nglakoni timbalaningngong.
15. Angambil kudaningsun,
caturdasa sakandhang sadarum,
duning ratri mau apa sira bangkit,
Kartimaya nembah matur,
pangestu dalam sang katong.
16. Kuda dalem sadarum,
dalem pendhet ducing ratri wau,
de samangke kuda sampun dalem irid,

andher wonten ngalun-alun,
sang nata malih nabda lon.

17. Dhumateng mantri ngayun,
paman patih kabeh kudaningsun,
dhawuhna kinen manjingna tumuli,
mring kandhangira sadarum,
ingkang liningan wot sinom.
18. Nembah lengser sing ngayun,
prapteng jawi dhinawuhken sampun,
dhateng para wadyabala ingkang kemit,
pra wadyabala umatur,
sandika dhawuh sang katong.
19. Kuda tinuntun gupuh,
linebetken mring kandhang sadarum,
Kya patya wangsul malbeng dalem puri,
sowan ngabyantara prabu,
sri narendra ngandika lon.
20. Kartimaya sireku,
paran bangkit ngambil kudaningsun,
datan ngantya kapikut wadya kang jagi.
kadiparan purwanipun,
Kartimaya nembah alon.
21. Umatur ngarsa prabu,
purwa madya myang wasana putus,
sri narendra ngungun sajroning panggali,
mring Kartimaya puniku,
angungkuli sasameng wong.
22. Dangu kendel sang prabu,
sakalangkung kawekening kalbu,
angupaya ing pambudya denira mrih,
angel kalampahanipun,
rinekadaya dening wong.

23. Datan antara dangu,
sampun untuk pembudya sang prabu,
sri narendra nulya angandika aris,
heh Kartimaya sireku,
wus nglakoni dhawuhingngong.
24. Sayekti yen pinunjul,
nalar-nalar myang rekadayamu,
dene lamun mangkono pratikelneki,
iku sing panemuningsun,
gampang linakonan ing wong.
25. Samengko maksa ingsun,
durung marem saksenira iku,
Kartimaya nembah aturira aris,
pukulun jeng sang sri mulku,
kasinggihan sabda katong.
26. Amba klilana matur,
wonten ngarsa dalem jeng sang prabu,
tan liyan amba nyuwun gunging kang aksami,
dene dahat kamipurun,
dhateng pukulur sang katong.
27. Sang nata ngandika rum,
iya Kartimaya den agupuh,
umatura yekti tan na ika-iki,
de karsa manira amung,
ngrembug arjaning lalakon.
28. Aywa sandeyeng kalbu,
Kartimaya nembah lon umatur,
wontenipun pukulun ngandika gampil,
ing rekadayamba wau,
wit dene sampun kalakon.
29. De nguni jeng sri mulku,
ngantya dhawuh makaten puniku,
pan punika sayekti sampun ginalih,

angel rekadayanipun,
linampahan saguning wong.

30. Sang prabu ngandika rum
bener Kartimaya ing aturmu,
mene inghun mundhut saksi siji maning,
kinarya saksinta tuhu,
nguni turira maring ngong.
31. Mengko ratri sireku,
kaki nujum dhusthanen den gupuh,
nanging denta ngambil ki nujum ywa nganti,
angroda paksa lir kecu,
myang pratikelira nyolong.
32. Ywa anglimpe lir pandung,
denya bangkit ngambil bandhanipun,
amung lamun kang darbe turu kepati,
myang aywa dora sireku,
awat ingutus maring ngong.
33. Kaki nujum puniku,
saban ratri datan turu-turu,
mung manekung anungku puja semadi,
nyunyuwun mring Bathara gung,
mrih ayu sampurneng layon.
34. Apa ta sira saguh,
dhustha maring abdengsun ki nujum,
patrapira ywa kadya kecu myang juti,
Kartimaya nembah matur,
ing ngarsa sri nata alon.

X. SINOM

1. Pukulun sri naranata,
timbangan dalem jeng gusti,
yekti sangat anglengkara,
janma bangkit anglampahi,

dhawuh jeng sri bupati,
punika sungil kalangkung,
tuhu lamun dupara,
nanging amba jeng dewaji,
awit sangking timbalan dalem sang nata.

2. Nadyan sungil myang nglengkara,
tan lenggana dhawuh aji,
yen wonten parmaning Dewa,
wah pangestu dalem gusti,
amba manawi bangkit,
nglampahi dhawuh sang prabu,
nging panyuwun kawula,
mugi-mugi sri bupati,
maringana inah sapta ri kewala.
3. Ayun ngulati pambudya,
kadya dhawuh jeng dewaji,
lamun tan rinekadaya,
wah dernalar kang sayekti,
anglengkara yen tan bangkit,
nglampahi timbalan prabu,
nadyan janma kang pana,
kawignyan myang ngelmi-ngelmi,
ugi datan bangkit nglampahi punika.
4. Sri narendra angandika,
kabeh iku lwih prayogi,
sun turut panyuwunira,
inah sapta dina becik,
nanging lamun sireki,
tan bisa ngambil ki nujum,
ywa sira takon dosa,
sira sun cekel tumuli,
turut marga kinarya pangewan-ewan.
5. Ingiring ing wadyabala,
urut marganing nagari,

de lamun denta lumaksa,
angambil ki nujum nganti,
pinikut janma jagi,
utawa marang ki nujum,
yekti Sira binanda,
dinakwa alaku juti.
pasthi sira linebetaken kunjara.

6. Pramulane den prayitna,
anglakoni dhawuh mami,
Kartimaya ngestupada,
nulya aturira aris,
pukulun sri bupati,
timbangan dalem sadarum,
amba matur sandika,
andrehek dhawuh jeng gusti,
tan liyan amung pangestu dalem sang nata.
7. Sang nata malih ngandika,
rehning sira wus nyaguhi,
kabeh ing timbalaningwang,
sira sarta paman patih,
ingsun lilani mulih,
mundur sing ngarsaningsun,
samana Kartimaya,
nulya pinaringan picis,
sampunira gya nembah mentar sing ngarsa.
8. Medal saking dalem pura,
Kartimaya lan kya patih,
wus sanggya mring para siswa,
wolu ingkang samya ngirid,
kudanira sang aji,
nulya budhalan sadarum,
andherek mring ki patya,
datan dangun sampun prapti,
kapatiyan Kartimaya nulya nabda.

9. Maring para siswanira,
heh pra kanca-kanca sami,
samengko becik muliya,
ngantiya neng wisma mami,
siji kariya becik,
Nitilukita puniku,
dadiya kanthiningwang,
neng kene sowan kya patih,
sapta siswa gya budhal sing ngarseng patya.
10. Kawarnaa Kartimaya,
dangu neng ngarsa kya patih,
wawan rembag kathah-kathah,
menggah timbalan sang aji,
tuhu kalamun sungil,
tinimbang kang wus kapungkur,
samana Kartimaya,
myang Nitilukita amit,
wus linilan gya mulih mring wismanira.
11. Datan dangu sampun prapta,
ing wismanira pinanggih,
mring pra siswa kang angantya,
anulya satata linggih,
rembagan sawataris,
tumulya nedha akembul,
neng madyaning pandhapa,
wusira rampung tumuli,
Kartimaya nabda mring pra siswanira.
12. Heh pra kanca-kancaning wang,
rehning wus rampung ing kardi,
lan padha nemu raharja,
mene dak lilani mulih,
mring wismanta pribadi,
mung Nitilukita iku,
kari kene kewala,
dimene angrerewangi,

ing pirembag kang prayoga linakonan.

13. Pra siswa nulya bidhalan,
asowang-sowangan mulih,
kawarnaa Kartimaya,
sru kaweken jroning ati,
denira angupadi,
pambudya mrih gampilipun,
nglampahi dhawuh nata,
aywa wonten kawis-kawis,
lebdeng karya umanggya ayu raharja.
14. Nityasa ruweding driya,
Kartimaya nulya angling,
alon mring Nitilukita;
heh Nitilukita mangkin,
paran denta ngupadi,
pambudya ingkang linuhung,
prayoga linakonan,
timbangan sri narapati,
yen ginagas datan tinemu ing nalar.
15. Nitilukita lingira,
leres sabdanta puniki,
kula nalar-nalar dahat,
amupugaken pamikir,
sanityasa nalisir,
wit saking duparanipun,
timbangan sri narendra, janma dhinawuhan ngambil,
mangka saban ratri ki nujum tan nendra.
16. Tan kenging rinodapaksa,
sanadyan nendraa ugi,
dhawuhnya jeng sri pamasa,
dhinustha nglimpe tan kenging,
ewuhaya puniki,
paran rekadayanipun,

Kartimaya manabda,
payo mengko ratri iki,
pan cinoba samya inginte kewala.

17. Apa temen datan nendra,
ki nujum ing saban ratri,
den nyatakaken prayoga,
Nitilukita mangsuli,
inggi langkung prayogi,
kula tan lengganeng kalbu,
sabarang reh paduka,
tan nedya malang ing kapti,
mung andherek sakarsa-karsa paduka.
18. Gantya ingkang winursita,
ki Jalena eca linggih,
rinubung pra sutanira,
aneng ngajeng wismaneki,
rabinya mungging wuri,
tansah rarasane ki nujum,
samana ki Jalena,
manabda mring para siwi;
den apadha nunuwuna mring Jawata.
19. Ayu raharjaning angga,
myang sampurneng layon benjing,
bapakmu iki wis tuwa.
yen pinundhut siyang ratri,
sutanira mangsuli;
sayekti kula biyantu,
nunuwun mring Jawata,
supadya ayuning dhiri,
lamun bapak pinundhut maring Jawata.
20. Sarta sutanta priyangga,
nunuwun mring Dewa luwih,
wit kathah ugi tyang mudha,
pinundhut sawanci-wanci,

tan kenging den singkiri,
yen wus prapteng mangsanipun,
samana ki Jalena,
dahat suka jroning ati,
de sutanya tumanggap mring wuwusira.

21. Dangu denya wawansabda,
samana wanci wus ratri,
ki nujum lan rabinira,
myang pra sutanira sami,
umanjing wismaneki,
anulya samya aturu,
amung kyai Jalena,
saban ratri datan guling,
mung anungku puja semadi mring Dewa.
22. Neng senthong linggih priyanga,
samana ingkang winarni,
Kartimaya wus siyaga,
myang Nitilukita nuli,
medal saking jro panti,
lumaksa mring wismanipun,
ki nujum arsa wikan,
yen saban ratri tan guling,
myang arsa wrin senthong gyan manungku puja.
23. Kawarna ratri punika,
peteng limengan tan sipi,
dadya gampil lampahira,
datan wrin janma kang jagi,
urut tirahing margi,
dene kalamun kapranggul,
lampahnya ngewas marga,
ambrangkang tiyang kakalih,
nulya prapta wismanira ki Jalena.
24. Nanging sru pakewedira,
mlebet plataraning panti,

wititepung pinager bata,
ing ngajeng winancak suji,
myang jinagi ing janmi,
nulya Kartimaya muwus,
bibisik mring rowangnya,
heh Nitilukita mangkin,
paran bisa mlebu plataraning wisma.

25. Wit mubeng pinager bata,
ngarep jinaga ing janmi,
luwih maneh yen dhusthaa,
mlebu bae wus tan bangkit,
paran karepmu iki,
bisane jupuk ki nujum,
Nitilukita nabda,
yekti lamun datan gampil,
dahat ewad timbalan sri naranata.

26. Myang awrat pasanganira,
pinikir-pikir tan keni,
rineka judheg kewala,
wit sing anduparaneki,
Kartimaya ngling malih,
ywa mikir iku rumuhun,
mengko ngupaya reka,
bisane lumebu maring,
jroning plataraning wismeku kewala.



27. Dangu denya raraosan,
kawarna janma kang jagi,
mireng swaraning kukila,
bence myang tekek numberi,
nyata yen wonten juti,
andhedhepi sandhingipun,
tyang jagi gya lumaksa,
rundha sauruting margi,
angubengi wismane kyai Jalena.

28. Kartimaya sareng mulat,
mring janma jaga lumaris,
nulya mire sing genira,
Nitilukita tutwuri,
lampahira ajinjit,
amping-ampingan wit jambu,
sawusira mangkana,
tyang jagi anulya bali,
linggih aneng wisma lit pajaganira.
29. Kartimaya gya tumingal,
tepi jro pager capuri,
wonten wit klapa sajuga,
Kartimaya amrepeki,
ing pager prenahneki,
wreksa kalapa puniku,
nulya alon wuwusnya,
mring Nitilukita ririh,
iku ana wreksa perak pager bata.
30. Sun prayoga unjukena,
mring pager bata puniki,
dene kalamun manira,
wus neng ruhur pager iki,
sira munggaha aglis,
ngong tulungi saking dhuwur,
sarana sabukira,
satagen racuten nuli,
gya rinacut sabuknya Nitilukita.
31. Nitilukita anulya,
ngunjukken Kartimaya glis,
saruhuring pager bata,
satagen cinancang uwit,
Nitilukita aglis,
menek ing satagenipun,
wusnya samya tumedhak,

prapta sajroning capuri,
gya lumaksa mring prenahe senthongira.

32. Ki Jalena nungku puja,
semedi mring Dewa luwih,
samana pangingtenira,
Kartimaya wus patitis,
wancinira meh enjing,
tabuh ri nulya ki nujum,
medal saking jro wisma,
yuninis wonten ing jawi,
Kartimaya lan Nitilukita sigra.
33. Medal sing lataring wisma,
gancang denya lumaris,
datan kawarna ing marga,
wus prapta ing wismaneki,
Kartimaya alinggih,
Nitilukita neng ngayun,
dangu datanpa nabda,
legeg tyasira tan sipi,
dheleg-dheleg Kartimaya wus nirdeya.
34. Samana nulya wus enjang,
rabinya medal sing panti,
kagyat mulat lakinira,
ing semu rudah tyas neki,
yun tatanya sru ajrih,
dadya akendel tan muwus,
anggarjiteng wardaya,
nyana lamun manggih runtik,
sing sang nata denya nglampahi timbalan.
35. Tantara dangu saksana,
umanggya pambudyeng ati,
mangkana ciptaning driya,
lamun sun kendel tan becik,
melu duhkiteng ati,

- tan wonten wasanaipun,
wit tan wrin darunanya,
dadya jalaraning sedhih,
yekti mangkya datan ana gunanira.
36. Prayogensun atatanya,
dene kalamun wus uning,
kang dadya karananira,
sanadyan susahing ati,
bangkit angulir budi,
manawa bisa umangguh,
jalaraning tyas lejar,
mangkana nulya mrepeki,
mring lakinya neng ngayun linggih asila.
37. Tumungkul gya milakrama,
kula dahat kumawani,
nilakrama mring paduka,
tan lyan mung nyuwun aksami,
sakathahing kang sisip,
tinebihna sarusiku,
Kartimaya anulya,
manabda marang kang rabi,
iya paran gonira yun atatanya.
38. Apa kakuranganira,
age wedharna mring mami,
myang apa sisip manira,
blakakna bae prayogi,
jamake laki rabu,
angrembug prayoganipun,
mungguhing paribasan,
wong wadon upama patih,
lakinira iku ratu upamanya.
39. Ngratoni sajroning wisma,
lamun ratu karya sisip,
patih wajib ngemutena,

supadya ywa anjalari,
sakukuban umanggih,
kabeh lalakon kang dudu,
myang lamun ratunira,
manggya turideng panggalih,
papatihnya yekti nut susah ing driya.

40. Marma ywa pakewuh sira,
atatanya maring mami,
kabeh apa kang rinasa,
sajroning tyasira nuli,
wedharna dipun aglis,
supaya kena rinembug,
kang becik lan prayoga,
aywa ana ika iki,
rabinira anulya alon manabda.
41. De kula ngantya mangkana,
wit tan eca jroning ati,
sing pamawang kula mangkya,
paduka semu prihatin,
lamun datan nalisir,
sayekti kula mung anut,
susah jroning wardaya,
naging datan saged uning,
ingkang dadya karananing tyas dukkita.
42. Yekti yen tanpa wasana,
tan buh kang binudyeng ati,
ngupadya lejaring driya,
kabeh lamun saged manggih,
Kartimaya ngling malih,
becik karepmu puniku,
Kartimaya anulya,
wacana maring kang rabi,
purwa madya angantya prapteng wasana.
43. Wus tinuturken sadaya,

Kartimaya nabda malih,
sukur lamun sira bisa,
ngrerewangi marang mami,
angupaya pambudi,
mrih gampang ngambil ki nujum,
wit yen sun datan bisa,
yekti bakal antuk runtik,
sing sang nata kinarya pangewan-ewan.

44. Marmengsun dahat duhkita,
wit timbalan sri bupati,
dahat angel linakonon,
datan kena ginampil,
de mangkyo karsa mami,
wisata sapurug-purug,
manawa aneng marga,
manggya pambudi kang wening,
marma sira padha karia raharja.
45. Kathah-kathah welingira,
rabinya dahat prihatin,
karanta-ranta ing driya,
myang waspanira dres mijil,
nulya wuwusnya aris,
karsanta makaten iku,
yekti lamun prayoga,
nging kula minta udani,
dhateng pundi prenahe purug paduka.
46. Supadya kalamun kula,
yun nusul paduka gampil,
dadya ing samangsa-mangsa,
kula sarta para siwi,
lamun samya amanggih,
reka myang rubeda agung,
tan sru turideng driya,
wit kula sampun udani,
mring unggyannta denta samya lumaksana.

47. Sumawana lamun kula,
bokmanawi saged manggih,
ambudi kang rekadaya,
sanadyan kula pawestri,
yekti angrerewangi,
anggayuh sagadugipun,
Kartimaya manabda:
becik panemumu iki,
marma padha rinembug prayoganira.
48. Mangkene bae prayoga,
rehning sang prabu, maringi,
inah saptarima ring wang,
wus kalakon juga ari,
kurang nem dina mangkin,
sun wisata aneng purug,
catur dina kewala,
lamun wus antuk pambudi,
nulya mulih maring wisma sigra-sigra.
49. Mangkana sampun sarembag,
Kartimaya sigra amit,
sampun medal saking wisma,
Nitilukita tutwuri,
nulya samya lumaris,
ngaler ngetan purugipun,
samana kacarita,
wus tebih saking nagari,
turut marga wong roro tansah rarasane.
50. Angulir budayanira,
ngupaya reka mrih bangkit,
nglampahi dhawuh narendra,
nging tansah judheg tan sipi,
sirna ingkang pamikir,
Kartimaya nulya muwus,
dhateng Nitilukita:
kadiparan solah mami,
lamun datan antuk reka kang prayoga.

51. Lah mara Nitilukita,
kalamun sira wus manggih,
pratikel myang rekadaya,
aywa pakewuhing ati,
nulya wedharna aglis,
apa kang kacipteng kalbu,
nadyan panemunira,
ing mengko datan prayogi,
yen wus kathah kena kinarya limbangan.
52. Den ejum saking samatra,
bokmanawa dadi becik,
Nitilukita manabda:
leres sabdanta puniki,
mangke kula sung uning,
ciptamba sajroning albu,
rehning sru ewedira,
angambil ki nujum mangkin,
yen sambada akaryaa pasamuwan.
53. Ki nujum den suruhana,
rewa-rewaa prayogi,
dinten tahunan paduka,
de kang samya den suruhi,
ngamungna para murid,
kinen manggihi ki nujum,
sampuning andrawina,
samyang cinepeng prayogi,
gya lenebetaken ing bagor kewala.
54. Kartimaya aris nabda:
panemumu iku becik,
nanging uga tan prayoga,
wit dening dahat nalisir,
lan dhawuhnya sang aji,
pratikelira kadyeku,
karanan ngrodapaksa,

ninging uga kalamun mami,
datan antuk pambudi kang lwih prayoga.

55. Becik mangkono kewala,
nanging yen bangkit ngulati,
rekadaya liyanira,
kang luwih dening prayogi,
payo samya binudi,
sinambi wisateng enu,
mangkana Kartimaya,
kalangkung denya prihatin,
turidyeng tyas lir emas timbuling tirta.

XI. MASKUMAMBANG

1. Kawarnaa denira samya lumaris,
wus antuk tri dina,
lamun dalu rerep sami,
angupaya pasipengan.
2. Dhateng dhusun ingkang celak lawan margi,
kalamun neng wana,
kasaput ing ratri nuli,
wong roro menek ing wreksa.
3. Nulya samya nendra saruhuring uwit,
wit mrih satowana,
ingkang sasaba ing ratri,
angruruh mamangsanira.
4. Lamun enjang nulya lumaksana malih,
ing saurut marga,
tansah ngulati pambudi,
gantya-gentya awacana.
5. Nging nityasa pupuk sajroning pamikir,
sru rencem tyasira,
wimbuh duhkitaning ati,
sirna larut kang budaya.

6. Kartimaya puwara manabda aris,
mring Nitilukita,
paran ing karepmu mangkin,
reh wus tan antuk pambudya.
7. Rekadaya kang prayoga den lakoni,
timbangan sri nata,
datan kena ginampil,
myang abot sasangganira.
8. Amung mangkya kari milih salah siji,
paukumanira,
kadya dhawuhnya sang aji,
lamun ingsun datan bisa.
9. Ngambil marang kinujum jroning sapta ri,
sayekti binanda,
cinepeng wadya sang aji,
kinarya pangewan-ewan.
10. Dipun iring urut marganing nagari,
kalamun manira,
cinepeng gon sun lumaris,
angambil kyai Jalena.
11. Kapatrapan paukuman mring sang aji,
aneng pakunjaran,
dinakwa alaku juti,
de kalamun awakingwang.
12. Mentar saking Karangwidara nagari,
mendah ucapira,
pra janma jroning nagari,
apa ta tan aran nistha.
13. Nulya Nitilukita sabdanira ris:
sing pamanggih amba,
lamun paduka arsa nis,
sing nagri Karangwidara.

14. Pan punika sayekti datan prayogi,
punapa tan merang,
dhateng samining dumadi,
sumawana sri narendra.
15. Yekti mangkya asanget denira runtik,
tartamtū utusan,
mring wadya kinen ngulati,
yen kapangguh kadiparan.
16. Masthi wewah bebendunira sang aji,
marma yen sambada,
ing karsa paduka mangkin,
ywa nissing Karangwidara.
17. Ing sasaged-saged sae den lampahi,
dhawuh sri narendra,
sru sukur kalamun bangkit,
tan wonten sakara-kara.
18. Pinanggihing rekadaya kang binudi,
penede cinoba,
lamun maksa tang ngudhili,
sayekti wus datan ina.
19. Bangkit boten dene sampun den lampahi,
nadyan nglampahana,
ing reka kang lwih prayogi,
yekti amung dwi prakara.
20. Kang sapisan paduka labda ing kardi,
kaping kalihira,
paduka tan antuk kardi,
denta dhustha ki Jalena.
21. Mung pasraha maring Hyang Sukmadiluwih,
yen kapareng begja,
yekti padukantuk kardi,
nging kedah dipun prayitna.

22. Kartimaya sareng mireng sabdaneki,
pun Nitilukita,
kalangkung suka ing galih,
anulya alon lingira:
23. Yen mangkono iku pan luwih prayogi,
bener wuwusira,
mene mulih bae becik,
wus telung dina lumaksa.
24. Duk samana denira wisata prapti,
satirahing ngarga,
Moriya anulya bali,
yun mantuk mring wismanira.
25. Wancinira sampun meh serap Hyang Rawi,
denya awisata,
prapteng madyaning wanadri,
nulya sipeng aneng wana.
26. Tan kawarna ing dalu pan sampun enjing,
dwi janma gya mendhak,
sing wreksa genira guling,
nulya samya lumaksa.
27. Sigra-sigra denira samya lumaris,
gantya winursita,
kang samya kari neng panti,
saungkure Kartimaya.
28. Sakalangkung duhkita jroning panggalih,
tambah kang cinipta,
temahan mung amumuji,
nunuwun mring Sukmanasa.
29. Ingkang samya lumaksana angupadi,
prayoganing lampah antuka harja basuki,
myang wening budayanira.
30. Lamun dalu saratri tan bisa guling,

kalamun raina,
kasupen denira bukti,
mung nyipta kang samya mentar.

31. Nanging asru denira mesu kang budi,
ngruruh rekadaya,
amrih raharjaning laki,
denira yun nglampahana.
32. Ing timbalanira sang sri narapati,
dhustha ki Jalena,
ywa ngantya tan antuk kardi,
muang ywa ana kara-kara.
33. Kawarnaa sawusira catur ari,
denya mesu budya,
tantara nulya umanggih,
nalar kang langkung prayoga.
34. Rekadaya myang lampahira angambil,
nujum ki Jalena,
kabeh pinanggyeng pambudi,
puwara birat duhkita.
35. Ginantyan ing tyas suka marwata siwi,
de panyiptanira,
yekti bakal antuk kardi,
sing pambudidayanira.
36. Ing samengko mung kari nganti kang laki,
de wus catur dina,
linggih neng ngajeng pandhapi,
dahat denya ngarsa-arsa.
37. Praptanira Kartimaya ingkang laki,
sing denya wisata,
dangu datan ana mulih,
nganti meh serap Hyang Arka.
38. Wali-wali menyat sing genira linggih,

mring tepining marga,
nolih nganan lawan ngeri,
nanging tan ana katingal.

39. Dadya dahat kuwatos sajroning galih,
kumepyar tyasira,
bebayu lir den lolosi,
ngalumphruk wus tanpa daya.
40. Wus kanyana lamun lakinira manggih,
sangsaya neng marga,
pramila dahat prihatin,
mangkana ciptaning driya.
41. Lamun benjang-enjang datan ana mulih,
sayekti yen ana,
rubeda gedhe nekani,
maring kang samya lumaksa.
42. Prayogane ingsum sumusul lumaris,
bokmanawa bisa,
pinanggya ana ing margi,
nadyan wus dadya kuwandha.
43. Aneng ngendi-endi panggonane ugi,
yekti sun upaya,
sun kukup ginawa mulih,
ninging aywa ngantya mangkana.
44. Sun tetedha marang Hyang kang Mahaluwih,
ayu myang raharja,
ywa ana kurang sawiji,
enggala wangsul mring wisma.
45. Sumawana manggiya pambudi wening,
dhuh Hyang Dewanata,
tingalana awak mami,
welasa mring dasihira.
46. Katah-kathah sasambatira mlasasih,

duk kala samana,
wancinira sampun ratri,
anulya melbeng jro wisma.

47. Kuneng gantya ingkang winursiteng rawi,
kang samya lumaksa,
ginelak denya lumaris,
sasuruping Bagaskara.
48. Gon sun samya lumaksana rehning uwis,
perak lan nagara,
ngaso rumuhun prayogi,
neng ngisoring pucung wreksa.

XII. PUCUNG

1. Ya ta wau,
Kartimaya malih muwus:
heh Nitilukita,
wus pira lawase iki,
gonsun samya awisata aneng paran.
2. Nulya muwus,
Nitilukita lingipun:
sampun catur dina,
panca ari benjing-enjing,
dene inah ira sang sri naranata.
3. Mapan sampun,
sapta ri ing emben dalu,
pramila samangkya,
ywa ngantya dangu neng ngriki,
prayogane ngaso neng wisma kewala.
4. Awit sampun,
celak lawan wismanipun,
ngiras rerembagan,
nalar pinanggih ing budi,
myang siyaga ingkang badhe linampahan.

5. Samana wus,
dwi janma sagolong rembug,
gya samya umentar,
andumugekken lumaris,
tan kawarna ing marga nulya wus prapta.
6. Wismanipun,
nulya thothok-thothok gupuh,
korining pandhapa,
kagyat ingkang neng jro panti,
atatanya:
sapa kang anothok lawang.
7. Age muwus,
Kartimaya sauripun,
ingsun Kartimaya,
lan Nitilukita prapti,
ge wengakna aja sira wancak driya.
8. Rabinipun,
sareng mireng wuwusipun,
Kartimaya nulya,
menyat saking denya linggih,
dahat suka ing driya marwata suta.
9. Gupuh-gupuh,
marani ing korinipun,
sigra winenganan,
Kartimaya nulya manjing,
sarta Nitilukita malbeng jro wisma.
10. Wancinipun,
samana wus tengah dalu,
nulya tata lenggah,
wonten madyaning pandhapi,
Kartimaya ing semu maksih duhkita.
11. Rabinipun,
gya angatag para batur,

kinen ngratengana,
dhaharan lir sabaneki,
nulya marek ing ngarsane lakinira.

12. Lajeng muwus:
asung pambagya rahayu,
makaten lingira:
praptanta samya basuki,
sarta denta wisata napa raharja.
13. Malihipun,
ing lampah paduka wau,
napa antuk karya,
denta ngulati pambudi,
rekadaya kang prayoga linampahan.
14. Tandya muwus,
Kartimaya sabdanipun.
ya padha raharja,
tan ana sangsayeng margi,
sing parmaning Hyang Kang Amurbeng Buwana.
15. Sarta antuk,
pambudi ing rekanipun,
ngambil ki Jalena,
nging sasat tan antuk kardi,
awit iku geseh lan dhawuh Sri Nata.
16. Rabinipun,
mangsuli sareh kang wuwus,
duking wau kula,
dahat ing pangasi-arsi,
sukur lamun tan wonten sangsayeng marga.
17. Mangkya ulun,
tanya pambudyanta wau,
wit sabda paduka,
sasat datan antuk kardi,
kadiparan dene makaten punika.

18. Ya ta wau,
Kartimaya nulya sung wruh,
maring rabinira,
pruwa myang wasana titi,
wus tinururken mring rabinya sadaya.
19. Rabinipun,
anulya mangsuli wuwus:
sing pamanggih kula,
puniku yekti nalisir,
sarta kula sayektine tan pitaya.
20. Inggih lamun,
lega ing tyase ki nujum,
den suruhi nulya,
purun dhateng wonten ngriki,
lamun boten purun dhateng kadiparan.
21. Tamtu ewuh,
ngruruh reka sanesipun,
de inah sang nata,
sampun prapta ing prajangji,
yen makaten sampun datan saged polah.
22. Denta ngruruh,
ing reka yekti tan mungguh,
myang wus datan bisa,
oncat sing ukuman aji,
Kartimaya mireng wuwusing rabinya.
23. Saya wimbuh,
katon oreming jro kalbu,
puwara manabda:
bener ing ajarmu iki,
puluh-puluh wus begiane awakingwang.
24. Mung nunuwun,
mring Hyang Kang Murbengtumuwuh,
muga maringana,

piwelas mring awak mami,
kyai nujum kenaa ing astaningwang.

25. Pan mung iku,
pamujiku siyang dalu,
nora ana liya,
dene lamun sira uwis,
manggya budidaya nulya ge wedharna.
26. Yekti manut,
ingsun ing rekadayamu,
yen luwih prayoga,
rehning sun wus datan bangkit,
angupaya budidaya liyanira.
27. Rabinipun,
anulya medharken gupuh:
pinanggyeng pambudya,
purwa wusana wus titi,
Kartimaya dahat suka ing wardaya.
28. Mesem muwuh,
becik panemumu iku,
myang luwih prayoga,
tinimbang panemu mami,
mapan uwis tumangap kabeh manira.
29. Sukeng kalbu,
rabinya sareng andulu,
marang lakinira,
sampun ical kang prihatin,
miwah Nitilukita suka ing driya.
30. Sareng sampun,
makaten rabinya gupuh,
ngatag baturira,
kinen nulya angladeni,
dhadhaharan aneng madyaning pandhapa.

31. Tandya kembul,
nedha kanthi sukeng kalbu,
sampunira nedha,
saratri tan bisa guling,
mung rarasan ingkang arsa linampahan.
32. Wus kapungkur,
ing dalu enjang winuwus,
Kartimaya ngatag,
Nitilukita tinuding,
kinen tumbas sarana kangge ing karya.
33. Sutra wungu,
biru abrit ijem sepuh,
lawan gandawida,
lisah kang angganda wangi,
gya lukaksa Nitilukita mring pasar.
34. Wusing antuk,
Nitilukita gya wangsul,
dhateng wismanira,
lan Kartimaya wus panggih,
tutumbasanira sadaya tinampan.
35. Sibra mundhut,
Kartimaya bagoripun,
linapis ing sutra,
biru wungu abrit kuning,
myang jinait bagor wus tan kawistara.
36. Tepinipun,
mubeng kinoloran tangsul,
binlebed ing sutra,
panjangnya tangsul watawis,
sangan dhepa kabeh binlebed ing sutra.
37. Tan na dangu,
pirantos sadaya rampung,
Kartimaya dahat,

suka sajroning panggali,
nyana lamun kyai nujum mansthi kena.

38. Enggalipun,
carita mangkana sampun,
genep sapta dina,
samana nulya wus ratri,
Kartimaya lawan Nutilukita.
39. Wau sampun angrasuk busananipun,
Kartimaya amemba,
pangagemaning Dewadi,
myang siyaga kabeh sapirantosira.
40. Dwi janmeku,
duking tabuh juga dalu,
medal saking wisma,
lumaksa mring wismaneki,
kaki nujum yun nglampahi dhawuh nata.
41. Lampahipun, janmi.
ing marga datan winuwus,
nulya sampun prapta,
dwi janma samya umanjing,
plataraning wismanya kyai Jalena.
42. Ya ta wau,
wusira samya lumebu,
plataraning wisma,
ing wiyat mendhung kaeksi,
tan na dangu riris wor lan pancawora.
43. Angin lesus,
goraya gerah galudhug,
gelap ngampar-ampar,
dwi janma nulya mrepeki,
senthongira ki nujum akanthen asta.

XIII. KINANTHI

1. Kartimaya nulya muwus,
mring Nitilukita ririh,
lah Nitilukita sira,
ngantiya neng kene becik,
nanging kudu den prayitna,
ywa nganti kawruhan jami
2. Nitilukita lingnya rum,
sampun kuwastos ing galih,
myang aywa wancak ing driya,
yektyamba sabayapati,
kalawan paduka mangkya,
mila den eca ing galih.
4. Kaleres lengkanganipun,
plangitan kinarya margi,
kalamun wisma punika,
ewah payon sirapneki,
nulya kenging den tingali.
5. Mila Kartimaya wau,
pramana paningalneki,
sapolahe ki Jalena,
manungku puja semadi,
maring Hyang Jagad Pratingkah,
amrih raharjaning dhiri.
6. Nulya Kartimaya gupuh,
jubahira den konyohi,
ing lenga wangi warata,
gandanira amrik wangi,
ngebeki sajroning wisma,
ki nujum kagyat tan siwi.
7. Mulat kanan keringipun,
julalatan angulati,
kang ganda wangi punika,

sakedhap noli ing wuri,
myang mubeng jro senthongira,
miwah tumeng manginggil.

8. Antara dangu ki nujum,
kalangkung denira ajrih,
kawistareng semu biyas,
pucat githoknya mangkirig,
tyasira sru tarataban,
kumyus kang riwe dres mijil.
9. Samana angin myang lesus,
pancawara miwah riris,
galudhug wimbuh goraya,
aneng wiyat manengkeri,
kaki nujum wimbuh dahat,
katresan maras sru miris.
10. Puwara nglociteng kalbu,
salaminya sun semadi,
nungku puja mring Bathara,
tan kadya sapisan iki,
katekan riris prahara,
goraya gerah tan sipi.
11. Nulya ana ganda arum,
ngebaki sajroning panti,
ganda apa iki baya,
dene wanging kepati,
apa Hyang Jagad Pratingkah,
anedhaki marang mami.
12. De kalamun Bathara gung,
tumedhak wonten ing ngriki,
yekti begja kamayangan,
tuhu kang sun arsi-arsi,
siyang ratri tanpa kendhat,
mangkana sedyeng tyas mami.

13. Kathah-kathah ciptanipun,
dangu-dangu wimbah ajrih,
wekasan anulya nabda,
mring kang denyana Dewadi,
dheku-dheku linggihira,
ngapurancang asta neki.
14. Makaten denira muwus:
heh sapa kang ganda wangi,
apa jim pri parayangan,
myang setan ratuning dhemit,
apa iblis laknat sira,
anekani marang mami.
15. Apa ta Jawata agung,
karsa tumedhak ing ngriki,
lah age mara ngatona,
ingsun kapengin udani,
Kartimaya amiyarsa,
langkung suka jroning galih.
16. Kartimaya nulya gupuh,
jubah jubahnya kinonyah malih,
lisah wangi langkung kathah,
gandanira amrik minging,
datan dangu nulya nabda,
maring kyai nujum ririh.
17. Heh sira Jalena nujum,
ywa dadi kagyating ati,
miwah aywa wedi sira,
sun tumedhak aneng ngriki,
satuhune ingsun Dewa.
ingutus mring Hyang Pramesthi.
18. Kinen amaringnga weruh,
maring sira ratri iki,
gonira manungku puja,

semadi mring Dewa luwih,
kabeh uwis tinarima,
dening Hyang Sukma-diluwih.

19. Dupi ki nujum angrungu,
sabdane kang laku sandi,
wimbuh sanget ajrihira,
kumesar maras tyasneki,
ngalengger datanpa nabda,
tumenga miyat manginggil.
20. Tan na dangu nulya muwus:
pukulun tedhak ing ngriki,
ulun dahat suka bingah,
ingkang datanpa upami,
dene panyuwun kawula,
sampun tinrimeng Dewadi.
21. Kapundhi wonten ing ngembun,
cinancang pucuking weni,
ulun karya jijimatan,
ngantya benjang tekeng lalis,
nanging mangkya ulun dahat,
kapengin arsa udani.
22. Lamun satuhu pukulun,
jawata ing swarga luwih,
pukulun gya ngatingala,
wonten ngarsamba samangkin,
kang supadya ulun datan,
sumelang sajroning ati.
23. Kang memba Dewa gya muwus,
heh nujum sira yun uning,
mring sun yekti datan kena,
cilaka bakal pinanggih,
sira maksih badan wadhag,
myang durung sampurna jati.

24. Yekti tan kenging pinangguh,
lan Dewa ing swarga luwih,
yen sira wus aneng swarga,
satuhu bakal udani,
mring sun lan Hyang Dewanata,
sarta maring widadari.
25. Dupi sampun denya muwus,
guntur goraya dhatengi,
munya saruhuring wisma,
ki nujum kagyat tan sipi,
wimbuh dahat mirisira,
nyana lamun antuk runtik.
26. Tumungkul dheku ki nujum,
tri pandurat datan angling,
tan dangu nulya manembah,
marang ingkang laku sandi,
kathah-kathah sabda nira,
kalangkung denira ajrih.
27. Dhuh Dewa dhuh Batharagung,
paringa welas mring dasih,
ingkang dahat papa nistha,
myang lumuntura ingkang sih,
pangaksama mring kawula,
dasih tuwan asru sisip.
28. Kang memba Dewa gya muwus,
heh nujum tan dadya kawis,
luputmu ingsun apura,
de mene kajaba iki,
ingsun nedhaki mring sira,
dinuta mring Hyang Pramesthi.
29. Rehning sira kaki nujum,
denira nungku semadi,
wus katrima ing Jawata,

mangkya sira den timbali,
sumengka mring swargaloka,
barenga kalawan mami.

30. Ki nujum mangsuli wuwus:
sanget sembah nuwun mami,
ulun andherek kewala,
sakarsa-karsa Hyang Widi,
nanging mangkya kadiparan,
ulun tan bangkit umiring.
31. Wit amba tan saged mabur,
dhateng pukulun tutwuri,
dherek dhateng swargaloka,
kang memba Dewa nabda ris,
iku nora dadi ngapa,
prakara mangkono gampil.
32. Mangkya heh sira ki nujum,
mlebuwa ing kene aglis,
samangkya wus bangun enjang,
ywa kamanungsan ing janmi,
nalika nabda mangkana,
myang ngulungken bagor neki.
33. Kang linapis sutra wungu,
biru abrit sarta kuning,
ki nujum dupi umiyat,
tan lengana nulya manjing,
sajroning bagor punika
nulya tinarik manginggil.
34. Kartimaya malih muwus,
aywa sumalanging ati,
pasthi sira mangkya bakal,
tumeka ing swarga luwih,
ngarsanane Hyang Dewanata,
netranta remena aglis.

35. Rapet dhipet,
ywa nganti wruh,
mubarang kang neng wiyati,
kalamun datan mangkana,
sayekti manggya bilai,
aneng samadyaning marga,
tan bisa prapteng swargadi.
36. Karana sing lepasipun,
sun mabur mring swarga luwih,
kadya calereting kilat,
marmane sing ngati-ati,
myang lamine aneng marga,
sapta dina sapta wengi.
37. Nanging lamun sira nujum,
dhipet netranta nulya glis,
prapteng ngarsa Sri Bathara,
nadyan lama aneng margi,
yekti sing panyiptanira,
sakedhap nuli wus prapti.
38. Ki nujum mangsuli wuwus,
ulun mung darmi nglampahi,
sadaya dhawuh paduka,
myang timbalan Hyang Pramesthi,
kawula datan lenggana,
malah sru suka tan sipi.
39. Yekti makaten pukulun,
ingkang ulun esthi-esthi,
salami gesang kawula,
neng marcapada puniki,
kang memba Dewa gya nyentak,
nujum sira ywa cariwis.
40. Aywa kakeyan panuwus,
menenga kewala becik,

netranta aglis remena,
mene uwis gagat enjing,
bokmengko yen kamanungsan,
tan bisa prapteng swargadi.

41. Samana tabuh catur wus,
kang pancawara myang riris,
sirep tan ana sabawa,
Kartimaya nulya aglis,
aningseti bagorira,
gya miyak siraping anti.
42. Medal sing plangitanipun,
sung tanhha mring rowangneki,
bagor ingulungken sigra,
Nitilukita nampani,
Kartimaya sigra medhak,
anulya samya lumaris.
43. Medal sing plataranipun,
tan dangu wus prapteng jawi,
lampahira sigra-sigra,
datan kawarna ing margi,
wus prapta ing wismanira,
sampun malbeng jroning panti.
44. Kartimaya nulya muwus,
mring Nitilukita ririh,
bagor kinen ningsetana,
kang singset kukuh ywa nganti,
udhar yen kinarya polah,
myang kinen gantungken nuli.
45. Cinancang pangeretipun,
pandhapa aywa kambah siti,
dimen gumandhul kewala,
Nitilukita nglampahi,
kabeh ing sapakonira,
wus sira gya tata linggih.

46. Denya samya wawan wuwus,
sadaya mung bisik-bisik,
rabinya dupi uninga,
kalamun wus antuk kardi,
sirna kang tyas duka cipta,
ginantyan suka tan sipi.
47. Saratri tan bisa turu,
angantya tumekeng enjing,
mangkana ingkang winarna,
ki nujum ciptaning ati,
yen sun wuas neng swargaloga,
pinaringan widadari.
48. Sayekti lamun pinunjul,
tan ana kang amadhani,
sapa salumahing jagad,
ingkang kadya ingsun iki,
pinundhut marang Jawata,
sukma myang raga tan kari.
49. Wasitanira janma gung,
janma aneng swarga luwih,
kabeh apa kang sinedya,
myang ingkang kinarsan dadi,
yekti lamun kalaksanan,
kang cinipta jroning ati.
50. Mendah bungahe tyasingsun,
yen wus prapteng swargaluwih,
sun kaul anunggang kreta,
kang pinatik ing retna-di,
mider-mider neng akasa,
ningali kye hning dumadi.
51. Daru kartika kukuwung,
lintang-lintang ageng alit,
kabeh sun karya dolanan,

tan ana kang ngreregoni,
tanapi amalangana,
ing sakarsa-karsa mami.

52. Kathah-kathah ciptanipun,
dadya sukeng tyas tan sipi,
nyana lamun datan lama,
neng marga anulya prapti,
kang sinedya jroning driya,
ngarseng Hyang Sukma-diluwih,
53. Kuneng gantya kang winuwus,
kawarnaa sampun enjing,
Kartimaya asiyaga,
anulya bidhal lumaris,
Nitilukita tutwuntat,
yun sowan ngarseng Narpati.
54. Bagor isi kyai nujum,
binekta sowan Sang Aji,
anjugug mring kapatihan,
kawarnaa wonten margi,
kagyat prajanma tumingal,
mring kang samya lumaris.
55. Saweneh janma nabda sru,
maring rowang-rowang neki,
apa baya iki kanca,
winadhahan sutra kuning,
biru wungu abrit pethak,
yun ginawa marang ngendi.
56. Rowangnya mangsuli wuwus,
sun duwe pangira iki,
mubarang kang endah-endah,
saking ratu liyan nagri,
yun ingaturken sang nata,
yeku karya bulubekti.

57. Kang sajuga malih muwus,
heh kanca sing kira mami,
sayekti kalamun beda,
sing pangiranta puniki,
lamun iku barang endah,
bulubekti liyan nagri,
58. Den irid para tumenggung,
bupati utawa mantri,
nging iku datan mangkana,
sun sawang janma kang ngirid,
dudu mantri myang bupati,
myang tan ingiring prajurit.
59. De saking cipteng tyasingsun,
iku mubarang kang adi,
pinanggyeng janma padesan,
marma den unjuken nuli,
marang jeng Sri narapatya,
lir kang wus kalakon nguni.
60. Lamun ana janma dhusun,
myang janma jroning nagari,
nemu barang kang lwih endah,
enceha tanapi rukmi,
kathah ing pangaosira,
neng pomahan myang neng sabin.
61. Iku kunjuk mring sang prabu,
dadya kagungan narpati,
mangkono anggering praja,
kuneng kang samya ningali,
kawarnaa ki Jalena,
duk mireng swaraning janmi.
62. Asru kagyat jroning kalbu,
tumratab angles tyasneki,
gumeter edhat-edhatan,

kang riwe kumyas dres mijil,
nyana kalebeng wisaya,
janma ingkang laku sandi.

63. Yun ambuka netranipun,
asanget denira ajrih,
makaten ciptaning driya,
iya kalamun puniki,
janma laku sandipaya,
yun anyidra marang mami.
64. De lamun Dewa satuhu,
mangka ingsun tan nglakoni,
kabehing wawangsitira,
sun ambuka netra mami,
sayekti nemu babaya,
tan bangkit prapteng swargadi.
65. Sayekti manggyeng bebendu,
saking Hyang Sukma diluwih,
apa baya ingkang swara,
kang karungyeng karna iki,
nyinyiwo mring lakuning wang,
pinurih ywa bangkit prapti.
66. Ing ngarsa Hyang Batharagung,
mangkya ingsun aywa nganti,
keneng panggodhaning swara,
samarga-marga dumeling,
makaten panyipta nira,
ki nujum samargi-margi.
67. Wau gantya kang winuwus,
lampahira janma kalih,
sampun prapteng kapatayan,
lan ki patya sampun panggih,
mangkana rekyana patya,
brangta mring kang lagya prapti.

XIV. ASMARADANA.

1. Sawusira tata linggih,
kyana patya angandika,
mring Kartimaya kadange,
kakang samya karaharjan,
lamine tan pinanggya,
myang punapa sampun antuk,
lir timbalan Sri Narendra.
2. Kula dahat amumuji,
miwah dahat ngarsa-arsa,
wus kakang lebdeng karyane,
mangkya kadiparan kakang,
nglampahi dhawuh nata,
Kartimaya nulya matur,
saking pangestu paduka.
3. Samya amanggih basuki,
datan wonten kara-kara,
miwah amba ing samange,
mapan sampun angsal karya,
kadya timbalan nata,
de mangkya ki nujum sampun,
binekta sareng lan kula.
4. Ki Patya dupi miyarsi,
mring ature Kartimaya,
dahat suka wardayane,
mesem nulya angandika,
paranta mulanira,
denta ngambil mring ki nujum,
kakang kula arsa wikan.
5. Kartimaya asung warti,
purwa madya myang wasana,
wus katur ki patih kabeh,
kyana patih dahat suka,

ngungun jroning wardaya,
kyana patya malih muwus,
mene pundi ki Jalena.

6. Kartimaya matur malih,
lamun nujum wus neng ngarsa,
sing paminta amba mangke,
ywa ngandika sora-sora,
bisik-bisik kewala,
bok kapyarsa mring Ki Nujum,
temah wikan yen cinidra.
7. Mangkya lamun sampun munggwing,
byantara sri narapatya,
ngandikan ing sakarsane,
awit sampun kauningan,
mring sang nata prabadya,
Kartimaya nulya metu,
ngawe mring Nitilukita.
8. Nitilukita marani,
gya sareng malbeng pandhapa,
mring ngarsa kya patih age,
dupi kyana patih mulat,
mesem datanpa nabda,
lega ing tyas manthuk-manthuk,
ki patih nulya siyaga.
9. Wusira dandos tumuli,
ki patih lan Kartimaya,
lampahira age,-age,
Nitilukita neng wuntat,
ambekta ki Jalena,
yun sowan ngarsa sang prabu,
tan kawarnaa neng marga.
10. Wus prapteng regol sitinggil,
Kartimaya kandheg marga.

anganti ing timbalane,
kya patih laju lampahnya,
tumameng dalam pura,
sowan ngarsa sang aprabu,
sri narendra angandika.

11. Paman den kapareng ngarsi,
sun sawang pisowanira,
aneng ngarsaning sun mangke,
ana karya kang wigatya,
mara matura paman,
kyana patih nembah matur,
amba ngirid Kartimaya.
12. Nguni jeng sri narapati,
kinen ngambil ki Jalena,
mangkya nganti timbalane,
sri narendra angandika,
lah mara timbalana,
praptaa ing ngarsaning sun,
kya patih nembah gya mentar.
13. Tan dangu wus prapteng jawi,
manggih lawan Kartimaya,
andhawuhken timbalane,
Kartimaya gya aminta,
bagor pinanggul sigra,
sareng tumameng kadhatun,
tan dangu wus prapteng ngarsa.
14. Sareng nembah janma kalih,
sri narendra dupi mulat,
kalangkung ngungun galihe,
tri pandurat tan ngandika,
gawok jroning wardaya,
anulya ngandika arum,
Kartimaya kadiparan.

15. Pramulane sira bangkit,
ngambil marang ki Jalena,
mara matura den age,
aywa sira wancakdriya,
Kartimaya matur sembah,
denira nglakoni dhawuh,
purwa madya myang wasana.
16. Wus katur sri narapati,
dupi sang nata miyarsa,
kalangkung bendu galihe,
nging sinamun pasmonira,
tuhune sri narendra,
kukuh ka sugiyanipun,
ngasorken kehing kawignyan.
17. Mangkya ki nujum winarni,
tetela pamirengira,
asru kagyat jro driyane,
geter angles jiwangganya,
ngalumpruk tanpa daya,
wus sirna budayanipun,
tan mobah musik lir pejah.
18. Asanget denira ajrih,
myang merang jroning wardaya,
wit wus kondhang saindenge,
jro praja Karangwidara,
kalamun ki Jalena,
prastawa paningalipun,
wikan sabarang prakara.
19. Kang durung lawan kang uwis,
ngantya kagem sri narendra,
marma sanget kuwatire,
bok tampi benduning nata,
nulya nglociteng driya,
prayogane sun umatur,

sarta nyuwun sih narendra.

20. Lubera ingkang aksami,
wit natambek paramarta,
gung asih mring pra dasihe,
ngapura wong kaluputan,
kathah ciptaning driya,
puwara nulya umatur,
mring sang nata angrerepa.
21. Dhuh dhuh adhuh jeng dewaji,
nata ambek paramarta,
binathara karatone,
tuhu asih mring kawula,
ingkang kawelasarsa,
angganjar mring dasihipun,
kang mituhu padukendra.
22. Abdi dalem langkung sisip,
ing ngarsa paduka nata,
mung pasrah pejah gesange,
jeng dewaji wus tan samar,
abdi dalem kawula,
kajawi karsa sang prabu,
nyanyadhang sih padukendra.
23. Ngluberaken kang aksami,
mring ulun kang kawlasarpa,
paringa parimarmane,
abdi dalem nyuwun gesang,
sang nata angandika,
patih uculena gupuh,
dimen kaki nujum medal.
24. Patih nembah gya nguculi,
talining kang bagor sutra,
Kyai Nujum medal age,
marek ngarsa sri narendra,

angraup padeng nata,
angrarepa aturipun,
kathah-kathah aturira,

25. Sang nata ngandika aris :
kaki ora dadi apa,
iku kabeh kalakone,
saka karsengsun priyanga,
kinarya saksinira,
ingkang rekadaya iku,
marmane heh kaki sira.
26. Ywa dadi duhkiteng ati,
myang ywa runtik jro tyasira,
den kadya saban-sabane,
kaki aywa wancakdriya,
ngabdi ing ngarsaningwang,
kabeh kaluputanmu,
sayekti insun apura.
27. Ki nujum wus den lilani,
mulih maring wismanira,
kyai nujum nembah lengser,
saking ngarsa sri narendra,
medal sing dalem pura,
kawarnaa sang aprabu,
alon denya angandika :
28. Heh Kartimaya sireki,
wus nglakoni dhawuhingwang,
datan ana kuciwane,
mengko insun wus pracaya,
mring rekadayanira,
myang nalar-nalarireku,
nanging mangkya insun maksa.
29. Durung pitaya sayekti,
marang rekadayanira,

sarta nalarira kuwe,
lamun durung wruh priyanga,
sarana netraningwang,
marma mangkya ingsun mundhut,
saksinta maneh sapisan.

30. Kartimaya angenjali,
umatur mring sri narendra :
abdi dalem mung andherek,
ing timbalan padukendra;
ulun datan lenggana,
sri narendra ngandika rum,
yen mangkono karsaningwang.
31. Sira ratri mengko iki,
mlebuwa mring dalem pura,
singsimingsun iki mangke,
jupuken sing astaningwang,
nging ywa ngantya konangan,
wadyaning jageng kadhatun,
denta malberg dalem pura.
32. Myang sira den ngati-yati,
gonira ngambil kalpika,
yekti ingsun datan sare,
ing saratri mengko uga,
ingsun mandhi sanjata,
marma den prayitneng kewuh,
kalamun ingsun uninga.
33. Mring sira yekti sun bedhil,
de yen cinepeng ing wadya,
ywa sira tanya dosane,
anuli sira binanda,
pinagas jangganira,
de jenengira kalamun,
tan nglakoni dhawuhingwang.

34. Ingsun utusan prajurit,
anujul mring wismanira,
sira gya cinekel age,
anulya sira binanda,
maring pra wadyabala,
lamun sira maksa purun,
rinodapaksa kewala.
35. Ginawa ing ngarsa mami,
sun karya pangewan-ewan,
ingiring mring janma akeh,
urut marganing nagara,
kalamun wus mangkana,
pinagas jangganireku,
neng madyaning bacira.
36. Tinon saguning pra janmi,
Kartimaya kadiparan,
sira matura den age,
aneng ngarsa jenengingwang,
samana Kartimaya,
kalangkung rudahing kalbu,
sing awrating dhawuh nata.
37. Asanget denira sjrih,
anggarjita jroning nala,
sang nata sanget bendune,
ing semu wus kawistara,
myang awrat sangganira,
timbangan jeng sang sri mulku,
langkung anduparanira.
38. Rehning sampun anyagahi,
yun dherek dhawuh sang nata,
puwara gya nembah age,
umatur mring sri narendra,
dhuh pupundhen kawula,
duduka dalem sadarum,

ulun pundhi ing mastaka.

39. Sadaya dhawuh jeng gusti,
ing sakarsa padukendra,
amba sadremi andherek,
tan purun amalangana,
mung pangestu paduka,
ing kang abdi dalem suwun,
amba bangkit nglampahana.
40. Pukulun Sri Narapati,
kajawi karsa paduka,
amba nyuwun inah mangke,
tri ari kewala cekap,
yun ngulati pambudya,
benjang ari Buda dalu,
amba malbeng dalem pura.
41. Sang nata ngandika malih,
karepireku prayoga,
myang sun paring pangestune,
nanging sira den prayitna,
Kartimaya tur sembah :
pukulun sri mahaprabu,
kawula nyuwun aksama.
42. Kalilana jeng dewaji,
abdidalem arsa wikan,
jro pura prenah-prenahe,
pasareyan padukendra,
myang marga-marganira,
de yen tan makaten ulun,
sayekti datan uninga.
43. Anglengkara ulun bangkit,
ngambil singsim padukendra,
wit datan wikan unggwane,
myang prenahing marga-marga,

sajroning dalem pura,
sri narendra ngandika rum,
payo sun irid mring pura,

44. Lawan sira paman patih,
miluwa malbeng jro pura,
dwi janma nembah gya dherek,
neng pengkeran sri narendra,
mangkana kang winarna,
Kartimaya sinungan wruh,
kamar pasareyan nata.
45. Sang nata ngandika aris :
marang patih Dayayuda,
rehning Kartimaya mangke,
wus wrin jroning dalem pura,
myang pasareyaningwang,
nulya iriden den gupuh,
urut marganing kadhatyan.
46. De kalamun wus udani,
sira wong roro kalilan,
mulih mring wismanta dhewe,
sang nata maringi sigra,
brana tanapi arta,
dhateng Kartimaya wau,
dwi janma anulya nembah.
47. Mentar sing ngarsa sang aji,
kya patih lan Kartimaya,
lumaksa turut margane,
kabeh sajroning kadhatyan,
tan ana kaliwatan,
wusira anulya metu,
kya patih lan Kartimaya.
48. Lan Nitilukita panggih,
tri janma gya lumaksana,

tan kawarna ing margane,
sampun prapteng kapatiyan,
tumameng jro pandhapa,
nulya samya tata lungguh,
angginem timbalan nata.

49. Samana rekyana patih,
kawistareng semunira,
dahat duhkiteng driyane,
wit timbalan sri narendra,
awrat sasangganira,
nyana lamun jeng sang prabu,
asanget ing dukanira.
50. Kyana patih nulya angling :
lah ta kakang kadiparan,
langkung awrat sasanggane,
timbalanya Sri Narendra,
dhateng pun kakang mangkya,
myang andupara satuhu,
tangeh bangkit kalampahan.
51. Yen makaten kadipundi,
yekti datan saged polah,
Kartimaya lon ature :
ywa paduka wancak driya,
amba wus manggih reka,
nglampahi dhawuh sang prabu,
bokmanawi antuk karya.
52. Sing pamanggih amba mangkin,
timbalan sri naranata,
samangkya langkung gampile,
tinimbang kang wus kawuntat,
mung awrat sangganira,
amba pasrah mring Dewagung,
mugi-mugi antuk karya.

53. Kyana patya nabda aris :
sukur kakang sampun manggya,
pambudi rekadayane,
kula amung urun puja,
supadya antuk karya,
nglampahi dhawuh sang prabu,
aywa wonten kara-kara.
54. Kartimaya matur malih,
amung pangestu paduka,
ingkang amba suwun mangke,
de mangkya rehning wus lama,
wonten ngarsa paduka,
kula kalilana mantuk,
kyana patya malih nabda :
55. Kakang samya dum basuki,
mung kula darbe panedha,
lamun wonten parigawe,
myang yen wonten kakirangan,
kula sungana wikan,
ing sasaged-sagedipun,
kula ngrewangi pun kakang.
56. Ywa pakewed ing panggalih,
Kartimaya nulya mentar,
sing ngarsa Kya patih age,
Nitilukita tutwuntat,
lampahe tan winarna,
wus prapta ing wismanipun,
gantya ingkang winursita.
57. Ki nujum ingkang winarni,
lampahira sigra-sigra,
tan dangu prapteng wismane,
ananging nyai Jalena,
myang pra atmaja nira,
tan ana juga kang weruh,

nyana kadya sabanira.

58. Ki Jalena lamun enjing,
sadurunge para suta,
tangi sing patilemane,
medal saking wismanira,
lumaksa urut marga.
mrih ayeming angganipun,
lamun surya wus katingal.
59. Ki nujum mulih mring panti,
dadya rikala samana,
nyi nujum myang pra sutane,
datan ana juga wikan,
lamun kyai Jalena,
dhinustha duk wau dalu,
lajeng katur sri narendra.
60. Dadya eca jroning ati,
tan ana kang nilakrama,
pra suta mring sudarmane,
kawarnaa ki Jalena,
sru duhkitaning driya,
myang merang jroning tyasipun,
de ngantya kenging wisaya.
61. Marma langkung denya runtik,
ngulati pambudyeng driya,
dera mrih cipta dhusthane,
tanduking sandi upaya,
pan amung Kartimaya,
sumedya winales ukum,
ciptanira ki Jalena.
62. Nahen gantya kang winarni,
Kartimaya sru turida,
tanapi sru sumelange,
wimbuh marsing wardaya.

nadyan wus antuk reka,
myang cinipta lamun tamtu,
bangkit ngambil singsim nata.

63. Mung awrat pasangganeki,
timbangan sri naradipa,
pratandha dahat bendune,
tan dadya karsa narendra,
wit kasor pamanggihnya,
puwara micareng kalbu,
nadyan sun tumekeng lena.
64. Wit sing gyaningsun nglakoni,
laku kang bener prayoga,
tan ana kaluputane,
tetep ujaring sujana,
ajrih kalamun lepat,
nging nadyan tumekeng lampus,
tan mungkur mring kabeneran.

XV. PANGKUR

- 1 Kawarnaa Kartimaya,
siang dalu tan wonten kang den pikir,
pan mung timbalan sang prabu,
kinen ngambil kalpika,
ing kang maksih neng ngastane jeng sri mulku,
de kalamun datan bisa,
sayekti tumekeng lalis.
2. Anujwa ari Anggara,
Kartimaya lungguh aneng pandhapi,
datan wonten rewangipun,
amung Nitilukita,
pirembagan amrih prayoganing laku,
denya anglampahana,
timbangan sri narapati.

3. Samana Nitilukita,
wus winangsit pinanggih ing pambudi,
kabeh rekadayanipun,
ngambil ponang kalpika,
miwah denya lumbeng jroning kadhatun,
purwa madya myang wasana,
tan ana kari sawiji.
4. Nitilukita tumandang,
karya andha watonira pring siji,
andha lanang watanipun,
deling lonjoran tiga,
wusing rampung Kartimaya nabda arum:
mene mung kari sajuga,
kang perlu dipun ulati.
5. Wangkening janma pralaya,
lah ta payo Nitilukita aglis,
ngupaya mring dhusun-dhusun,
miwah jroning nagara,
ari iki lamun ana janma lampus,
pintanen maring warisira,
lironana emas picis.
6. Lamun warisnya tan suka,
ywa rinodhapaksa iku tan yukti,
penede samya rinimuk,
pan duki kang lukita,
mardaweng tyas mamalat wardayanipun,
mrih nulya ingulungena,
kalawan leganing ati.
7. Kartimaya nulya medal,
miwah Nitilukita atutwuri,
sampun lepas lampahipun,
mider jroning nagara,
angulati lamun ana janja lampus,

ning wus kemput datan manggya,
sajuga janma kang lalis.

8. Dwi janma gya lumaksana,
medal dhateng sawawining nagari,
mider mring dhusun ngadhusun,
anarutus tatanya,
nanging ngantya Hyang Bagaskara meh surup,
tan manggya janma pralaya,
Kartimaya nulya angling.
9. Heh Nitilukita paran,
ngantya surup diwangkara tan manggih,
wangkening janma kang lampus,
mangka kari sadina,
benjang-enjang lamun manira tan mangguh,
sayekti tan bisa polah,
paran den ingsun nyinggahi.
10. Nitilukita manabda,
dipun sabar benjang-enjang manawi,
antuk parmaning Hyang Agung,
nulya manggya kunarpa,
marma mangke aywa dhuhkitaning kalbu,
pasraha maring Hyang Sukma,
myang nunuwun aywa nganti.
11. Pinidana mring sang hata,
datan ngangge karana manggih sisip,
Kartimaya nabda arum,
ujarira prayoga,
payo mengkyah rehning baskara wus surup,
prayoga mulih kewala,
neng wisma samya binudi.
12. Dwi janma gya lumaksana,
tan kawarna lampahnya wonten margi,
sampun prapteng wismanipun,

nulya malbeng pandhapa,
Kartimaya myang Nitilukita lungguh,
aneng madyaning pandhapa,
saratri tan samya guling.

13. Amung tansah rerembungan,
myang ambudidaya prayoganeke,
denyarsa nglampahi dhawuh,
timbangan sri narendra,
nanging dereng umanggya sarananipun,
marmanira Kartimaya,
dahat rudah ing panggalih.
14. Winursita sampun enjang,
Kartimaya lan Nitilukita aglis,
medal saking wismanipun,
ngulati lir kang dadya,
srananira pambudidayaning kalbu,
lumaksa mider jro kutha,
nanging ugi datan manggih.
15. Wimbuh rudahing wardaya,
wus nirdaya angles tyasnya tan sipi,
Kartimaya nulya muwus,
dhateng Nitilukita:
heh ta Nitilukita paran karepmu,
mengko lamun datan manggya,
kunarpaning janma lalis.
16. Yekti ingsun datan bisa,
ngruruh reka ingkang luwih prayogi,
wit angelira kalangkung,
timbangan sri narendra,
yen tan nganggo rekadaya kadya iku,
sayekti yen datan bisa,
ngambil kalpika sang aji.
17. Lah payo Nitilukita,

samya medal saking jroning nagari,
ngupaya malih mring dhusun,
bokmanawa umanggya,
dene mengko lamun maksa datan antuk,
prayoga sowan ki patya,
nyuwun pratikel kang becik.

18. Rehning sun wus datan bisa,
nglaksanani timbalan sri bupati,
supadya jeng sang aprabu,
suda bebendunira,
aywa nganti manira tumekeng lampus,
rehning sun tannandhang lepat,
kadya janma bosa pati.
19. Samana wus golong rembug,
nulya samya medal saking nagari,
ngupaya mring dhusun-dhusun,
ning uga tan umanggya,
janma ingkang pralaya ari puniku,
ngantya wus lingsir Hyang Arka,
saya wimbuh asru kingkin.
20. Rontang-ranting jroning driya,
Kartimaya sirna budayaneki,
ngalumpruk wus tanpa bayu,
pucat pasemonira,
Kartimaya dangu datan saged muwus,
nulya linggih soring wreksa,
tantara tumuli angling.
21. Heh payo Nitilukita,
samya sowan ngarsaning rakya patih,
rehning sun wus datan mangguh,
wangke janma pralaya,
de kang mangka srana rekadayaningsun,
Nitilukita manabda:
makaten langkung prayogi.

22. Dwi janma nulya lumampah,
sigra-sigra wangsul dhateng nagari,
datan kawarna ing enu,
prapteng jroning nagara,
kacarita lampahira sampun laju,
nulya prapteng kapatiyan,
wus panggih lan kyana patih.
23. Tandya samya tata lenggah,
kyana patya sru kagyat ing panggalih,
mulat dhateng kadangipun,
pasemonira biyas,
kawistara asru duhkitaning kalbu,
myang netranya ngemu waspa,
dangu datan saged angling.
24. Ki patih gya angandika,
kula sawang kakang ngemu prihatin,
prapta wonten ngarsaningsun,
paran darunanira,
mangga kakang kula sinungana weruh,
kakang aywa wancakdriya,
de maring kadang pribadi.
25. Bokmanawi kula mangkya,
bangkit asung panglipur myang mrayogi,
myang punapa kirangipun,
kakang sunga uninga,
ywa kuwatos yekti kula kang katempuh,
Kartimaya lon turira,
pegat-pegat sabdaneki.
26. Mugi paduka karsaa,
paring welas dhateng amba ing mangkin,
kang dahat duhkiteng kalbu,
sumangga ing paduka,
katurira dhumateng jeng Sangaprabu

wit amba wus datan bisa,
nglampahi timbalan aji.

27. Amung pasrah pejah gesang,
kunjuk dhateng ngarsa sri narapati,
wit sampun karseng Hyang Agung,
amba tumekeng lena,
awit saking tan bangkit,
nglampahi dhawuh,
timbalannya Sri Nalendra,
amba wus narimeng pasthi.
28. Nging saking panyuwun amba,
mugi-mugi sang nata amaringi,
pangaksama ingkang agung,
ywa amba pinidana,
ingkang sakalangkung awrat sangganipun,
punapa paduka datan,
welas mring pra suta mami.
29. Kya patih dupi miyarsa,
asru kagyat wardayanya tan sipi,
dheleg-dheleg datan muwus,
kumesar jroning nala,
myang kumepyar-kepyar tyasira atrenyuh,
lir tinebak ing mong tuna,
bayu kadya den lolosi,
30. Tantara dangu ngandika,
kadiparan ing karsanta puniki,
nguni kakang sampun mangguh
budi kang rekadaya,
mene datan bangkit anglampahi dhawuh,
paran kang dadya karana,
dene makaten puniki.
31. Kartimaya sung uninga,
purwa madya wusana kabeh titi,
katur kyana patih sampun,

kabeh rekadayanya,
myang denira ngupaya wangke tyang lampus,
dwi ari datan umanggya,
ki patya ngungun ing galih.

32. Wimbuh asru ruweding tyas,
miwah dahat pakewednya tan sipi,
mangkana ingkang winuwus,
tantara nulya ana,
punakawan sowan dhateng ngarsanipun,
tur uninga mring ki patya,
lamun wonten janma lalis.
33. Sajuga janma ukuman,
kyana patya nalika amiyarsi,
punakawan aturipun,
langkung suka ing driya,
angandika dhateng punakawan wau,
heh bocah age baliya,
wangke gawanen den aglis.
34. Maring ngarsa jenengingwang,
kang liningan tur sandika gya bali,
lumaksana gupuh-gupuh,
wangsul mring pakunjaran,
tanna dangu punakawan prapta sampun,
aneng wisma pakunjaran,
wangke ginotong tyang kalih.
35. Sigra-sigra lampahira,
datan dangu prapteng ngarsa kya patih,
kyana patih nabda arum,
dhumateng punakawan,
wangke iki dimen neng kene bae wus,
kinubur ing benjang-enjang,
dening bocah-bocah nami.
36. Punakawan nulya mentar,

kyana patih pangandikanya aris,
dhateng Kartimaya wau,
mangke kaleres bagja,
wonten janma pakunjaran ingkang lampus,
punika langkung prayoga,
kinarya sarananeki.

37. Kartimaya dahat suka,
wardayanya lir siniram ing warih,
sirna duhkitaning kalbu,
nulya alon manabda,
e e tobil wus pasthine Bathara gung,
antuk parmaning Jawata,
nulya matur mring kya patih.
38. Amung pangestu paduka,
mugi-mugi amba bangkit nglampahi,
dhawuh timbalan sang prabu,
aywa wonten rubeda,
kya patih mesem alon sabdanipun,
mugyantuk parmaning Dewa,
pun kakang lebda ing kardi.
39. Dangu denya rerembagan,
Kartimaya lawan rekyana patih,
dahat suka jroning kalbu,
samana wancinira,
sampun ratri Kartimaya amit mundur,
wangsul dhateng wismanira,
kyana patih anglilani.
40. Kartimaya nulya mentar,
sarta Nitilukita atutwuri,
amanggul wangke tyang lampus,
wus lepas lampahira,
tanna dangu sampun prapteng wismanipun,
nulya samya tata lenggah,
wonten madyaning pandhapi.

41. Kunarpa gya binusanan,
busanane Kartimaya ing nguni,
duk sowan malbeng kadhatun,
ngarsa jeng sri narendra,
wusing rampung Kartimaya dandos gupuh,
sadaya pirantosira,
andha jara miwah linggis.
42. Sampun pepak aneng ngarsa,
duking wanci tengah dalu anuli,
Kartimaya medal gupuh,
miwah Nitilukita,
Kartimaya manggul wangke janma lampus,
Nitilukita ambekta,
andha jara miwah linggis.
43. Kacarita lampahira,
sampun prapta sakilening capuri,
andha gya pinasang sampun,
wonten ing pager bata,
sungsun tiga sambung-samung wus kemput,
Kartimaya nulya minggah,
wusira prapta ing nginggil.
44. Tandy ngulungaken tampar,
pan kinarya ngambil pirantosneki,
myang wangkening janma lampus,
wusnya rampung sadaya,
nulya Nitilukita minggah mring ruhur,
andha gya tinarik menggah,
pinasang jroning capuri.
45. Kalinya samya tumedhak,
gantya-gantya sing pagering capuri,
nulya lumaksana gupuh,
tantara sampun prapta,
pager bata capuri ping kalihipun,

andha pinasang tumulya,
samy minggah genti-genti.

46. Makaten ngantya ping tiga,
wit capuri pager bata sungsun tri,
mangkana ingkang winuwus,
wus prapta jroning pura,
datan wonten janma kemit ingkang weruh,
dwi janma nulya lumaksa,
nyelak dhateng dalem puri.
47. Gwanira sare sang nata,
Kartimaya tandya tumandang aglis,
anjara mring tembokipun,
Sang Nata dupi myarsa,
sigra wungu amundhi sanjatanipun,
tumedhak sing pasareyan,
nulya lenggah aneng kursi.
48. Anggarjita jroning driya,
baya iki Kartimaya wus prapti,
yun dhustha kalpikaningsun,
kawarna Kartimaya,
panjaranya pager bata sampun tembus,
jara gya tinarik medal,
kinarya nginte sing jawi.
49. Kartimaya wus tetala,
pamulatnya lamun sri narapati,
amundhi sanjatanipun,
lenggah kursi pribadya,
Kartimaya nulya minta linggisipun,
temboknya nulya binabah,
kadya pratingkahing juti.
50. Sang nata wus datan samar,
sanjatanya cinoncang asta neki,
Kartimaya saya sengkut,

tineter panglinggisnya,
tanna dangu pambabahira wus rampung,
Kartimaya wus prayitna,
yen sang nata noncong bedhil.

51. Anulya nyandhak kang sawa,
linebetken maring babahan neki,
amung sirah mungup-mungup,
dupi Sang Nata mulat,
dahat bendu ing driya apungun-pungun,
jaja bang mawinga-winga,
menyat jumeneng sing kursi.
52. Cipteng driya sri narendra,
lamun iku Kartimaya yekti,
lumbet babahanipun,
nulyarsa sinanjata,
ning kunarpa gya tinarik medal gupuh,
dadya deniara nyanjata,
pangincengnya den kendeli.
53. Tantara ponang kunarpa,
linebetken dhateng babahan malih,
Sang Nata dupi andulu,
kang pindha Kartimaya,
wimbuh bendu Sang Nata panggalhipun,
bramantya gya sinanjata,
Kartimaya duk miyarsi.
54. Dhateng ungeling sanjata,
miwah dhateng swara mimis ngenani,
tumama ing sirahipun,
wangkening janma pejah,
ponang sawa nuli ingeculken gupuh,
gumalinting aneng kisma,
sareng lan ungeling bedhil.
55. Dupi sang nata tumingal,

kang kanyana Kartimaya ngemasi,
tibeng kisma gumaluntung,
suka panggalihira,
manglocati sri narendra jroning kalbu,
wus lega panggalihingwang,
Kartimaya wus ngemasi.

56. Sri narendra angandika,
dahat lega rasaning pamikir mami,
Kartimaya mene lampus,
mara iku rasakna,
bathukira ngantya tekeng githok tembus,
denira wani maring wang,
madoni mring jeneng mami.
57. Myang marang pamanggihingwang,
ngremehake kasugyaningsun iki,
janma kang mangkono iku,
sasat nedya andaga,
anyunyuda marang kaluhuraningsun,
lah mara sira tangiya,
sira banget mejanani.
58. Mara age tutugena,
dera arsa malang ing karsa mami,
sireku dahat kumenthus,
ngaku labdeng kawignyan,
pinter nalar kagunaan myang ngelmu-ngelmu,
pikirmu kadya wong owah,
patut sira den jujuwing.
59. Anulya sri naranata,
wangsul lenggah dhateng kursinya malih,
kawarnaa sang aprabu,
eca denira lenggah,
dangu-dangu tan sakeca jronging kalbu,
mangkana panyiptanira,
sang nata jroning panggalih.

60. Iya kaya jenengingwang,
ratu agung sinembah wong sanagri,
binathara kratoningsun,
luhur kapraboningwang,
akeh ratu sewaka ing ngarsaningsun,
mangkya sun mateni janma,
kang tan kadunungan sisip.
61. Iku aran ratu nistha,
datan pantes sinembah mring pra janmi,
suda kaluhuraningsun,
mendah loking pra janma,
para ratu lyan praja anulya purun,
wit sun anglakoni nistha,
tan pantes minulyeng dasih.
62. Supadya aywa konangan,
kuwandhane Kartimaya puniki,
prayogengsun pendhem gupu,
ing ratri iki uga,
kathah-kathah cipteng galinya sang prabu,
anulya sri naranata,
mungu mring sang prameswari.
63. Sri Narendra angandika,
ingsun titip kalpikaning sun dhisik,
mengko sakedhap sun pundhut,
nulya ponang kalpika,
piningraken mring sang prameswari prabu,
tinampen ingagem sigra,
mungging ngasta prameswari.
64. Sang nata lukar busana,
sinampirken mungging ruhuring kursi,
Kartimaya duk andulu,
lamun sang nata lukar,
Kartimaya lan Nitilukita gupuh,

mire nulya asingidan,
iringaning dalem puri.

65. Sang Nata ngangkat kunarpa,
gya binekta medal sing dalem puri,
bekta linggis miwah pacul,
dhateng pojoking pura,
karsanira kang wangke arsa kinubur,
neng pojoking dalem pura,
dangu jeng sri narapati.
66. Denira ngubur kunarpa,
wus mangkana ratu yekti tan bangkit,
ulah kridaning mamacul,
awit datan kulina,
dadya dangu sang nata denira ngubur,
mring wangkening janma pejah,
mangkana ingkang winarni.
67. Sadangunya sri narendra,
wonten jawi angubur ponang mayit,
Kartimaya kang winuwus,
enggal malbeng babahan,
gya lumebet sajroning dalem karatun,
angrasuk busananira,
pangageman sri bupati.
68. Memba sang sri narapati,
gya nyelaki gwannya nendra sang putri,
narpadayita winungu,
Kartimaya manabda,
mene nimas kalpikengwang ingsun pundhut,
mara age ulungena,
nimas aneng ngasta mami.
69. Ya ta sang narpadayita,
gupuh-gupuh denya ngulungken singsim,
wit kanyana lamun iku,

raka sang sri narendra,
wit Sang prameswari nata mentas wungu,
marmane datan tetela,
paningalira sang putri.

70. Dhateng kang memba sang nata,
prameswari nulya anendra malih,
Kartimaya dupi sampun,
nampeni kang kalpika,
busananya sang prabu ingkang rinasuk,
nulya aglis rinucatan,
sinampirken kursi malih.
71. Kartimaya tandya medal,
lawan Nitilukita sampun panggih,
jinawil nulya tut pungkur,
sigra denya lumaksa,
kacarita lampahnya dwi janma wau,
wus lumangkah pager bata,
capurining dalem puri.
72. Wusira prapta ing jaba,
gya lumaksa mantuk mring wismaneki,
ing marga datan winuwus,
tantara sampun prapta,
wismanira anulya samya lumebu,
wonten madyaning pandhapa,
samya suka ing panggalih.
73. Winursita sri narendra,
wusnya rampung denya angubur mayit,
nulya wijk sang aprabu,
tandya malbeng jro pura,
sri narendra angrasuk busanaipun,
nulya mrepeki kang garwa,
sang nata ngandika aris:
74. Mangkya nimas kalpikengwang,

ingsun pundhut ulungna ngasta mami,
dupi prameswari prabu,
myarsa pangandikanya,
sri narendra sru kagyat wardayanipun,
miwah dahat ajrihira,
gya wungu sang prameswari.

75. Marek ngarsa sri bupatya,
ngestupada myang aturira aris,
wau sinten ingkang mundhut,
dhateng pongang kalpika,
mapan sampun dalem caosaken wau,
dhateng pukulun sang nata,
punapa limut ing galih.
76. Dupi sang nata miyarsa,
mring ature garwa sang prameswari,
dahat ngungun jroning kalbu,
dangu datan ngandika,
sru pakewed sang nata panggalihipun,
mangkana ciptaning driya,
ewuh goningsun ngarani.
77. Apa ta si Kartimaya,
kang anjupuk kalpikaningsun iki,
apa ta ora wus lampus,
keneng sanjataningwang,
myang wangkene mapan uwis ingsun kubur,
mene ngambil kalpikengwang,
kadiparan gone bangkit.
78. Lamun nyata Kartimaya,
kang palastra keneng sanjata mami,
nulya sapa ingkang jupuk,
kalpikaningsun mangkya,
dene nimas matur yen wus ingsun pundhut,
mangka ingsun tan rumangsa,
amundhut kalpika mami.

79. Puwara aris ngandika,
aturira nimas kadya wong ngimpi,
ingsun tan rumangsa mundhut,
kalpika marang sira,
lagya iki nimas goningsun amundhut,
lah nimas aywa kasesa,
sarehna wuwusireki.
80. Ywa bingung wardayanira,
nulya age matura ngarsa mami,
ya ta prameswari prabu,
asanget ajrihira,
tandya ngraup sampeyanira sang prabu,
saha matur angrerepa:
pukulun sri narapati.
81. Kawula nyuwun aksama,
pan sayekti kawae tan angimpi,
tanapi sru ajrih ulun,
yen matur ngamandaka,
mapan dereng dangu gyan paduka mundhut,
kalpika dhateng kawula,
sang nata ngandika malih:
82. Paran sing pagrasanira,
wit manira lagya mlebu saiki,
manjing jro dalem kadhatun,
apa ing mau ana,
janma ingkang anggugah marang sireku,
gya minta ponang kalpika,
sanadyan mangkono yekti.
83. Apa sira tan waspada,
denta mulat marang busananeki,
myang marang pasemonipun,
lamun dudu manira,
Prameswari nembah umatur sang prabu,

gusti guru laki amba,
amba tan kadya tyang baring.

84. Menggah busana paduka,
datan samar paningal amba yekti,
pan amung pasemonipun,
reh amba mentas nendra,
yekti datan tetela paningal ulun,
de saking panyipta amba,
sayekti tan wonten kalih.
85. Kadya busana sri nata,
lawan malih panyipta amba gusti,
sinten janma ingkang purun,
tumameng dalem pura,
lamun datan tinimbangan jeng sri mulku,
myang ugi dahat nglengkara,
purun malebet ing ngriki
86. Sang nata dupi miyarsa,
aturira garwa sang prameswari,
anggarjita jroning kalbu,
lamun mangkono iya,
Kartimaya kang ngambil kalpikaningsun,
dene janma kang palastra,
kena ing sanjata mami.
87. Iku janma ingapusan,
pan kinarya banten pinurih mati,
yen mangkono nadyan baud,
maring kyehting kawignyan,
atinira dhemen mring tindak kang dudu,
tetela panyiptaningwang,
janma kang wasis mring ngelmi.
88. Nalar tanapi kawignyan,
yekti lamun amurang tatakrami,
tindak tanduknya tan lurus,

mring samaning tumitah,
ambeksia myang karyanira bibidhung,
ngapusi mring liyan janma,
tan darbe welas mring janmi.

89. Sang nata malih ngandika:
heh ta nimas aywa dadi pamikir,
mene rehning wus kabanjur,
mengkyengsun paring warta,
kang supadya ywa sira kagyating kalbu,
mangkana sri naranata,
wawarta mring prameswari.
90. Purwa madya myang wasana,
datan ana kaliwatan sawiji,
dupi prameswari prabu,
myarsa sabdaning raka,
asru ngungun panggalihira gegetun,
ngrasa lamun manggih lepat,
mring raka sang Sri bupati.
91. Anulya angaraspada,
prameswari matur angasih-asih:
pun dasih tadhah bebendu,
ing ngarsa padukendra,
boten namung anyanyadhang sih pukulun,
aksama paduka nata,
pun dasih kalangkung sisip.
92. Sang nata aris ngandika:
heh ta nimas iku tan dadya kawis,
wit iku sing karsaningsun,
amung kinarya tandha,
pasaksena lamun kawignyan puniku,
apa ta bangkit ngasorna,
maring brana lawan picis.
93. Dangu denira ngandikan,

sri narendra lawan sang prameswari,
tan saged sare sang prabu,
nulya wus wanci enjang,
sri narendra medal sing dalem kadhatun,
tindak mring prabasuyasa,
lenggah neng kursi pribadi.

94. Nimbali abdi kapedhak,
datan dangu abdi kapedhak prapti,
sowan ngabyantara prabu,
Yasaguna manembah,
Sri narendra Jarumaya ngandika rum,
marmane heh Yasaguna,
sun timbali ngarsa mami.
95. Mene sira inghun duta,
mring paglaran pinanggya paman patih,
kadhawuhna timbalaningsun,
lamun ari punika,
ingsun datan siniwakeng Sitiluhur,
patih kinen dhawuhana,
maring kang samya sumiwi.
96. Kinen prasamya bubarane,
wusing rampung paman inghun timbali,
sowan ngabyantaraningsun,
tumameng dalem pura,
Yasaguna nembah sandika turipun,
nulya mentar sing ngarsendra,
medal saking dalem puri.
97. Kawarnaa ing paglaran,
sampun pepak wadyabala anangkil,
pra bupati myang tumenggung,
Kya Patih mungging ngarsa,
sampun samya sewaka neng Sitiluhur,
kacarita lampahira,
abdi kapedhak wus prapti.

98. Wus panggih lan kyana patya,
Yasaguna andhawuhaken nuli,
dhawuh timbalan sang prabu,
patih matur sandika,
kyana patih nulya andhawuhken gupuh,
dhawuh timbalan sang nata,
ambibarken kang sumiwi.
99. Kabeh kang samya sumewa,
dupi antuk timbalannya Sang Aji,
nulya bibaran sadarum,
samyantuk mring wisma,
amung kyana patih gya malbeng kadhatun,
sowan ngarsa Sri narendra,
tan dangu nulya wus prapti.
100. Sang nata aris ngandika:
marmanira paman ing sun timbali,
prapteng ngabyantaraning sun,
sun arsa paring warta,
ingsun datan siniwakeng Sitiluhur,
wit ruwed jro tyas manira,
kang kalakon mau ratri.
101. Enggone si Kartimaya,
malbeng pura angambii singsim mami,
mangkana ta sang aprabu,
denira paring priksa,
mring ki patiyeng purwa myang wasana putus,
tan ana kari sajuga,
sang nata ngandika malih:
102. Paman patih kadiparan,
pratingkahe Kartimaya puniki,
mungguh saking panimbangmu,
apa tan murang tata,
dene ngantya wani marang jenengingsun,

ngajak guguyon maring wang,
myang tindaknya datan yukti.

103. Rewangnya pinrih palastra,
yeku nyata lamun ala tyasneki,
tan welas mring saminipun
ngrembug badan priyangga,
iku aran alaning ala satuhu,
tan pantes winor ing kathah,
heh matura paman patih.
104. Kyana patih matur nembah:
dhuh pukulun pupundhen amba gusti,
paringa aksama agung,
abdi dalem kawula,
kumapurun matur ing ngarsa sang prabu,
ingkang makaten punika,
ing pamanggih ulun gusti.
105. Punika tan murang tata,
miwah purun dhateng jeng sri bupati,
tuwin sembranan puniku,
angajak gugujengan,
ing ngatasing kawula sru ajrihipun,
mring ratu pupundhenira,
makaten sri narapati.
106. De ngantya pun Kartimaya,
kumapurun malebet dalem puri,
angambil singsim pukulun,
pan sing dhawuh paduka,
dene lamun pun Kartimaya puniku,
tan bangkit ngambil kalpika,
kagungan pukulun gusti.
107. Dhawuh dalem sri narendra,
Kartimaya tinigas jangganeki,
yekti awrat sanggenipun,

ingkang dhawuh timbalan,
sanadyana makaten ugi sang prabu,
Kartimaya tan lenggana,
nglaksanani dhawuh aji.

108. Wit karya pasaksenira,
kasugiyen punika kasor dening,
kawignyan tanapi ngelmu,
nalar myang rekadaya,
pan ing mangkya lamun rajabrana agung,
tetela lamun kasoran,
dening kawignyan nyang ngelmi.
109. Nalar miwah rekadaya,
kang prayogi dahat amigunani,
mring para janma sawegung,
tan wonten nimbangana,
janma ingkang arsa sugih brana agung,
tukira saking kawignyan,
myang nalar ingkang prayogi.
110. Anjawi saking punika,
andupara lamun janma kang wasis,
kawignyan tanapi ngelmu,
amurang tatakrama,
anglampahi ing tindak ingkang mrih dudu,
miwah pandamel kang nistha,
sayekti dipun singkiri.
111. Sang nata aris ngandika:
paman iku panimbangmu pribadi,
sru beda lan pamangyengsun,
wus akeh saksinira,
kabeh janma geng alit samya kapencut,
mring mas picis rajabrana,
nadyan sujanma kang wegig.
112. Putusmu barang kawignyan,
-

nalar-nalar rekadaya myang ngelmi,
nglengkara yen tan kapencut,
kapengin sugih brana,
mara paman rasakna jroning atimu,
sayekti tan andupara,
pamanggih ingsun pribadi.

113. Marmanira paman mangkya,
lamun Kartimaya yun sowan mami,
dhawuhna timbalaningsun,
mengko sore prayoga,
bareng lawan sira sowan ngarsaningsun,
mene paman wus kalilan,
lengser saking ngarsa mami.
114. Rekyana patih manembah,
nulya mentar sing ngarsa sri bupati,
medal sing dalem kadhatun,
tan dangu sampun prapta,
lampahira kya patih neng ngalun-alun,
duk samana Kartimaya,
denya lumaksa wus prapti.
115. Wonten madyaning bacira,
kyana patih awas denya ningali,
anulya ingawe gupuh,
Kartimaya duk mulat,
gya marani mring gone sang mantri ngayun,
kyana patih aris nabda,
dhawuhken timbalan aji.
116. Kartimaya tur sandika,
nulya wangsul andherek mring ki patih,
ing marga datan winuwus,
wus prapteng kapatiyan,
patih lawan Kartimaya tata lungguh,
wonten madyaning pandhapa,
dangu pirembagan sami.

117. Dhateng prayogining lampah,
miwah dhateng timbalan sri bupati,
ywa ngantya manggih kang dudu,
miwah benduning nata,
denya samya nglampahi timbalanipun,
darapon manggya raharja,
ing ngarsa Sri nata mangkin.

XVI. SINOM

1. Duk samana wancinira,
Hyang Bagaskara wus inggil,
Kartimaya amit mentar,
arsa mulih maring panti,
kya patih anglilani,
miwah Sabdanira arum:
kakang andum raharja,
ywa manggya sakawis-kawis,
boten namung donga-dinonga kewala.
2. Kartimaya nulya mentar,
sing ngarsanira kya patih,
tan dangu wus prapteng wisma,
ciptanira jroning ati,
paran darunaneki,
sun arsa sowan Sang prabu,
nulya tampi timbalan,
karsanira sri bupati,
mengko sore kinen sowan ngarsa nata.
3. Lan malih sri naranata,
ing ari Respati iki,
datan miyos sinewaka,
apa ta sekeling galih,
karana mau ratri,
myang apa ta sang aprabu,
lagya ngupaya budya,

marganingsun manggya sisip,
awit kasor pamanggihira Sang nata.

4. Makaten panyiptanira,
Kartimaya jroning ati,
dadya tan eca ing driya,
bok manggya bendu sang aji,
kang tan nganggo ginalih,
mung nurut ardaning kalbu,
temah tampi pidana,
tan karana manggya sisip,
gantya ingkang winursita Sri narendra.
5. Saungkurira ki patya,
sang nata utusan abdi,
animbali ki Jalena,
datan dangu sampun prapti,
ngabyantara sang aji,
sang nata ngandika arum,
marmane kaki sira,
sun timbali ngarsa mami,
ingsun arsa tanya maring jenengira.
6. Paran sing panimbangira,
mungguh Kartimaya mangkin,
wani-wani marang ingwang,
ngajak sembranan mring mami,
banget amejanani,
lah kaki sun paringi wruh,
kang uwis kalampahan,
duking ratri mau iki,
sri narendra wawarta mring ki Jalena.
7. Purwa madya myang wasana,
tan ana kari sawiji,
sang nata malih ngandika,
paran panimbangmu kaki,
ywa sira walangati,

matura ing ngarsaningsun,
dupi kyai Jalena,
mireng sabdaning narpati,
dahat suka ing driya marwata suta.

8. Panyiptanireng wardaya,
kalamun sedyaning ati,
masthi bakal kasembadan,
dera mrih Kartimaya nis,
saking jroning nagari,
kaleresan sanga aprabu,
ing semu sanget duka,
marang Kartimaya mangkin,
sawusira ki nujum ngartikeng driya.
9. Nembah matur mring sang nata,
pukulun sri narapati,
kasinggihan dhawuh nata,
datan wonten ingkang sisip,
mapan punika yekti,
cundhuk lawan pambon ulun,
nama ngelmu wirasat,
sayekti datan nalisip,
janma ingkang lir Kartimaya punika.
10. Tan kenging yen pinilala,
cinaketaken narpati,
musebat watekenira,
drengki srei myang muthakil,
tuhu ambapayani,
wit Kartimaya puniku,
nadyan wasis mubarang,
kawignyan nalar myang ngelmi,
miwah rekadaya langkung sage dira.
11. Ngantya bangkit malbeng pura,
dhustha singsim sri narpati,
mangka tan kirang panjaga,

tanapi sri narapati,
sampun prayitneng westhi,
ewadene jeng sri mulku,
Kartimaya tan kewran,
denya malbeng dalem puri,
miwah denya ngambil singsim padukendra.

12. Makaten ugi sang nata,
yen Kartimaya darbeni,
tindak ingkang tan prayoga,
nedya nyidra sri bupati,
sayekti lamun gampil,
wit sing rekadayanipun,
mangkya panimbang amba,
kajawi karsa jeng gusti,
tinundhunga sing praja langkung prayoga,
13. Wit lamun datan mangkana,
satuhu ambebayani,
ing tembe pun Kartimaya,
wimbuh kapurunaneki,
mring Kangjeng sri bupati,
nandukken timdak kang dudu,
tamtu yen Kartimaya,
wasis ngirup mring pra janmi,
wusnya kathah anulya samya balela.
14. Lan malih jeng sri pamasa,
warangka dalem kya patih,
saking pandugi kawula,
mring Kartimaya ngrujuki,
pramila sanget gampil,
nglampahi dhawuh sang prabu,
mangkya lamun ki patya,
maksih klilan malbeng puri,
miwah klilan medal saking kapatayan,
15. Sanadyan pun Kartimaya,

sampun tinudhung sing nagri,
maksih sanget gampilira,
nanduken tindak tan yukti,
ingkang mutawatosi,
dhateng pukulun sang prabu,
lamun tan kaleresan,
temah risak kang nagari,
praja dalem nagari Karangwidara.

16. Dupi sang nata miyarsa,
ki Jalena aturneki,
wawadul angamandaka,
dahat bramantya tan sipi,
kejot padoning lathi,
aringas pasuryanipun,
idep mangada-ada,
pratandha sangeting runtik,
sri narendra gya nimbali Yasaguna.
17. Tan dangu wus prapteng ngarsa,
sang nata ngandika wengis,
heh Yasaguna sunduta,
sira lumakuwa aglis,
katemu paman patih,
dhawuhna timbalaningsun,
mangkya si paman patya,
datan kena malbeng puri,
lamun datan ana timbalan manira.
18. Myang tan kena lunga-lunga,
dene pakaryeng nagari,
myang ruwed rentenging praja,
ingsun dhewe kang nylirani,
yen paman maksa wani,
metu saking wismanipun,
aywa atakon dosa,
ingsun tigas jangganeki,
Yasaguna nambah mentar sing ngarsendra.

19. Saungkure Yasaguna,
sri narendra animbali,
mantri gandhek prapteng ngarsa,
sri nata ngandika aris,
heh gandhek ingsun tuding,
dhawuhna timbalaningsun,
marang si Kartimaya,
akanthiya kang prajurit,
ingsun utus amundhut kalpikaningwang.
20. Wus sira nulya dhawuhna,
ing samengko karsa mami,
Kartimaya datan kena,
ngambah sajroning nagari,
mangkata dina iki,
de yen ngantya kumapurun,
ngambah jroning nagara,
yekti ingsun ukum pati,
myang aterna ing tepis iringing praja.
21. Mantri gandhek nembah mentar,
lengsor sing ngarsa sang aji,
medal sing dalam pura,
anganthi wadyabala tri,
sang nata kang winarni,
ngandika dhateng ki nujum:
mene ki Nujum sira,
saking karsa jeneng mami,
saban ari Respati tanapi Soma.
22. Sawana neng Sitibentar,
angrembug kehing prakawis,
ki Jalena matur nambah,
sandika dhawuh sang aji,
sembah nuwun jeng gusti,
parimarma Sang sri mulku,
nata maringi sigra,

- brana atanapi picis,
kyai nujum nembah mentar sing ngersandra.
23. Medal saking dalem pura,
dahat suka jroning ati,
nyipta tamtu kasembadan,
dera mrih Kartimaya nis,
saking jroningnnagari,
asru lega jroning kalbu,
samana lampah ira,
sampun prapteng wismaneki,
kawarnaa lampahira Yasaguna.
24. Wus prapta ing kapatiyan,
panggya lan rekyana patih,
Yasaguna gya manabda,
dhawuhken timbalan aji,
dupi rekyana patih,
tampi timbalan sang prabu,
kagyat jroning wardaya,
dheleg-dheleg datan angling,
sru duhkita angles wus datanpa daya.
25. Nyana lamun sri narendra,
dahat dukanya tan sipi,
kya patih nulya manabda,
sandika dhawuh narpati,
kula amung sadremi,
dherek timbalan sang prabu,
wusira Yasaguna,
dhawuhken timbalan aji,
nulya amit mentar sing ngarsa ki patya.
26. Mangkana rakyana patya,
nyipta lamun manggya sisip,
karana sing aturira,
kasugiyen kasor dening,
kawignyan tuwin ngelmi,
witnata sugih brana gung,

myang kuwantosing driya,
lamun Kartimaya manggih,
kapidana kalangkung ing awratira.

27. Marma tan eca ing driya,
mangkana ingkang winarni,
lampahira gandhek prapta,
Kartimaya wismaneki,
Kartimaya ningali,
sru kagyat jroning tyasipun,
gandhek nulya manabda,
dhawuhken timbalan aji,
kinen mundhut kalpikanira Sri Nata.
28. Kartimaya gurawalan,
ngulungken singsim sang aji,
wusira tinampen ngasta,
gandhek andhawuhken malih,
timbangan sri bupati,
yen Kartimaya tinundhung
Kartimaya duk myarsa,
dhawuh timbalan narpati,
lenger-lenger puwara matur sandika.
29. Gya ngatag mring rabinira,
myang kabeh isining panti,
kinen age asiyaga,
rabinya kagyat tan sipi,
senggruk-senggruk anangis,
Kartimaya nabda arum,
aywa sira mangkana,
wit iku karsa narpati,
datan kena kawula yen ambangkanga.
30. Wusira rampung siyaga,
Kartimaya abibisik,
riri mring Nitilukita,

kinen angaturi uning,
dhateng rekyana patih,
kabeh dhawuhnya Sang prabu,
myang asunga uninga,
dhukuhan kang den dunungi,
ngidul ngilen sing praja Karangwidara.

31. Gebangsari watanira,
wusira telas kang wangsit,
Kartimaya tandya bidhal,
kabeh saisining panti,
tan ana kari siji,
mung pandaya kang sru ewuh,
winawa dening janma,
punika titilar sami,
ingiringken gandhek sarta wadyabala.

32. Ngidul ngilen lampahira,
tantara nulya wus prapti,
tepis iringing nagara,
mantri ngandhek myang prajurit,
ingkang samya angiring,
sadaya anulya wangsul,
malbeng jroning nagara,
gandhek laju lampahneki,
malbeng pura sareng lawan Yasaguna.

33. Sowan byantareng narendra,
tur uninga mring Sang aji,
sasolahira dinuta,
Sang nata lega ing galih,
nulya ngandika aris,
Yasaguna karsaningsun,
wismane Kartimaya,
supaya nulya jinagi,
aywa ngantya ana kang ewah sajuga.

34. Myang ywa den enggeni janma,

wit iku sangar kang siti,
 mangkya sira wus kalilan,
 mentar saking ngarsa mami,
 mangkana janma kalih,
 gya lengser sing ngarsa prabu,
 medal sing dalem pura,
 kuneng gantya kang winarni,
 lampahira Nitilukita wus prapta

35. Kapatiyan sampun panggya,
 kalawan rekyana patih,
 kya patih aris ngandika,
 mara den kapareng ngarsi,
 Nitilukita aglis,
 marek wonten ngarsanipun,
 kya patih angandika;
 sira sowan ngarsa mami,
 apa ana prakara ingkang wigatya.
36. Dene mung sira priyangga,
 kakang mangkya aneng ngendi,
 Nitilukita anulya,
 tur uninga mring kya patih;
 kabeh dhawuh narpati,
 purwa myang wasana putus,
 myang prenahe dhukuhan,
 kang karsa dipun dunungi,
 Gebangsari wastanireng padhukuhan.
37. Kya patih dupi miyarsa,
 dahat ngungun jroning galih,
 dudukanira Sang nata,
 mung nurut ardaning kapti,
 datan nganggo ginalih,
 apa saprayoganipun,
 amung ecaning driya,

Kartimaya datan nganti,
pinidana maring jeng Sri naranata.

38. Kya patih aris ngandika,
heh Nitilukita mangkin,
sira age sumusula,
kakang maring Gebangsari,
sira sunga udani,
mungguhing kaananingsun,
mangkya tan kena lunga,
sing jro kapatiyan iki,
pan mangkene dhawuhnya Sri naradipa.
39. Mangkene bae welingwang,
yen ana karya wigati,
kakang kinen akongkonan,
weh weruh mring jeneng mami,
nadyan sun datan keni,
metu saking wismaningsun,
nanging manawa bisa,
sung sarana kang prayogi,
aturira Nitilukita sandika.
40. Kya patih maringi sigra,
brana atanapi picis,
kinen maringaken marang,
Kartimaya kadangneki,
samana sampun wanci,
Hyang Bagaskara wus surup,
Nitilukita mentar,
sing ngarsanira kya patih,
lumaksana mulih mring wisma priyangga.
41. Tan dangu wus prapteng wisma,
kawarnaa para murid,
kang samya apuruita,
mring kartimaya ing nguni,
sampun myarsa wawarti,

yen Kartimaya tinundhung,
dening Sang Sri narendra,
tan kenging wonten nagari,
awit saking denya nglampahi timbalan.

42. Gya ngumpul mring wismanira,
Nitilukita tumuli,
pra siswa sagolong rembag,
yun nusul mring Gebangsari,
mangkana para murid,
sawengi tan ana turu,
nityasa ararasan,
kawarna wus wanci enjing,
para siswa lan Nitilukita budhal.
43. Sigeg kang samya lumaksa,
ya ta gantya kang Winarni,
lampahira Kartimaya,
wusira antuk tri ari,
anulya sampun prapti,
maring kang sinedyeng kalbu,
Gebangsari dhukuhan,
wismanya sudaraeki,
prenah sepuh ipe lawan Kartimaya.
44. Lulurah ing padhukuhan,
Nalasetya wastaneki,
dupi wrin sudaranira,
prapta aneng wismaneki,
dahat suka ing galih,
wit dangu datan pinangguh,
wusnya atata lenggah,
Natasetya nabda aris;
salaminya pun adhi datan pinanggya.
45. Punapa samya raharja,
kakang dahat ngarsi-arsi,
Kartimaya nulya nabda:

inggi sanyantuk basuki,
tan wonten kawis-kawis,
wit sing barkahing Dewa gung,
nanging mangkya kularsa,
mring kakang asung pawarti,
mene kula sing karsanya Sri narendra.

46. Kinen kesah saking praja,
Karangwidara nagari,
dene kang dadya karana,
Sang nata benceng pamanggih,
lawan rekyana patih,
dwi prakara kang rinembug,
kasugyan lan kawignyan,
pundi kang langkung utami,
myang punika pundi ingkang luwih guna.

47. Migunani mring pra janma,
Sang nata kekah ing galih,
yen kasugiyen punika,
datan ana kang nimbangi,
de kawignyan myang ngelmi,
kasor dening brana agung,
nanging rekyana patya,
kekah mring kawignyaneki,
kasugiyen kasoran dening kawignyan.

48. Ngelmu miwah rekadaya,
sang nata gya mundhut saksi,
kya patih matur Sang nata,
yen kula sagah ngunjuki,
ingkang dadya pasaksi,
yen kasugiyen puniku,
kasor dening kawignyan,
nulya kula den timbali,
sowan wonten byantareng Sri naranata.

49. Pan mangkana Kartimaya,

sung warta mring kadangneki,
purwa madya myang wasana,
dupi Nalasetya myarsi,
langkung ngungun ing galih,
puwara nulya nabda rum:
mene langkung prayoga,
adhi wisma aneng ngriki,
padhukuhan ing Gebangsari punika.

50. Ywa adhi rudah ing driya,
wit sing karseng sri bupati,
tan karana manggya lepat,
mung nrimeng pasthening dhiri,
wit ratu iku yekti,
kuwasa karya bangbiru,
tan ana malangana,
kabeh karsaning narpati,
kuntul dhandhang kawula manut kewala.

XVII. DHANDHANGGULA

1. Kartimaya eca ing panggalih,
neng wismanya kadang ipe wreda,
Gebangsari dhukuhane,
mangkana kang winuwus,
para janma kanan myang kering,
dupi samya uninga,
mring Kartimayeku,
samya resep ing wardaya,
miwah tindak tanduk patrapira becik,
dhumateng Kartimaya.
2. Samya darbe paminta tumuli,
Kartimaya pinurih mumulang,
kagunan myang kawignyane,
ngelmu tanapi kawruh,
amardia mring sutaneki,
mangkana Kartimaya,

suka jroning kalbu,
kaparengan ing tyasira,
mring pamintanira janma kanan kering,
kalampahan mumulang.

3. Kacarita wusira tri ari,
para siswa denya lumaksana,
prapta ing padhukuhane,
Gebangsari puniku,
Kartimaya kagyat ningali,
praptane para siswa,
kang samya tutpungkur,
umiring Nitilukita,
nulya samya lungguh madyaning pandhapi,
Kartimaya manabda:
4. Heh pra kanca-kancingong sami,
nusul marang Gebangsari mangkya,
apa karaharjan kabeh,
pra siswa saur manuk,
inggihi sami manggya basuki,
tan wonten kara-kara
barkahing Dewa gung,
Kartimaya malih nabda:
apa gene sira nusul marang mami,
paran ing karsanira.
5. Para siswa amangsuli manis,
marma kula nusul mring paduka,
pra siswa golong rembuge,
lamun sambadeng kalbu,
pra siswanta nedya tutwuri,
dhateng paduka mangkya,
Gebangsari dhukuh,
kula tan saged kantuna,
wonten praja Karangwidara nagari,
nedya dherek paduka.

6. Kartimaya nulya nabda malih,
yen mangkono iku karsanira,
karya wisma neng kene,
para siswa sadarum,
samy suka jroning tyasneki
Nitilukita nulya,
ngulungken arta gung,
tanapi alon lingira,
pan punika paparingira kya patih,
pinaringken paduka.
7. Kula sampun ngaturi udani,
mring kya patih wawangsit paduka,
kya patih ngungun galihe,
semu duhkiteng kalbu,
tanna dangu paring udani,
mangkya rekyana patya,
sing karsa Sang prabu,
tan kalilan medal-medal,
sing capuri kapatihan dalemneki,
regol samya jinaga.
8. Mring pra wadyabala Sri bupati,
dene menggah pusareng nagara,
kang ngasta ruwed rentenge,
gusti jeng Sang prabu,
marma dahat puteking galih,
Sang nata sanget duka,
mring sang mantri ngayun,
dupi Kartimaya myarsa,
asru ngungun wardayanira tan sipi,
mring bendunireng nata,
9. Kacarita tan antara lami,
Kartimaya lawan para siswa,
wonten Gebangsari mangke,
yun karya wismanipun,

ning tan wonten pangenaneki,
wit sampun kebak wisma,
tanna selanipun
wiwit pepet pet-empetan,
akeh janma liyan desa kang samya ngalih,
Gebangsari dhukuhan.

10. Awit Nalasetya langkung wasis,
ngulah sawah nandur palawija,
pratikel wekel tatanen,
myang tindaknya rahayu,
sabarang rek kabeh utami,
marma kathah pra janma,
resep jroning kalbu,
miwah sru sih tresnanira,
maring Nalasetya lurah Gebangsari,
mangkana kawuwusa.
11. Kartimaya lawan para murid,
golong rembag arsa babad alas,
ing kidul kilen prenahe,
lan padhukuhan wau,
kathah janma samya umiring,
tumut ababad wana,
samana winuwus,
denya samya babad alas,
sampun antuk astha candra winatawis,
kendel denira babad.
12. Gya cinitha kinarya sasabin,
myang kinarya padhukuhanira,
Kartimaya lan siswane,
miwah janma kang tumut,
babad alas samya angalih,
mring dhukuhan punika,
mangkana winuwus,
padhukuhan sinung nama,

Gebanganom de kang mangka lurah neki,
Kartimaya pribadya.

13. Kawarnaa padhukuhaneke,
Gebanganom langkung tentremira,
datan wonten duskartine,
ingkang angarubiru,
tanem tuwuh tinandur dadi,
rapet biyet ngrembaka,
kathah medalipun,
wit saking pratikelira,
Kartimaya sregep denira mamardi,
mring para rowangira.
14. Lawan malih pra mudha kang sami,
puruita kawruh myang kagunan,
pakaryan miwah tatanen,
wewahing kathahipun,
marma kathah tampaning picis,
tantara lama-lama,
Kartimaya wau,
dadya tiyang sugih bandha,
datan kirang sandhang atanapi bukti,
seneng ing gesangira.
15. Kuneng gantya winursita malih,
Sri narendra ing Karangwidara,
wewah dahat sih tresnane,
mring ki Jalena nujum,
sasat kabeh pakaryeng nagri,
myang ruwed rentengira,
pasrah mringki nujum,
mangkana kyai Jalena,
yayah kadya warangka dalem narpati,
ngereh para bupatiya.
16. Marma dahat suka ing tyasneki,
ambadhedheg sagunung anakan,

wit kabeh ing sakarepe,
tinurut mring sang prabu,
mangka tindakira tan yukti,
maring para kawula,
adigang-adigung,
mung ngrembug badan priyangga,
saban ari ngupaya wewahing picis,
srana ngirup pra janma.

17. Para janma kang darbe prakawis,
lamun datan asung arta kathah,
nulya kinunjara bae,
nadyan tan manggya luput,
nging kalamun nulya sung picis,
nadyan janma punika,
ageng lepatipun.
tan ana kang pinudana,
sarta kathah punggawa jroning nagari,
linorot pangkatira.
18. Malah kathah ingkang den pocoti,
linerenan saking pangkatira,
sinantunan ing janmane,
pengung-pengung sadarum,
ingkang sugih brana myang picis,
mung mrih kathah bektinya,
mring piyambakipun,
dadya nujum ki Jalena,
datan lama wewah kasugyaneki,
tan wonten nyamenana.
19. Datan ngrembag tentreming nagari,
miwah dhateng kuncaraning praja,
marma rusak nagarane,
kathah begal myang pandung,
jarah rayah tan darbe wedi,
kalangkung resahira,

nir santosanipun,
kawarnaa para janma,
myang sudagar lyan praja tan ana wani,
malbeng jroning nagara.

20. Para janma sajroning nagari,
kathah ingkang pindhah liyan praja,
angupaya pangungsene,
mangkana sang aprabu,
dadya dahat sekeling galih,
tantara lama-lama,
wimbuh sekelipun,
nulya kataman ing roga,
sri narendra tandya utusan mring abdi,
nimbali ki Jalena.

21. Tanna dangu ki Jalena prapti,
sowan ngabyantara sri narendra,
Sang nata alon sabdane:
marmane heh ki nujum,
sun timbali ing ngarsa mami,
mangkya manira dahat,
sekel jroning kalbu,
wit ingsun kataman roga,
mara kaki upayakna mausadi,
tanapi japamantra.

22. Dene mungguh dadya srananeki,
sakarsanta pira wragadira,
jaluka juru gedhonge,
sira aywa pakewuh,
nadyan akeh sirnaning picis,
iku tan dadi ngapa,
mung sing pamintengsun,
roga manira punika,
paripurna pulih kadya wingi uni,
tuwin karsa manira.

23. Atugura neng jro dalem puri,
salamine sun anandhang roga,
mateka puja mantrane,
neges karseng Dewa gung,
amintaa ayuning dhiri,
ki nujum matur nembah,
pukulun sang prabu,
menggah roga padukendra,
ywa sumelang panggalih dalem narpati,
sakedhap nulya sirna
24. Wit pun kaki sayekti yen sugih,
jopa-japu puji puja mantra,
donga kalangkung kathahe,
sadaya ampuh-ampuh,
myang paningal kawula sidik,
wrin mubarang prakara,
kang sampun kapungkur,
miwah dereng kalampahan,
marmanipun paduka ywa walanggalih,
dhumateng abdi tuwan.
25. Kyai nujum Jalena tumuli,
aparentah mring wadya kang jaga,
kinen ngupaya sranane,
aneh-aneh sadarum,
atanapi awis kang regi,
mangkana ki Jalena,
rinten miwah dalu,
matek puji puja mantra,
wonten ngarsanira sang sri narapati,
sarwi ambesmi dupa.
26. Saji-saji saban dina ganti,
marma kathah wedaling branarta,
kinarya tumbas sranane,
miwah pangruktinipun,

kawarnaa roga Sang aji,
sampun antuk sawarsa,
saya wimbuh asru,
sarira pindha kunarpa,
wus tan bangkit wungu lenggah Sri bupati,
oreg jroning kadhatyan.

27. Garwa nata jeng Sang prameswari,
sakalangkung sekel ing wardaya,
lir rinujit panggalihe,
saban ari amuwun,
sanityasa waspa dres mijil,
neng ngarsa Sri narendra,
mangkana winuwus,
karsanira sri narendra,
animbali maring pra ajar ing ardi,
dhukun nujum prewangan.
28. Kathah ajar nujum ingkang prapti,
sowan ngabyantareng sri narendra,
amatek puja mantrane,
asung usadanipun,
gantya-gantya ing saban ari,
nanging datanpa daya,
puja mantranipun,
usada datan tumama,
malah wimbuh sru roga sang sri bupati,
sariranya marlupa.
29. Kadya arsa nulya tekeng janji,
Sri narendra ciptaning wardaya,
sampun sirna budayane,
wit pra ajar myang nujum,
tumbalira datanpa kardi,
tumrap gerah sang nata,
gantya kang winuwus
wimbuh sruresahing praja,

maling kecu durjana tiyang duskarti,
rina wengi ngrarayah.

30. Awit para punggaweng nagari,
datan ana bangkit ulah praja,
mung ngrembug karepe dhewe,
geblegira kalangkung,
temah ratu liyan nagari,
ingkang sami sumewa,
nungkul mring sang prabu,
wus samya sagolong rembag,
datan arsa angunjuken bulubekti,
malah nedya balela.
31. Dhateng Karangwidara narpati,
kawuwusa prabu Jarumaya,
wus miyarsa pawartane,
kalamun para ratu,
liyan praja sumedya wani,
wimbuh kekes tyasira,
ruwed jroning kalbu,
mangkana sri narapatya,
jroning driya enget dhateng kyana patih,
gya nimbali kapedhak.
32. Tanna dangu kapedhak wus prapti,
sowan mungging ngarsa sri narendra,
Sang nata alon sabdane,
heh kapendhak sireku,
ingsun utus nimbali patih,
barenga lakunira,
sowan ngarsaningsun,
kapedhak nembah gya mentar,
sing ngarsendra medal saking dalem puri,
sigra denya lumaksa
33. Sampun prapta kapatiyan panggih,
cundhuk lawan patih Dayayuda,

kapedhak dhawuhken age,
timbalanya Sang Prabu,
kyana patih dupi atampi,
timbangan sri narendra,
sru kagyating kalbu,
witanyiptaning wardaya,
anglengkara sang nata nimbali malih,
dhateng priyangganira.

34. Mene nata arsa animbali,
kinen sowan malbeng dalem pura,
patih sandika ature,
nging sru sandeyeng kalbu,
wit kanyana sri narapati,
wewah bebendunira,
mring piyambakipun,
kya patih nulya siyaga,
sawusira nulya sarengan lumaris,
tan kawarna ing marga.
35. Lampahira laju malbeng puri,
kyana patih lawan Yasaguna,
marek Sang nata ngarsane,
kya patih mungging ngayun,
sakalangkung denira ajrih,
dupi Sang nata mulat,
dhateng mantri ngayun,
dahat karaosing driya,
sri narendra sumedhot jroning panggali,
ngraos ing sisipira.
36. Nulya muwun sang sri narapati,
waspanira dres mijil sing netra,
kengetan mring dudukane,
dhateng kya patih asru,
ingkang datan nganggo ginalih,
mung nut ardaning driya,

anulya kasingkur,
temahan manggya sungkawa,
sri narendra puwara ngandika aris,
lir mas timbuling tirta.

XVIII. MASKUMAMBANG

1. Marmanira paman patih sun timbali,
aneng ngarsaningwang,
ywa dadi kagyating ati,
utawa pamikirira.
2. Ingsun dahat rumangsa sru manggya sisip,
paman marang sira,
de ing.sun tanpa pamikir,
agunga pangapuranta.
3. Aywa nganti paman darbe ika-iki,
marang jenengingwang,
di kaya ing sabaneki,
gonira ngabdi manira.
4. Kyana patih nembah aturira aris,
duh jeng sri narendra,
pupundhen kawula gusti,
ratu agung binathara.
5. Liyan praja tan wonten ingkang nimbangi,
pukulun sang nata,
tuhu asih mring pra dasih,
kawula kang kawlasarsa.
6. Angapura mring dasih kang manggya sisip,
miwah angganjar,
dhateng kawula geng alit,
dhuh pukulun sri narendra.
7. Abdi dalem kawula tan pisan runtik,
dhateng padukendra,

pukulun sri narapati,
malah kawula miminta.

8. Kang aksama dhateng pukulun jeng gusti,
abdi tuwan dahat,
sakalangkung sruning sisip,
dhumateng gusti sang nata.
9. Amung mangkya kawularsa sung udani,
yekti padukendra,
tan samar dhateng pun dasih,
miwah dhateng pra kawula.
10. Sinten janma jinunjung dadya papatih,
warangka narendra,
punika yekti tan gampil,
tanapi datan proyoga.
11. Sok tiyanga winisudha dadya patih,
lamun makatena,
tamtu risak kang nagari,
miwah tan tulus widada.
12. Mapan kedah amilih janma kang wegig,
wasis ulah praja,
tan kewran kehing prakawis,
ing kang tetep adilira.
13. Sabarang reh raharja ayu utami,
myang ambek susila,
tetep madhep maring gusti,
titi surti tyasnya tatag.
14. Myang sudira lebda reh mring kramaniti,
tanapi anjaga,
kasantosaning nagari,
tuwin kaluhuran nata.
15. Datan namung ngrembag mring badan pribadi,

mung mrih sugih brana,
miwah sakecaning dhiri,
makaten gusti sang nata.

16. De patikbra mangkya lamun manggya sisip,
amung anyanyadhang,
lumunturing sih jeng gusti,
mugi agung aksamendra.
17. Yen sambada ing karsa dalem narpati,
mangkya rehning amba,
pan sampun lungse ing wanci,
tan kiyat anambut karya,
18. Angladosi ing ngarsa dalem jeng gusti,
pakaryeng nagara,
sumangeng ngarsa narpati,
dalem sampun tan kuwawa.
19. Amba dahat kapengin martapeng wukir,
sumungku mring Dewa,
mendeng reh kamuksan jati,
dupi sang nata miyarsa.
20. Sru karanta rontang-ranting jroning galih,
prabu Jarumaya,
puwara ngandika aris:
heh paman aywa mangkana.
21. Paman patih ywa akeh-akeh pinikir,
kang uwis kalakyan,
ywa dadi rengating ati,
iya insun ingkang lepat.
22. Asru limut kalimput panggalih mami,
nanging mangkya paman,
saking karsa jeneng mami,
tulusa ngabdi manira.
23. Dene mungguh kabeh pakaryeng nagari,

sun pasrah mring sira,
kadya saban duking nguni,
kya patih nembah turira.

24. Yen makaten gusti jeng sri narapati,
sabda padukendra,
ulun mung dremi nglampahi,
timbangan dalem sadaya.
25. Pan kawula karya jijimat sayekti,
pinundhi mastaka,
nging paminta ulun mangkin,
sadaya pranata praja.
26. Ingkang sampun pinocot sing pangkatneki,
mugi kawisudha,
dhateng pangkatira malih,
wit sing panimbang kawula.
27. Samya cekap garap pakaryeng nagari,
tan wonten kuciwa,
sadangunira angabdi,
tan darbe manah durmala.
28. Sri narendra nulya angandika aris:
ya sakarepira,
gwanira nata nagari,
ingsun pasrah maring sira.
29. Nanging mengko seje kang sun rembug patih,
mungguh sliraning wang,
kataman roga panastis,
kadiparan karepira.
30. Kehing ajar nujum wus datanpa kardi,
tumbal japa mantra,
miwah kehing mausadi,
kabeh tan ana tumama.

31. Mene saking karsaningsun paman patih,
karya sayembara,
sapa janma ingkang bangkit,
maluyakake rogengwang.
32. Ya sanadyan janmeku trahing wong cilik,
pidakpadarakan,
sayekti ingsun paringi,
ganjaran branarta kathah.
33. Miwah ingsun ganjar siti sewu kikil,
kinarya pusaka,
sun angkat dadya bupati,
dene lamun datan bisa.
34. Ingsun tigas murdane nulya tinanjir,
madyaning bacira,
kinarya tontonan janmi,
mara paman undhangena.
35. Mring sakehing janma sajroning nagari,
myang jaba nagara,
ywa kaliwatan sawiji,
miwah sira anariya.
36. Saka ajar nujum kang neng ngarsa mami,
bokmanawa ana,
ingkang saguh anglakoni,
maring sayembaraning wang.
37. Kyana patih nembah mentar sing ngarsaji,
dhawuhken timbalan,
mring pangagenging prajurit,
kang tugur aneng paglaran,
38. Kang liningan sandika nulya miranti,
kanthi wadya tiga,
gya bidhal anitih wajik,
mider sajroning nagara.

39. Angundhangken sayembaranya narpati,
sarana tengara,
bendhe tinatap prajurit,
munya ing samarga-marga,
40. Cingak sagung janma kang samya ningali,
enggaling carita,
wus kemptu jroning nagari,
tuwin jawining nagara.
41. Kawarnaa rekyana patih wus bali,
malbeng dalem pura,
ngundhangkan sayembaraji,
mring para nujum myang ajar.
42. Inggang samya neng ngarsanireng narpati,
mangkana pra ajar,
myang nujum tan ana siji,
inggang saguh nglakonana.
43. Mung ki nujum Jalena inggang nyagahi,
dhasar ambek guna,
rumangsa tannanyameni,
sidiking paningalira.
44. Dhasar kanggep wonten ngarseng sri narpati,
kabeh aturira,
tinurut maring sang aji,
dadya kemajon tyasira.
45. Para ajar nujum gya lengser tumuli,
sing ngarsa narendra,
ki nujum Jalena kari,
wonten salebeting pura.
46. Ki Jalena tumandang matek kang puji,
japa puja mantra,
donga balasrewu tuwin,
amasang kang tumbal-tumbal.

47. Kawarnaa gerahnya Sri Narapati,
malah wimbuh daha,
mangkana wusnya saptari,
sang nata nolihipatya.
48. Tanna dangu nulya angandika ririh:
heh paman samangkya,
nujum cekelen tumuli,
patrapana kang pidana.
49. Sarta kulawarganya tundhungen aglis,
lunga saking praja,
mangkata sadina iki,
nulya paman lakonana.
50. Wit ki nujum dahat denya mejanani,
marang jenengingwang,
ngaku paningalnya sidik,
yekti iku ngamandaka.
51. Mangkoneku saka karepe pribadi,
kaliwat duraka,
wani goroh marang mami,
heh patih sira prentaha.
52. Mring saguning wadyabala mami,
sapunggawanira,
tumenggung tanapi mantri,
miwah pra wadya sadaya.
53. Nyudukana mring nujum den kongsi mati,
lamun wus palastra,
tanjiren sirahe nuli,
aneng madyaning bacira.
54. Kyana patih sandika nembah tumuli,
ngirid ki Jalena,
lengser sing ngarsa narpati,
sapraptanireng paseban.

55. Aparentah kadya timbalan narpati,
tandya ki Jalena,
binusanan sarwa putih,
binakteng ngringin pengkeran.
56. Gya kinepang sagunging para prajurit,
mantri myang bupati,
miranti atap ing ngarsi,
ingkang arsa tinelasan.
57. Ki Jalena telas manahira atis,
wus pinenthang-penthang,
pinantheng-pantheng nyathinting,
aneng blabag kenthang-kenthang.
58. Ing bacira penuh pra janma ningali,
kyapatih ngandika,
kyai Jalena sireki,
tampa patrapan nagara.
59. Wus kabener kaukum lampus sireki,
gya para punggawa,
sinasmitan gya nyuduki,
nujum ajur raganira.
60. Kyai nujum Jalena sampun ngemasi,
nulya jangganira,
kinethok sirah tinanjir,
wonten madyaning bacira.
61. Gembungira kinubur jawining nagri,
sagunging prajanma,
ingkang samya aningali,
temahan dadya tuladha.
62. Wartanira warata ing sanagari,
paukumanira,
janma kang tindak tan yukti,
manrang reh maring duskarta.

63. Kawarnaa punggawa ingkang tinuding,
nundhung warganira,
ki nujum kesah sing nagri,
kanthi wadyabala sapta.
64. Tanna dangu lampahira sampun prapti,
wismeng ki Jalena,
wus panggya lan ingkang rabi,
miwah pra atmajanira.
65. Andhawuhken timbalanira narpati,
dupi nyi Jalena,
tampi timbalan sang aji,
sru kagyat jroning wardaya.
66. Senggruk-senggruk nyai Jalena anangis,
langkung kawlasarsa,
puwara anuli angling,
kadiparan karsa nata.
67. Ngong tan dosa maring jeng Sri narapati,
mangkya kinen kesah,
tinundhung saking nagari,
apa ta lakeng ngong manggya.
68. Kaluputan gone ngabdi mring sang aji,
gya nyai Jalena,
nabda mring utusan aji,
paran karsa sri narendra.
69. Jengandika ingutus sri narapati,
nundhung dhateng kula,
kinen kesah sing nagari,
ambok den sareh kewala.
70. Kula arsa weling unjuk ngarsa aji,
duta gya anyentak,
de yen jengandika mangkin,
tan manut timbalan nata.

71. Kula rangket binesta astanta kalih,
lan pra atmajanta,
kula rodapeksa aglis,
binekteng ngarsa narendra.
72. Jengandika yektyantuk ukuman pati,
rinampog ing wadya,
dupi nyi Jalena myarsi,
kalangkung sru ajrihira.
73. Myang pra sutanira gumeter tyasneki,
nulya tata-tata,
sadaya isining panti,
tanapi raja branarta.
74. Kinukutan tan ana kari sawiji,
den emot ing grobag,
brana lawan artaneki,
winot ing grobag sadasa.
75. De busana miwah pandayeng jro panti,
dadya astha grobag,
nyata yen ki nujum sugih,
tan ana kang madhanana.
76. Nging pikantukira brana lawan picis,
samanten kathahnya,
denya manrang reh tan yukti,
tan pae janma duskarta.
77. Karya risak tata tentreming nagari,
santosaning praja,
wus pantes ingukum pati,
dhendhaning wong laku durta.
78. Nyi Jalena lawan pra atmajaneki,
annulya budhalan,
dhateng satirahing ardi,
Moriya wismanya lama.

79. Asramane ki Jalena duki nguni,
ingiring pra wadya,
duta sang sri narapati,
prapteng watesing nagara.
80. Kuneng ingkang antuk pidaneng narpati,
mangkana winarna,
kya patih malbeng jro puri,
datan wonten kanthinira.

XIX. KINANTHI

1. Patih rina wengi tugur,
wonten ngarsa sri bupati,
anujwa ari sajuga,
sang nata mandika aris,
dhumateng rekyana patya,
paran karepira patih.
2. Mungguhing roga paningsun,
sakathahing mausadi,
japa japu puja mantra,
tumbal-tumbal tanpa kardi,
ing samengko sira paman,
angupayaa pribadi.
3. Kang dadya usadanipun,
budidayaa pribadi,
kabeh apa sakarsanta,
ingsun pasrah mring sireki,
kyana patih matur nembah,
pukulun jeng sri bupati.
4. Lamun sambada ing kalbu,
pun Kartimaya prayogi,
tinimbangan sowan ngarsa,
manawi punika bangkit,

mulasara gerah nata,
myang ngupaya mausadi.

5. Wit saking pamawang ulun,
Kartimaya duking nguni,
kathah janma minta sraya,
pinurih angusadani,
mring janma kang nandhang roga,
nulya sirna kang sasadit.
6. Nyata Kartimaya wau,
kajawi wasis mring ngelmi,
kawignyan myang rekadaya,
ngelmu dhukun ugi bangkit,
tan sarana puja mantra,
tumbal-tumbal datan mawi.
7. Mung sing budidayanipun,
myang panggulawenthahneki,
yen dhahar atur kawula,
bokmanawi sri bupati,
tan lama nulya waluya
roga dalem jeng dewaji.
8. Sang Nata ngandika arum,
lamun mangkono prayogi,
sun manut karsanta paman,
nging samengko aneng ngendi,
unggwane si Kartimaya,
apata sira udani.
9. Kyana patih nembah matur,
amba mireng wartosneki,
samangke pun Kartimaya,
wonten dhukuh Gobangsari,
kidul kilen prenahira,
saking praja dalem ngriki.
10. Tri ari lampahipun,

sang nata ngandika aris,
yen wus tetela genira,
nulya utusana aglis,
kyana patih Dayayuda,
sandika nembah tumuli.

11. Lengser sing ngarsa sang prabu,
sapraptaning pancaniti,
kyana patih aparentah,
kadya timbalan narpati,
dhumateng ki Wirayuda,
pangarsanireng prajurit.
12. Kang liningan gupuh-gupuh,
siyaga dadamelneki,
tantara nulya budhal,
akanthi wadyabala tri,
pan ginelak lampahira,
tan kawarna wonten margi.
13. Watara tri ari sampun,
prapteng dhukuh Gebangsari,
jujug dhateng wismanira,
lulurah ing Gebangsari,
Balasetya langkung kagyat,
dhinatengan para prajurit.
14. Wirayuda tanya gupuh,
kisanak ywa salah tampi,
kula mung arsa tatanya,
Kartimaya wismaneki,
mangkya kularsa pinanggya,
wonten prelunipun kedhik.
15. Nalasetya gupuh-gupuh,
Wirayuda dipun irid,
mring Gebanganom dhukuhan,
tanna dangu sampun prapti,

wismanira Kartimaya,
sru kagyat Kartimaya wrin.

16. Praptane wadya sang prabu,
Wirayuda nabda aris,
dhawuhken timbalan nata,
jengandika den timbali,
sri nata Karangwidara,
sareng lampah kula mangkin.
17. Kartimaya nulya muwus,
kapundhi timbalan aji,
kula sakalangkung bingah,
nging mangkya kula tan bangkit,
nglampahi timbalan nata,
wus sakeca wonten ngriki.
18. Kula tan kepengin wangsul,
manggen salebeting nagri,
miwah kula mangkya datan,
kawengku dhateng narpati,
nata ing Karangwidara,
mene dadak animbali.
19. Mangkya jengandika wangsul,
umatur Sri Narapati,
sadaya sing atur kula,
dupi Wirayuda myarsi,
nulya amangsuli sabda :
kisanak ywa salah tampi.
20. Myang aywa sangdeyeng kalbu,
tinimbangan sri bupati,
karsanira sri narendra,
mapana mung amrih becik,
ing mangke sang mantri wrede,
pulihan kadya wingi uni.
21. Menggah pakaryeng kedhatun,

miwah pakaryeng nagari,
pinasrahaken sadaya,
warangka dalem kya patih,
marma jengandika mangkya,
aywa sumelang ing galih.

22. Mene ki Jalena lampus,
pinidana mring sang aji,
wit dening kumenthusira,
ngaken paningalnya sidik,
temah sareng sri narendra,
kataman roga bentertis,
23. Srana puja mantranipun,
tan wonten ingkang ngudhili,
kehing nujum miwah ajar,
sadaya datanpa kardi,
nata nulya sayembara,
sinten janma ingkang bangkit.
24. Maluyaken gerahipun,
ginanjar brana lan picis,
tanapi ginanjar sawah,
wiyaripun sewu kiki,
dene lamun datan bisa,
tinigas jangganya nuli.
25. Para ajar miwah nujum,
tan wonten ingkang nyagahi,
amung nujum ki Jalena,
rumangsa tan ana nyami,
kumenthus ambeg gumuna,
nanging maksa tanpa kardi.
26. Gya tinigas jangganipun,
sirahnya nulya tinanjir,
wonten madyaning bacira,
kinarya tingalan janmi,

sapraja Karangwidara,
mangkya tentrem kang nagari.

27. Kartimaya duk angrungu,
Wirayuda sabdaneki,
anulya datan lenggana,
siyaga budhal tumuli,
sasarengan lampahira,
ginelak denya lumaris.
28. Datan kawarna ing enu,
tri ari nulya wus prapti,
wonten madyaning paglaran,
Kartimaya kandheg margi,
Wirayuda maibeng pura,
sowan byantara sang aji.
29. Tur uninga mring sang prabu,
sasolahira tinuding,
sri narendra angandika,
mene Kartimaya aglis,
timbangana ngarsaningwang,
tumameng jro dalem puri.
30. Wirayuda nembah mundur,
sapraptaning pancaniti,
andhawuhken kang timbalan,
Kartimaya nulya manjing,
den irid ki Wirayuda,
sowan ngarsa sri bupati.
31. Sang nata ngandika arum,
heh Kartimaya ing mangkin,
aywa sandeyaning driya,
sun timbali ngarsa mami,
myang ywa dadi runtikira,
kang uwis aywa pinikir.
32. Iya manira kang luput,

marma sira sun timbali,
Kartimaya matur nembah,
pangandika dalem gusti,
kapundhi kalingga murda,
ulun mung dremi nglampahi.

33. Sadaya dhawuh pukulun,
amba tan lengganeng kapti,
tan amung amba miminta,
pangaksama gunging sisip,
sri narendra angandika,
kabeh kang uwis ya uwis.
34. Iku aywa sira rembug,
de mangkya sing karsa mami,
sun minta sraya mring sira,
mungguh roganingsun iki,
upayakna srananira,
mrih nulya waluya jati.
35. Kartimaya nembah matur,
kawula darmi nglampahi,
timbangan dalem sang nata,
bokmanawi amba bangkit,
ambudi ngruruh usada,
kinarya sarananeki.
36. Sang nata ngandika arum,
ya sakarsanta pribadi,
ingsun mung manut kewala,
nadyan pait miwah getir,
anggere sariraningwang,
pulihan kadya wingi uni.
37. Ya ta Kartimaya gupuh,
amatah mring para abdi,
kinen samya angupaya,
kang kinarya mausadi,

ron legundhi sandilata,
miwah adas pulasari.

38. Tan dangu samakteng ngayun,
sadaya nulya rinukti,
ginodhog dadya sajuga,,
wusira tandya den iling,
ingesok cangkir kancana,
kinarya loloh sang aji.
39. Sampeyanira sang prabu,
sonten atanapi enjing,
den rendhem pangaron rukma,
ingkang sampun isi warih,
manget-manget tirtanira,
winoran cokak sakedhik.
40. Sarem tuwin landha awu,
bubukan banon sajimpit,
babakan oyod kalenthang,
kabeh winor dadi siji,
wonten pangaron kencana,
mangkana usadaneki.
41. Kamar pasareyanipun,
saban sonten miwah enjing,
kinutugan ing walirang,
lawan ron tanjung binasmi,
murih bresihken swasana,
temah anyegerken dhiri.
42. Kathah rekadayanipun,
becik-becik migunani,
tumrap roga sri narendra,
sing ngelmu kawignyaneki,
temah roga sri bupatiya,
suda-suda sabanari.
43. Tri candra watawisipun,

waluya gerah narpati,
puluh kadya sabanira,
sang nata suka tan sini,
Kartimaya gya ginanjar,
brana antanapi picis.

44. Kalangkung ing kathahipun,
miwah sabin sewu kikir,
jinunjung dadya bupati,
myang kinen wisma nagari,
dhateng wismanira lama,
ing kang sampun den dandosi.
45. Pinandarasri kalangkung,
sadaya tan nguciwani,
myang prenahing wismanira,
aneng satirahing margi,
pantes wismaning bupati,
sangkep upa rengganeki.
46. Enggaling carita sampun,
Kartimaya amboyongi,
garwa miwah praatmaja,
wangsul mring jroning nagari,
praja ing Karangwidara,
kasmaran kang aningali.

XV. ASMARADANA

1. Kawarnaa para murid,
tanana kang atut wuntat,
kantun neng padhukuhane,
ing Gebanganom sadaya,
dene ing kang gumantya,
lurah padhukuhanipun,
prasiswa sagolong rembag.
2. Nitilukita pinilih,

yata gantya winursita,
Sang Nata langkung asihe,
mring kyapatih Dayayuda,
miwah mring Kartimaya,
kerep tumameng kadhatun,
tinimbangan Sri Narendra.

3. Ngandikan kehing prakawis,
ngelmu-ngelmu myang kawignyan,
ngrembag murih prayogane,
sabarang rehing nagara,
aywa nganti kuciwa,
tumrap kawula sadarum,
mrih ayem tentreming driya.
4. Mangkana ingkang winarni,
nagri ing Karangwidara,
sareng pakaryeng prajane,
ingasta mring mantriwreda,
kya patih Dayayuda,
myang sing budidayanipun,
ki tumenggung Kartimaya.
5. Pulih kadya wingi uni,
janma ingkang laku durta,
maling begai sirna kabeh,
dahat bekes mirisira,
katresan sru amaras,
Sirna larut budinipun,
temahan karta raharja.
6. Miwah punggaweng nagari,
ingkang bodho tanpa nalar,
tannadarbe kawignyane,
mung ngrembag badan priyangga,
mung mrih wewahing brana,
tan bangkit mring wajibipun,
samyak linungsur pangkatnya.

7. Ginantenan pra sujanmi,
kang putus maring kawignyan,
nalar-nalar sakabehe,
berbudhambek susilarja,
lebda karyeng nagara,
marma pulih tentremipun,
gemah ripah kang nagara.
8. Yata kawarnaa malih
para ratu liyan praja,
wus miyarsa pawartane,
lamun patih Dayayuda,
pan sampun tinimbalan,
kalilan malbeng kadhatun,
ngasta pakaryeng nagara.
9. Kadya saban ducing nguni,
temah nir tyasnya durmala,
tan nedya balela maneh
wangsul kadya sabanira,
dera nungkul sang nata,
Karangwidara Sang Prabu,
nahen gantya winursita.
10. Anujwa sajuga ari,
karsanira sri narendra,
tindak ngubengi purane.
wit sampun langkung sawarsa,
aneng jro dalem pura,
mangkana ingkang winuwus,
tindaknya sri narapatya.
11. Prapteng gedhong branarta di
sang nata nimbali sigra
mring abdi juru gedhonge,
tanna dangu prapteng ngarsa,
sang nata angandika,
wengakna ingkun arsa wruh,
isine gedhong punika.

12. Jru gedhong nembah nulya glis,
korining gedhong binuka,
tri gedhong wus suweng kabeh,
tan ana kari sajuga,
de gedhong juganira,
mung kantun sapalihipun,
rajabrana miwah arta.
13. Dupi sang nata udani,
sru kagyat pangalihira,
nulya sru pangandikane;
heh jru gedhong kadiparan,
sirnaning rajabrana,
ngantya kehira kalangkung,
tri gedhong telas sadaya
14. Mung kari gedhong sapalih,
kang isi rajabranarta,
iku dahat duparane,
heh jurugedhong matura,
mungguhing sirnaira,
jru gedhong nembah umatur:
dhuh pukulun sri narendra.
15. Tan wonten sajuga janmi,
ingkang purun ngambilana,
mring brana miwah picise,
kagungan sri naranata,
miwah amba pribadya,
dahat asru ajrih ulun,
nadyan mung gepok kewala.
16. Yen tan dhinawuhan gusti,
kajawi abdi paduka,
kyai Jalena jenate,
kang ngambili brana arta,
kagungan naranata,
ing sakajeng-kajengipun,

amba tan purun menggaka.

17. Wit kyai Jalena nguni,
pinitayeng jeng paduka,
marmamba amung andherek,
sakarsanya ki Jalena
saking panyipta amba,
sadaya karsaning nujum,
tamtu yen terang karsendra.
18. Jru gedhong ngunjukken aglis
serat pepengetanira,
lebet medaling picise
miwah kehing rajabrana,
dupi sang nata misa,
kathah wedaling branagung,
ingambil mring ki Jalena.
19. Sru ngungun jroning panggali,
myang dahat piduwungira
dara ngabdekken nujume
kaliwat ambek durmala,
manrang reh laku durta
kumenthusira kalangkung
ngaku wruh barang pratingkah.
20. Amung leganing panggali,
dene nujum ki Jalena,
wus tinrapan ing ukume,
angantya tekeng pralaya,
sang nata gya utusan
animbali mantri ngayun,
miwah dhateng Kartimaya.
21. Tan dangu wus prapteng ngarsi,
patih lawan Kartimaya
sang nata alon sabdane :
heh patih lan Kartimaya,

marmane sira padha,
sun timbali ngarsaningsun,
paran rembugira samya.

22. De branartaningsun mangkin,
akeh banget sirnanira,
tri gedhong tan ana kabeh,
ingambil mring ki Jalena,
paran rekane baya,
angupaya pulihipun,
wit brana langkung kathahnya.
23. Kajaba mangkono patih,
ki nujum iku kaliwat,
dahat duskarta ambeke,
sasuwene aneng praja
nyekel karyeng nagara,
karya risak prajaningsun,
myang sun wus mireng pawarta.
24. Lamun ratu liyan nagri,
kang nungkul mring ngarsaningwang,
sumedya balela kabeh,
mangkya paran budinira,
kya patih Dayayuda
anulya nembah umatur:
dhuh Gusti sri narapati.
25. Abdi dalem kumawani,
matur ing ngarsa paduka,
kalamun wonten sisipe,
tan liyan mung nyuwun aksama
ing ngarsa dalem nata,
sang nata malih nabdarum,
iya paman umatura.
26. Kyana patih angenjali,
gya matur ngarsa sang nata,
makaten gusti yektine,

- pan kasugiyen punika,
kasor dening kawignyan,
rekadaya miwah ngelmu,
myang karya ingkang prayoga.
27. Mapan tetela jeng gusti,
ingkang sampun kalampahan
ki Jalena pakartine,
dahat marang reh duskarta,
sadaya wicaranya,
kumenthus digang adigung,
yaktinya angamandaka.
28. Ngaken paningalnya sidik,
wikan sabarang pratingkah,
ingkang sampun miwah dereng,
sarta sugih donga-donga,
tyang ingkang arsa mulya,
kabegyan sasaminipun,
atanapi palarisan.
29. Rajah jijimatan tuwin,
kadigdayan kanuragan,
sadaya darbe ngelmune,
jopa japu puja mantra
ngusadani tyang roga,
tuju tuwin ngelmu tenung,
nanging punika sadaya.
30. Ngelmu panggorohan yekti,
langkung dahat andupara,
mung karya ngirup janmane,
kang pengung tan darbe nalar,
myang tan darbe kawignyan,
temah kathah samya kelut,
pruita mring pyambakira.
31. Myang madhukun nedha sugih,
rajabrana miwah arta,

myang dhawahing kabegyane,
marma ki nujum Jalena,
kathah tampining arta,
tanapi rajabrana gung.
mung punika pamrihira.

32. Beda lan janma kang wegig,
putus saliring kawignyan,
nalar myang rekadayane,
kawruh kang langkung prayoga,
tamtu datan mangkana,
sayekti amung gumuyu,
yen wikan janma kadyeka.
33. Wit tan pinanggih ing budi,
nyebal saking nalar-nalar
tuwin sing rekadayane,
de menggah katranganira,
dwi prakawis punika,
nguni amba sampun munjuk,
ing ngarsa paduka nata.
34. Tanapi kang dadya saksi,
mapan sampun kalampahan,
sadaya rekadayane,
abdidalem Kartimaya,
ingkang angunjukana,
dhumateng gusti sang prabu,
kajawi saksi punika.
35. Wonten saksenipun malih,
praja dalem sri narendra,
ing nguni prapteng samangke,
duk pakaryaning nagara,
cinepeng ki Jalena,
kadiparan wontenipun,
pukulun mirsa pribadya.

36. Sang nata ngandika aris:
iya paman tyas manira
mapan wus tumanggap kabeh,
sun condhong lan aturira,
miwah si Kartimaya,
tumanjem mring tyasmaningsun,
tuhu kalamun mangkana.
37. Kasugiyen branarta-di,
kasor dening nalar-nalar
kawignyan rekadayane,
ingkang becik lan prayoga,
dene samengko paman,
kadiparan pirembugmu,
mungguh pra ratu liyan praja.
38. Kang nungkul mring jeneng mami,
samangkya arsa andaga,
wani mring manira kabeh,
kyana patih matur nembah:
pukulun sri narendra,
amba mireng wartosipun,
sasirnaning ki Jalena.
39. Pra ratu ing liyan nagri,
mendha derarsa andaga
sirneng tyas mring durmalane,
dupi sang nata miyarsa,
ature mantri wreda,
panggalihira sang prabu,
suka amarwata suta.
40. Sri Narendra dhawuh aglis,
jru gedhong kinen nguncia,
sadaya kori gedhonge,
sang nata gya malbeng pura,
kya patih Dayayuda,
lan Kartimaya tutpungkur,

dherek malbeng dalam pura.

41. Sang nata lenggah ing kursi,
kya patih sowan ing ngarsa,
Kartimaya neng kiwane,
Sang nata dahat sihira,
dhateng rekyana patya,
miwah Kartimaya wau,
mangkana sri narapatya.
42. Kathah-kathah sabdaneki,
mring patih lan Kartimaya,
mrih tata tentrem prajane
ngantya dangu sri narendra,
denya samya ngandikan,
tantara sang mantri ngayun,
myang Kartimaya kalilan.
43. Lengser sing ngarsa sang aji,
kya patih lan Kartimaya,
sarengan nembah gya lengser,
medal saking dalem pura,
mantuk asowang-wowang,
kawarnaa sang aprabu,
enget tyas mring kapandhitan.
44. Gung asih mring para dasih,
kertarta aparikrama,
tanapi gung dadanane
pulihan kadya duking kuna,
marma para kawula,
temahan samya asuyut,
jrih asih mring sri narendra.
45. Pra ratu liya nagari,
denya ngaturken branarta,
kinarya bulubektine,
wimbuh langkung kathahira,

dadya sri Jarumaya,
pulihan kasugianipun,
emas picis rajabrana.

46. Sang nata dhadhawuh nuli,
kinen yasa pawiyatan,
kinarya mulang pra rare,
Kartimaya dhinawuhan,
matah-matah pra janma,
kang sampun wasis ing kawruh,
kawignyan sarta kagunan.
47. Ngelmu-ngelmu kang prayogi,
mangkana enggaling kata,
nulya wus samakta kabeh,
sadaya pra rare mudha,
pinardi mring kawignyan,
tan antara dangu-dangu,
pra mudha Karawidara.
48. Kathah ingkang sampun wegig,
putus saliring kawignyan,
kagunan myang pakaryane,
marmanira lama-lama,
nagri Karangwidara,
kabeh sawewengkonipun,
wimbuh karta myang raharja.
49. Dadya pangungsening janmi,
ngerda pra nangkoda prapta,
saking ing liyan prajane,
aringing tyas temah samya,
mardi papan awisma,
turut tirahing marga gung,
kemput prapteng jawi kitha.
50. Datan ana selaneki,
pepet ingkang nambut karya,

mala-maling sirna kabeh,
prabawaning pangadilan,
kantab kotamanira,
sri Karangwidara prabu,
kertartambek susilarja.

51. De mungguh titikaneki,
para punggaweng narendra,
racak samya berbudine,
tatas putus ing weweka,
tetes saliring sabda,
setya tuhu mring sang prabu,
yeku tandhaning kertarja.
52. Titi panitrining tulis,
amarengi ari Sukra,
Manis Ramelan wulane,
tanggal kaping kalih welas,
Alip etanging warsa,
Jawine sewu wolung atus,
kawandasa langkung tiga.

---oo0oo---



bp
PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA



Perp
Jen